ISSN 0235 - 0130

16+

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



Муса МухIамадов - 90 сон

2 / 2016
март - апрель

# Редакциялъул архивалдаса



*ЦӀебесеб кьерда:* Р. ХӀамзатов ва М. Шамхалов.
Нахъисеб кьерда *(квегӀиса кварииде)* ХӀ. ХӀажиев, ГӀ. Даганов,
М. Гъайирбекова ва ХӀ. Гъазимирзаев




*КвегӀиса кваранидe:* Ш. Алишева, М. ПатахӀов, С. ХӀамзатова, М. АхӀмадов

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературияблгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Дагъистан Республикаялъул хIукумат

**Учредитель:** Правительство Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**2**

**2016**

**март - апрель**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Редакциялъулаб коллегия:**

МухIамад АхIмадов,

МухIамад ГIабдулхIалимов,

МухIамад МухIамадов,

ТубхIат Зургьалова - *жавабияй секретарь*

Залму Батирова,

МухIамад ХIамзаев,

МахIмуд-Апанди МухIамадов,

ГIайшат Малачиева,

ГIайшат ГIалиева,

ХIамзат ГIизудинов.

## НОМЕРАЛДА РУГО:


### МУСА МУХIАМАДОВ ГЬАВУРАЛДАСА – 90 СОН

**М.ПатахIов**. Гьунарги гIаданлъиги гIунги тIокIаб букIана ........3
**М.АхIмадов**. Муса МухIамадов ракIалде щвана........7
**М.Хириясулаев**. КIудияв инсан........9
**М.МухIамадов**. Лъукъараб ракI *(къиса)*........11

### БАРКИ

**М.АхIмадова**. *КучIдул*........29

### КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ

**М.МухIамадов**. Жиндирго хатI бугей хасаб нух бугей........39

### КУЧIДУЛ

**ХI.Сайдулаев**. ГIагараб Дагъистан........45

### ХАРБАЛ

**П.ГIабдурахIманова**. ХIалтIи балагьулаго........49
**ГI.Хочбаров.** Эбелалъул хур *(хабар)*........56

### ИСКУССТВО

**А.ХIасанов.** Палугьанлъиялъул балъголъаби........67

### ШИГIРУ

**М.ГIисаева**. Дида гьасул хIакъалъулъ гIемер бицен рагIана........74

### ПЬЕСА

**ГI. Аварский**. Къебелъухъ........76

### ТIОЦЕБЕСЕБ ДАНДЧIВАЙ

**Н.ГIабдурашидова**. *КучIдул*........81

### БИЦЕНАЗДАСА

Рагъ къотIизабураб гIакъиллъи........83

### ЦIАЛДОЛЕЗУЛ АСАРАЛ

**ГI.МухIамадгIалиев.** *КучIдул*........84
**Р.Расулова**. Васасул эбел *(хабар)*........85

### МАРГЬАБИ

**ГI.ГIабдулаев**. Жана-ПатIимат........87

### ЛЪУГЬА - БАХЪИНАЛ

**ГI. Расулов.** Мунго веццизе бокьани........90

### ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБ ЦОЯБГИ

ЖужахIалъул цIадаса чи........96



Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Журнал зарегистрирован Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций. Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0013 от 20 мая 2009 г.

**Типография: Издательский дом “Дагестан”**

**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 61

**ДРУЖБА №2 2016 г.**
март - апрель
*На аварском языке*

Выход в свет 12.04. 2016 г. Тираж 719 экз.
Заказ № 0402 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*

***Адрес редакции и издателя:*** *367025, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова 55.*

## ГЪУНАРГИ ГIАДАНЛЪИГИ ГIУНГИ ТIОКIАБ БУКIАНА

РакIалда буго, дол рукIана дун жеги росдал школалда цIалулел, Муса МухIамадовасул «ЧIегIераб гамачI» абураб тIехь бахъарал, араб къарнуялъул лъабкъоялда анцIабилел сонал. Лъаларо нижер библиотекаялде гьеб тIехьалъул чан экземпляр бачIун букIарабали, амма цебе чIун буго «ЧIегIераб гамачI» гIадамаз цоцахъа бахъун цIалулеб букIараблъиги, чIахIиязухъа, нижехъе гIисиназухъе бигьаго гьеб щвезе рес букIинчIеблъиги. Мазгаруласулги Ханикалги хIикматаб къисматалъ гIажаиблъизарурал гIадамаз, абухъего, гьабихъги корохъги бицунаан гьеб тIехьалъулги къисаялда жанир кколел лъугьа-бахъиназулги.

Гьанжесеб гIелалъул гIолохъанчияс, яги гIолохъанчIужуялъ гьал мухъал цIалани абила, цоги бицинеги гьабизеги жо тIагIун букIун батилин доб мехалда цо кинабалиго тIехь гурониян, (гьанжесеб гIелалъе кигIан магIна-гIин бугебги художественнияб тIехь, цо кинабалиго тIехь кколелъулха) цIакъго чIахIалъулев гьечIищ гьав чиян. ГьечIо! Гьеле гьединаб къимат букIана доб заманалда тIехьалъул. МагIарул мацIалда бахъараб кигIан гьитIинабги цIияб тIехь, лъугьа-бахъинлъун букIунаан нилъер халкъалъе. ЛъикIаб босизеги квешаб тезеги, литературиял асаразул героязул мисалалда куцалаан нижерги цереселги гIелал. Хасго бихьулеб бакI кколаан Муса МухIамадовасул асаразги гьесул героязги. Ункъоабилел сонազул авалалда, дун библиотекаялда хIалтIулеб мехалда, гьенире рачIарал гIемерисез бищун цебе кьолеб суалги букIунаан Муса МухIамадовасул цIияб тIехь гьечIищилан. Мекъи букIинаро, араб къарнуялъул лъабкъоабилел, лъабкъоялда анцIабилел соназда ва ун-



**М. МухIамадов лъабабилеб кьерда тIоцевесев**

къоабилел соназул авалалда магIарул хъвадарухъабазда гьоркьов бищунго цIалулев хъвадарухъан Муса МухIамадов вукIанилан абуни.

ЦIалдолев хIисабалда, хъвадарухъан Муса МухIамадовасулгун киназулго гIадин дирги лъай-хъвай ккана школалдаго. «КIудадал гIанса», «Икъбал», «Манарша» ва цогидалги гьесул харбазулгун къисабазул героязда релълъине хIасрат букIунаан анищал гIемерал дол лъимерлъиялъул соназда дирги дир гIелцоязулги.

Муса МухIамадов гьавуна Шамил районалъул Гьандихъ росулъ I926 соналда. Гьениб байбихьул школаги лъугIизабун, хадубккун цIализе Муса райцентралде КъахIиве ана (гьениб букIана доб мехалда районалъул центр). Гьеб заманалда байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. I5 сон барав гIолиласул райгазеталда бахъараб «Пионерасул гьа» абураб кечI букIанилан абизе бегьула вукIинесев кIудияв хъвадарухъанасул хадусеб къисматалъул кьочIокь лъураб тIоцебесеб гамачIлъун.

Гьеб кечIалдасанги хадубккун хъвараб-таралдасанги Мусал махщелги бихьун, харабаздеги руччабаздеги, рагъде ине гIечIел гIисинал гIолохъабаздеги тIолабго магIишат бегараб, бажарарас бажарараб гьабизе кколеб заманги букIун, школа лъугIарабго Муса МухIамадов тIамуна районалъул газеталъул редакторлъун. Гьедин, гьитIинго байбихьараб хIалтIи тIадаб борчлъун лъугьана гьесие.

Хадуб М.МухIамадовас лъугIизабуна МахIачхъалаялъул партшкола, Саратовалъул партшколалъул журналистазул отделение. Цадахъго гьев хIалтIулев вукIана жиндирго творчествоялда тIадги. ГIемерисел прозаиказго гIадин гьесги жиндирго махщалил нух кучIдуздасан байбихьана.

I954 соналда МахIачхъалаялда магIарул мацIалдаги Москваялда гIурус мацIалдаги къватIире риччана Мусал «МугIрузул иццал» абураб тIоцересел кучIдузул тIахьал. Гьел тIахьалги къвалакь ккун ана М.МухIамадов Москваялъул М.Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институталде цIализе. Гьенив Муса вукIана гIурусазул машгьурав поэт Михаил Луконинил семиналда. Луконинница гьесие гIакълу кьуна мун прозаялде вуссани лъикIаб букIинилан, дур кIудияв прозаик вахъине рес букIин бихьулеб бугилан. Луконинница гьелъие гIиллалъунги рехсана дур кучIдул сюжетияллъун ругилан. Мусаца хIалбихьи бугев хъвадарухъанасул гIакълу босана. Гьев витIаравги ватана. Институталда цIалулеб мехалдаго М.МухIамадовас къватIибе биччана прозаялъул кIиго тIехь: «Ханжар» абураб Дагъгизалдаги, лъималазе хъварал харбазул «Чагъана» абураб Дагъучпедгизалдаги.

Гьелдаса хадуб магIарулги гIурусги ва цогидалги мацIаздаги харбазулги, къисабазулги, романазулги лъабкъоялда анцIгониги тIехь бахъана Муса МухIамадовас. РакIалде щвезарилин гьезул цо-цоязул цIарал: «Къисас», «Кьалбаз ккола гъветI», «Лъукъарал кьураби», «Манарша», «МагIарул къисаби», «КIудадал гIанса», «ЧIегIераб гамачI», «ГъутIби тIегьалеб гIужалъ», «Бакъдасел», «Борч», «ХIанчIазги рехун тола бусаби», «Зоб цIадае гъугъала» ва гь.ц. Гьезул щибалъ авторасе бачIана жинда рекъараб машгьурлъи, цIалдолезул адаб-хIурмат, рокьи.

Муса МухIамадовасе, хъвадарухъан хIисабалда, тIоцебесеб унго-унголъунги халкъияб машгьурлъи босун бачIана кIикъоялда анцIабилел соназул ахиралда, лъабкъоабилел соназул авалалда къватIибе биччараб «Къисас», «Кьалбаз ккола гъветI», «Лъукъарал кьураби» трилогиялъ. Жибго художественнияб асар хIисабалда хъвараб бугониги, гьеб лъабабго тIехьалъ жанибе бачунеб буго инкъилаб ккезегIан цебе букIаралдаса, КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун лъикIалан сонал араб заманалде щвезегIан магIаруллъиялъул тарих. Авторас гьенир бицен гьабулел киналниги лъугьа-бахъинал бокьараб магIарул

росдае хасиятал рукIана. Жибго ахIвал-хIалги сипат-суратги нилъго жанир гIахьаллъулеб гIадин цебечIезаби гуребги, чIахIиялги гIисиналги, магIна берциналги, гIамал хъубалги цIакъ батIи-батIиял къисматазул гIемерал гIадамазул образал рагъун руго Мусаца гьенир. Цогиябщиналъул бицинчIониги, рагIи-каламалъулцин цогиязда релълъинчIеб хаслъи буго щивасул. ГIумруялда гъорлъ журазарун, руца-ругьун, чIагоял, нилъеда гьумер-цIар лъалел гIадамал гIадин церечIезарулел руго хъвадарухъанас гьел. Къосине, рилизе течIого лъабабго тIехьалда жанир гьевщинав чиясул гIамал-тIабигIат, гьабулеб-толеб рагьи, гьеб киналдаго цIалдолел божизаризе кIвей кIудияб гьунар букIана кIикъойилъе жеги сонал рахинчIев Мусал.

Гьаб гьитIинабго ракIалдещвеялда Муса МухIамадовасул творчествоялъул гIемер бицинеги бажариларо. Гьеб масъала дица цебелъунги букIинчIо. Амма хасаб, квер цIалтунеб тIехь гьелъул хIакъалъулъ хъвазе цебего заман щун бугоан. АбичIого гIоларо, МусагIан жиндир халкъалъул, гIадатиял гIадамазул гIамал-хасият, жанисеб хIал, психология бичIчIулев хъвадарухъан къанагIатги вукIунев ватиларо. Гьеб бихьула гьесул кинаб асар босун балагьаниги. Гьеб гуребги, Мусал харбазул, къисабазул, романазул буго цIакъ берцинаб, бечедаб, гьелдаго цадахъ цIакъго гIадатияб, цIалдолезда кодо-кодобе кьолеб магIарул мацI. Гьелъ хIайран гьарула, хIасрат бижула гьесул асарал цIализе.

Муса МухIамадов вукIана унго-унголъунги халкъияв хъвадарухъан. Хадусеб тIаде бачIинелде гIемер цIалун, кведхинабун, кIванча гIадин лъугьунаан библиотекабазда гьесул цебесеб тIехь. Гьанже Мусал тIахьал библиотекабазда хутIунцин гьечIин абизе бегьула. Цебего заман щун бугоан чанго томалде жанире рачун гьесул асарал цIидасан рахъизе. Цогиялъул бицинчIониги, гьанже къо бахъанагIан магIарул мацI мискинлъулеб, загIиплъулеб заманалда, тIаде гIолеб гIелалда нилъер мацIалъул хIакъикъияб берцинлъи, бечелъи бихьизеги бичIчIизеги квербакъилаан гьелъ.

Муса вуго магIарулазул тарихалда тIоцевесев ва жиндаса хадуб гьединаб цIаралъе нилъер цогияв мустахIикълъичIеб Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан. Кьун рукIана гьесие республикаялъул премияги, «ХIурматалъул гIаламат» орденги, цогидал шапакъаталги.

Инсан, гIадан хIисабалдаги Муса вукIана гIажаибго гIамал берцинав, гIаданлъи бечедав, иманалъул нуралъ ракI гвангъизабурав чи. Гьесул хвелцин (март I997 сон) ккана бокьарав чи урхъилеб гIадаб: рогьалил какил гIужалъ какикьжоялда Аллагьасул къадаралде щвана гьев.

ГьабсагIатги ракIалда буго гьесулгун лъай-хъвай ккараб къо. I98I соналъул март моцI букIана гьеб. МахIачхъалаялда ахикь тира-сверулел рукIана магIарулазул гьунар бугев шагIир, дагъаб цебегIан къадаралде щварав, мунагьал чурияв ЖабрагIил ХIасановги дунги. Нижеда дандчIвана хабаркIалалда вачIунев кIиго чи. Гьезул цоявги ЖабрагIилги гьикъа-бакъарана. Гара-чIварулаго ЖабрагIилица Муса абун чанго нухалъ такрар гьабидал, хасалил ратIлилъ вугев гьев, школалъул хрестоматиялдасан гьитIинго дида лъалев Муса МухIамадов вугодаян щаклъи бачIин гурони, тIубан ракIчIезабизе кIолеб букIинчIо.

Дун киса-щивали ЖабрагIилица абидал, «лъала, лъала ГIабасиласги АхIмадовасги бицана асул хIакъалъулъ, «БагIараб байрахъалда» кIиго кечIги цIалун букIана. Лъай-хъвай щула гьабизе къалъудаса хадуб дихье рачIа». Гьединги абун Муса ана. Доб мехалда гьев вукIана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул аваразул секциялъул нухмалъулевлъун. Гьелде щвезегIан гIемерал соназ «Гьудуллъи» журналалъул редакторлъунги вукIана Муса.

КIудиясдаги гьитIинасдаги гIамал рекъезабулев, гIадатияб, хIеренаб хасияталъул Мусадехун тIоцебесеб къоялъго божилъи, гьуинлъи бижана дир.



**Мусаги Фазуги**

Байбихьулел авторазул хъвара-таралъулъ ругел гIунгутIаби, квеш букIинаре-духъ, ракIбуссинаредухъ, барахщадго рихьизарулаан гьес. Малъа-хъваялги гьарулаан ракIбащалъиялъул къагIидаялъ, гIелцояс гьудуласе кинигин бер-цинго, гIодове виччан. КIочонаро, гьадабго соналъ риидал республикаялъул гIолохъанал хъвадарухъабазул данделъиялде ахIун гьес кагъат бачIиндал, ма-гIарулаз абухъе, кьоло-гъолораб чу кьурабгIанги дунго вохун вукIараб куцги. Гьелдаса, Муса къадаралде щвезегIан, араб анцIила щуго-анлъго соналда Муса МухIамадов дие вукIана адабияталъул нухда дие квербакъарал мугIалимзабаз-даса цоявги, нижеда гьоркьор рукIарал соназул манзилалъухъ балагьичIого, лъикIаб-квешаб дандбалев, гIакълу гьикъулев гьудул-гьалмагълъунги. ГIемер дандчIвалаан хIалтIудаги, гьесул рокъорги, цоги-цоги бакIаздаги. Кидаго цо батIияб ракIбитIи, берцинлъи букIунаан Мусада аскIоб.

Гьесул кумек щвана дие Литературияб институтги лъугIизабун вачIиндал, хIалтIизе лъугьунагоги. Дида лъалаан Мусаги доб заманалда «БагIараб бай-рахъ» газеталъул редакторлъун вукIарав, жиндир хIал Алжан бакьулъ батаяв, ГIарипов ХIажиги лъикIал гьудулзаби рукIин. СанагIалъи ккани, редакциялде ине бокьун бугоанилан дица бициндал, «мун жакъаго гIарза босун а, дун ХIа-жида кIалъала. Гьеб дур бакI буго», - ян хабар халат гьабичIого, чIванкъотIун абуна Мусаца. МагIарул мацIцин лъаларелги иш-пиша гьечIого тира-сверулел ругел гIадамазул харж босизе ведомосталда цIарал хъвалеб бакI букIинчIо доб мехалда республикаялъулаб магIарул газета. ТIокIаб жо гьечIониги, хъвай-хъвагIаялъе дагьа-макъабниги Аллагьас кьураб гьунар-махщел шартI букIана гьенире росизе ккани. ТIадежоялъеги, Муса гIадав нилъер жаваб кьолев чиги вугони, эб кодобе щолеб жойищха букIараб. Цо дие гуребги, рес рекъараб кумек жинда аскIове вачIарав бокьарав чиясе гьабулаан гьес.

Сахав инсан, кIудияв хъвадарухъан Муса МухIамадов гьавуралдаса исана риидал 90 сон тIубала. РакIчIун абизе кIвела, магIарул мацIги, магIарул цIарги, магIарул миллатги бугогIан мехалъ, гьесул къадруяб цIарги, гьесул махщел-гьунаралъ бакараб канаб цIваги, гIелаз гIелазухъе кьолаго, цебехун босила.

***МухIамад ПАТАХIОВ***

**МухIамад АХIМАДОВ**

## МУСА МУХIАМАДОВ РАКIАЛДЕ ЩВАНА

Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Муса МухIамадовас бицараб гьадинаб лъугьа-бахъин ракIалде щвезабулеб буго ХIажи ГIариповас – Мусал гьудулас:

- Гьанжего гьанже кучIдул хъвазе лъугьарав Муса ун вуго ЦIадаса ХIамзатихъе жиндирго асарал цIализе, халкъияв шагIирасул пикруялъухъ гIенеккизе. РекIехъе «Милъирщо» абураб кечIги цIалун, Муса гIенеккун чIун вуго. КучIдул хъвазе махщелги гъираги гьесул букIин бичIчIарав ХIамзатица, Мусал ракIхвезабизе бокьичIого, кечI загIипаб бугониги, «Бегьулареб гьечIин ккола», - ян абула. ХIамзатил калам лъугIизегIанцин чIечIого, Мусаца, вохиялъ, кьвагьун биччан тола: «Гьединал кучIдул дир гIемер руго», - ян. Гьеб лахIзаталъ Мусада бичIчIула жиндирго гьалатI ва, черхалда гIетI барав чи гIадин, рахIатхун лъугьуна.

- ГIемерал кучIдул хъваялъулъ гуро багьадурлъи загьирлъулеб, - ян, щибго лъугьинчIеб гIадин, гIодове виччан, хIеренго кIалъала ХIамзат.

- Хьитазул устарасе къимат кьола чакмаял гIемерал гьариялъе гIоло гуреб, гьезул щулалъиялъухъ ва берцинлъиялъухъ балагьун. ШагIирги рагIабазул устар ккола, гьев гIедегIизе бегьуларо. ЛъикIав поэтас тIоцере рачIарал пикрабазул ва цереккарал рагIабазул кьучIалда гуро кечI хъвалеб. Гьес рагIабазул гъонолъа, наккдалъа мугь гIадин, хъирщун ралагьула бищун лъикIал рагIаби, ургъула гьезул магIнаялда тIад. Хадуб рекIел, каранзул хIухьелалъ хинлъизеги гьарун, гIакълуялъул чIораз гвангъизе гьарун, сокIкIуна рагIаби каламалъулъ. Гьедин лъугьуна кечI, асар. Гьелъулги, ролъул мугьалъул гIадин, букIуна жиндирго хаслъи ва заман. ТIоцебе тIирщула, хIуби лъугьуна, барщула, лъилъизе щола. Мусал букIинеселда, гьунаралда божарав гIакъил ЦIадаса ХIамзатица



*КвегIиса кваранидe:* **М. ГIабдулхIалимов, М. МухIамадов ва М. ГIисаев**

гьабуна гьесие цоги малъа-хъвай: Биччанте дурго кучIдуз гьавизе мун шагIирлъун, дуцаго мунго гьезулъ рехсечIого, шагIирлъун хIачIого.

Муса МухIамадов ЦIадаса ХIамзатил рагIабазе ритIухъавлъун хутIана ва Дагъистаналъул кIудияв хъвадарухъанлъун лъугьана:

**Муса МухIамадов ракIалде щвана,**
**РакI лъикIав чи цеве вачIана…**
**Дица, цIалдохъанас, мугIрул росулъан**
**Мусахъе битIана тIоцебесеб кечI.**
**Гьесул асаразул бацIцIадаб мацIалъ**
**МоцI кунчIизабуна кочIол мухъазулъ.**

**Мусал къисабазде тIаде къулидал,**
**КъулгIадухъ вугилан кколаан дида:**
**ГIащикъго гьекъана чвахулеб калам,**
**Камил гьабуна гьелъ гьитIинго къалам.**

**Лъарал рагIалдаса ралъдахъе щведал,**
**Щвана дун Мусахъе, кучIдулги росун.**
**КунчIараб гьимиялъ гьумерги гвангъун,**
**Гьес «Гьудуллъиялда» рахъана мухъал.**

**Гьес дихъе бачIана росулъе кагъат –**
**ГьитIинав чиясе кIудияб рохел:**
**«Вореха, МухIамад, хъвадари тоге,**
**Хъварал кучIдул росун нижехъе вачIа».**

**Хадур ниж хIалтIана цо Союзалда,**
**Даим дида аскIов вукIана Муса.**
**Сабурав, хIалимав, хIеренав, лъикIав,**
**Лъилниги ракI къварид гьабизе кIвечIев.**

**Мех-мехалъ махсаро гьабулаан гьес,**
**Гьаб дунял батIаго бихьулеб хIалалъ.**
**ХIалтIиги букIана гьесул берцинаб,**
**Бицунеб каламалъ керен сахлъулеб.**

**Мусаги Фазуги – росги лъадиги,**
**Васасухъ гIадинан, ралагьана дихъ,**
**Дир гIумру гIаксалда свераpаб мехалъ,**
**Рохел гьезул рокъоб батана дида.**

**Чан нухалъ дун щварав кватIараб сардилъ,**
**Квар тIураб кьодасан, гьезул рокъове.**
**Вакъараб мехалда квен цебе лъуна,**
**Къечараб мехалда лъин гуреб тIуна.**

**Дун гьанжеги вуго гьезул налъулав,**
**Муса хехго ана, Фазу хутIана.**
**Нахъе босичIо гьелъ гъажалдаса квер,**
**Каранда дир кочIой цо къуват кьолеб.**

Муса МухIамадов ракIалде щвана,
РакI лъикIав лъикIав чи цеве вачIана…
Гьанже, гьев гIадинал, гIадамал гьечIо,
ГIадаллъараб гуреб гьудуллъи гьечIо…

Гьале, бащдаб къарну ракьалда байдал,
Ракьалде арав гьес дий къуват кьолеб,
Рогьалил как балеб какикьжоялда,
Какие салам кьун, къанщана Муса…

Мисаллъун лъугьана дие кидаго
Дос ракьалда тарал лъикIлъидул лъалкIал.
Лъала, хъвадарухъан хъвадарухъанлъун
Гьавула халкъалде бугеб рокьиялъ…

Мусал асаразул годекIанире
РакIарун хутIана дир магIарулал.
Муса МухIамадов ракIалде щвана,
РакIалде щвезе гьев дида кIоченчIо…

**МухIамад ХИРИЯСУЛАЕВ**

## КIУДИЯВ ИНСАН

*(Муса МухIамадов ракIалде щвеялъе)*

«Рагъизе хьихьарал гьал бугъбуздаса
Магъилъ рекьарулел оцал рокьула,
Гьезул гьодаздаса тIинкIараб гIетIалъ
ТIорщелги гIезабун, гIалам хьихьула.

Юргъаялда унеб айгъирадаса
Ябу батаниги гьакил чуго лъикI,
Гьелъ канлъуда данде дунял баччана
Риччарал, ччукIарал гьал нухаздасан.

Бадир гьимгьимдулел тIугьдуздасаги
ТIарцIаб букIаниги херго бокьила,
Хухазул чехь цIезе, цIцIани хьихьизе,
Хьонда харицелалъ васаз бецизе.

Эхеб Чачаналде бищун чергесаб
Чинариялдаса генул гъветIго лъикI,
ГохIазда ахIдолеб гагуяладаса
Мокърокь бусен лъураб милъиршо лъикIаб».

**Гьедин цеве чIола Гьандихъа Муса**
**Соназул, гIумрудул магIна цIехолев.**
**МагIарул гIаданлъи гIадахъ босарав,**
**Росабазул гIадат гIодоб рехичIев.**

**БакIаб гьунаралъул гьир баччараб гьод**
**Къисматалда цебе къулизе течIев,**
**Къадру цIикIкIунилан цIавуцIахъдичIев,**
**ЦIар тIибитIунилан тIаде ворхичIев.**

**Къайицадахъазе къатIрацин щвечIеб**
**Шайихлъи букIана рекIелъ бессараб.**
**Гьанже магIарухъцин гIад гьабулареб**
**ГIадатлъи букIана гIамал къачIараб.**

**ГьечIо гьанже дие ургъел бикьизе**
**Ракьалда вукIарав кIудияв инсан.**
**Нартасулаб захIмат къабул гьабурав**
**Къанабакье ана хIалхьи гьабизе.**

**Ккана дир халкъалъе кIудияб ками,**
**Кинан букIаниги бачIуна пикру;**
**Дос гIадин хирияб хазинаги тун,**
**Хвани щиб ракьада бокьараб мехалъ.**



*КвегIиса кваранидe:* **М. МухIамадов, А. Аджиев, Б. Рамазанов ва С. Рабаданов**

**Муса МУХIАМАДОВ**

# ЛЪУКЪАРАБ РАКI

## I.

*«ГIадан хола, гIаданлъи нахъе хутIула,*
*ХIама хола, тIом гурони хутIуларо».*
***(аваразул кици)***

КIиго хобал руго нижер росдал къаданирги росуахадаги. Дир эбелалъулги инсулги кьолбол гIемерисеб гIагарлъи, Бариян кIодо, ай инсул эбелалъул эбел хутIизегIан тIасиял хабзалалъ рукъун руго. БатIи-батIияб хъулухъалда рукIарал, батIи-батIияб даражаялъул бечелъиялда гIумру арал гIадамалги рукъун руго гьанир. Амма цохIонигиясул къаданиб гьечIо я мармар гьецIоялъул гьабураб, я гьелде щвараб цойги ганчIил бекIкIараб зани. Хобал сверун къарал къадалги руго цохIого тайпаялъул.

ЦохIого цо нижер хабалазул бугеб гъалатI – гъункун рукIин. Хун хадурги жиде-жидер гIагаразда аскIор лъезе бокьиялъ, хвелелдего чияс тIаса бищун, васияталда хъван батараб бакIалда, эбел-инсуда, вац, яцалда, яги лъадуда аскIоб бухъула хоб. ГIемерисел гьел рухъулаго чияр лахIдуялъуре рагьунги уна.

Дир инсулги букIана эбелалдаги вацаздаги аскIоб, анцIго соналъ цебего, цойгидаздаги бицинчIого, жиндиего хIадурараб букIон.

Дун, инсуе саламги кьун, гьесул хабал рагIалда, сардил щубалъ биччараб харида гIад гIодов чIана, гьесул зонодехун гьумерги гьабун. Пулан кIодо йикIунаан, жиндир хIатIаахада эхетедила нуж, бахIарзал гIун рукIин жинда рихьизеян. Унго-унголъунги божулаан гьей, жиндир рухI, хIинчI гIадин, боржунги ун, нижехъе щвезе бачIиналдаги рачIун жиндир хабада цере ниж чIани, жинда рихьизе рукIиналдаги…

МагIил цIун рачIарал бераз инсул зонода хъварал тарихалги цIалун, эхетун хутIарав дида гьесул батIи-батIиял суратал тIамулел рукIана цере. КIиябго кавуги цадахъ рагьун, гьарзаяб чIегIераб буртинадулъ, бахараб чIегIераб тахтадул тIагъуралъулъ гьев азбаралде лъугьун вачIунев вукIараб куц. Дида гьадинаб букIанилан гьабсагIат цебе чIезабизе кIолареб сипаталъул эбелалъ, унтул гIазабалда гьоркьосан гьев кидал вачIуневилан гьикъулеб букIараблъиги кIоченчIо дида. Рагъидул хIобол магIида бан, тIасан цIадал гарал гирулеб буртинагун, ругьунаб рилълъада вилълъун ун, гьев эбел йигеб рокъовехун тIерхьана…

Цойги дида цебе чIола «шо, бусса!» – ян оцаздеги ахIулаго, ссун-ссуниялда магIарзухъан хIохьелги цIалаго, бегун рехулеб чIегIераб ракьалъ, цо щибалиго щурулеб бугеб гIадин, чIахIил кьибилги тIаде гьабун, чIегIерлъун бачIунеб гьелъиеги гьимулаго, гьавугьин гьев пурцида хадув унев вукIарав куц… Лемагалъ кIиго кьегIер гьабун бугилан, кумекалъе дунги вачун, гьел хахдезарулелъул, недегьаб, гьуинабщинаб рагIиги рикIкIунаго, гьев гьел кьагIазда къочулев вукIараб куц… Дир васасда, МахIачида, хIенчезе михъалги гьарун, гьадал кьагIиго гIадин, гьев веэдулев, гьесдаса бугеб чIухIиялъги вохиялъги инсул беразда жаниб магIуги хулулеб букIараб куц… Цойги кIочон

толаро «гьале гьаб бакI бугоха носоца буссулеб», – илан, босун дир кверги гIажалалъул унти чIвараб жиндирго тIулида тIад лъун, тIарамагъадисеб балагьи гьес гьабураб куц. Киданиги дидаго тIаса лъугьинаро, гьеб гьесул балагьиялъулъ гьадаб къоялъ букIараб къо– лъикI гьабулеб урхъиги бичIчIи-чIого, кьижизе арав дидасаго. Досул кверги ккун, досул хIохьелалъухъги гIенеккун, досул цойги балагьиги бихьизе, цойги рагIиги рагIизе аскIов щай дун чIечIев?..

Инсулалъул хIатIаахада буго, гьесда хадусев гьесул лъабабилев вацасул, Набил хобги. Къокъаб, къамартIаб черхалъул, кидаго къачIа-кIатIан вукIи-не бокьулев, кьурул кесекалъул викIун гьавурав гIадав гIадан вукIана гьев. Цойгидал ахихъабаз пихъ бакIарараалдаса гъутIби, нахъойги тIегь базегIан тIаса квер босун толароан. Набица абуни, щибаб гъотIода нахъа гIаздал ре-гьел кквезеян гIиссинаб гьецIоялъул гъуни гьабулаан. Жагъалаб, унти ккараб гIаркьелги кIурун, ригьнаде кьолей бахIарай гIадин, гIуцIа-кIутIун букIунаан гIекI кIанцIилелдего гъветI. ЛъабкъоялДа анцIилъе сонал щвараб мехалъги, ахикье-нахъе гочунев, бахIарлъи свинчIев, хIалтIуде шавкъалъ цIурав гьесда урхъун вукIунаан дун.

Цо сонги гьоркьоб бан, росулъе щварав дида, циндаго херлъун, гIодов чIван ватана Наби. Доб цебесеб рази-ракилъиги ун, лъадуде, лъималазде ахIдолев, азбаралда хьирщадулеб гIанкIу-хIелеко бачахъулев, лъималазул лъимаз сверун ккун вукIаниги, ракI гъоларого, цо щибалиго камурав гIадинги вугоан гьев. Эдинги, школалъул директорлъун вукIарав кIудияв васас суал лъун буго, хераб къоялъги Ганзахъе-нахъе (гьеб букIана ах бугеб хьиндаллъиялда цIар) хьвадун дуе ахихъанлъи хIажат гьечIин, бохалда бохги лъун, парахат харабазда аскIов хIалхьуда рещтIа, мун хьихьизе кIоларого гьечIин жал, лъимал, абун гурого, гIадамазул гIайиб щолеб бугин жинде хераб къоялъги мун хIалтIиза-вунан. Гьедин, инсуе лъикIлъиялъеян ах рехун тезабуна гьесда васас. Амма лъикIлъи букIинчIо гьелъулъ. Бокьулеб ишалдаса тIуравго, херлъиги тIатун, манзилги къокълъун, лъалаго хиса-бачана Наби. ТIохда мохрода тIад гIодовги чIун, дурнабаз гIалахалде, гIурччинаб ратIилилъ ругел гъутIбузухъ валагьун вукIунаан, букъун лъугIичIеб тIагъурги коцотIа чIван, гьев.

Дида ракIалде щвана жидецаго рехун тараб росулъ, чиякъаб минаялъув, гьав-довасул цIобалда теларилан абун рагъда бохги камурав эмен Иманула-гьицаги, Загьидицаги шагьаралде вачун вачIарав куц. Гьереси щай, гьел лъи-кIаб хьулухъалдаги ругел, гьелдасаги чIухIарал гIадамал рукIана. Гьездасаги чIухIарал руччабиги рукIана гьезул. Цоцалъ къацандун хьулухъ гьабуна гьез инсуе. ЛъикIалдаса лъикIаб квенги кьун, хинаб рокъовги тун, рихьдаего гIадин хьихьун вукIана гьез гьев. Амма цIоро-гъорораб жиндирго рукъалъухъги, радал-бакъанида ва хасало бакъулаб рагьида гIодорги чIун харбие хараби данделъулел рукIараб годекIаналъухъги урхъун, къоялда жанив живго цохIо хутIулеб, я мадугьал лъалареб, я ургъел бикьизе чи гьечIеб гIатIидаб хинаб рукъги туснахълъун бихьун, лъалаго тIеренлъун, тIатIала ккун ана гьев. Машгьурав тохтур вачIана чIухIарал васаз инсухъе вачун. КигIан хириялги, щоларелги гьесие дарабиги ралагьизе, жиндиего хассаб гьитIинаб палатаги кьезе гьабун, гьев больницаялда лъезеги хIадур рукIана васал. Амма тохтурас абуна: «Эмен сахлъизе бокьун батани, росулъе щвезаве. ЧIалгIадул гIузру буго гьасул. Гьелъ чIвазеги бегьула гьав», – илан.

Киса, чIухIарал васал тIирун чIана, гьанже гьев росулъе щвезавуни, гIада-

маз жидеде жеги цIикIкIун гIайиб гьабилила, «гъоба васазул лъудбуз кколеб гIаданлъиги гьабичIого вачIун вугин эмен» – илан. Цо къоялъ, гьел хIалтIуде аралго, хIалил мададалъ тIадеги вахъун, тIурулев вукIарав херав, машинаялда гъоркьеги ккун, чIван ватана…

Набилалда гъоркьехун буго, гьесдасаги цеве хварав инсул бищун кIудияв вац Тукъул хоб. Щуявго вацасда гьоркьов бищунго мискинавги ва бищунго сахаватавги вукIана Тукъу. Набилго гIадаб, къокъаб, амма досул гIадаб къамартIаб гуреб, цодагьабго тантихъаб черхги букIана гьесул. Живгоги цойгидал вацаздасаги чIегIе-мегIерав ва ракI гIатIидав вукIана. Гьесул гьобол камураб росуги къанагIат букIана тIалъиялда.

Гьев вачIине кватIани, киса-кибего ругьелал щолаан, щайдай Тукъу вачIунареван ругила жалан. Дир инсуеги, гьесда хадусел вацазеги гьалбалги гьесдасан щварал рукIана гIемерисел. Бищунго кIудияв гIадин гурев, бищунго гьитIинав гIадин, вацазул къваригIелал тIуралев; гьезул хъизаназул гьуинлъи рекъезабулев, рекълъараб яшавалъул бутIа битIизабулев, вукIунаан гьев.

«Тукъада цадахъ цо баркаталъул нур ана», – ян абуна дир инсуца гьев хвараабмехалъ. Наби гIадин, тохлъукье гурев, ниж киналгоги сверун гIодор чIун, гIумру гьабурабго гIадин, бигьаго, угьи-зигара гьечIого ана гьев гIумруялдасаги…

Цоцалъе хIатIалги риччан гьал хобазухъ рукъарал лъабавго вацасул рахIатхвараб цохIого суал букIунаан росулъе вачIанщинахъе дие кьолеб: жидер гьитIинал вацазул МусахIажиясулги СултанхIажиясулги хIакъикъатго лъачIищан абураб. Кинояздаги, тIахьаздаги, газетаздаги КIудияб ВатIанияб рагъда рукIарал, къисматалъ батIи-батIияб рахъалде рехарал, советиял солдатазул биценалъ хьулалги цIи гьарун гьикъардулаан гьел. ГьабсагIатги гьебго суалгун ралагьун ругин дихъ гьел лъабалгоян ккана дида…

Дир пикрабазул кун тIезабуна цодагьаб добегIан рагIараб тIвапиялъ. ГIодобе цIараб жагадул гъутIбузул каралъ ва керчаб лъалхаялъ дидаса бахчун букIана гьеб бакI. Щаклъи гьечIеб жо, гьенив вухъарулев чи вукIана. Дица гIажаиблъи гьабуна, росулъа чи хваравани, Ахкуда гьеб рагIичIого букIине ресги букIинчIин, рагIун хадуб парахат наралда тIад вегун гьевги чIеларо-анин вукIарав, гьадаба бухъардулеб газаялъул магIна щибан? Дун гьавугьинан хабалазул кьеразул ахадасан, ххарида гьоркьосан унеб тIеренаб нухалъ гIебеде ана.

Дир хIатIил гьаркьихъе лъалхъана ГIабдулкарим. Сакъатаб квегIаб кверги каранда чIван, кваранаальухъ хIалтIулеб къокъаб гIоркьалъул гьесул газа къвакIараб ракьулъе кьабгIахъе хутIана. Рачлихъе бахунеб гIадаб лахIду гьабун бугоан гьес гьениб. ТIаса бецун бараб ххарил цояб рахъалда, бухъун бараб ракьул цойги рахъалда – кIиго гъуни гьабун бугоан. Ракь гIодобегIан бухъанагIан хъахIаб къвакIараб бугоан, хабал къадазухъ балагьун.

– Салам гIалайкум, ГIабдулкарим даци, – ян абуна дица, жеги дун щивалиго лъаларого, амма щив ватаниги гьаб моцIида жанив жакъаго жакъа гурони хабалалъе щвечIев чи вукIинги бичIчIун. Гьесул хIалалдаго лъана дица хIикмат гьабураблъи. Цойгидав, къойил хабалаби къотIун нухги къокъ гьабун магъилъе унев яги араз бицунеб рагIун гьаниве ваккизе вачIарав чи дун вукIаравани, гьадин хIухьелги ккун валагьун хутIилароан ва салам кьезе кватIилароанилан ккун батила гьесда. Гьеб ккараблъи тIатана дие, дица салам кьурабго, рарал соназ цIоб тун цIарал рахъаз басараб гьесул гьурмада

гьими кунчIараб ва гозол гIоркьидаса нахъеги босун, басрияб гьаб ракьудаго кьер релълъараб гурдеялда кверги бацIцIунаго, гьев тIаде вахъун вачIараб мехалъ.

– ВагIалайкум салам! Унго, ГIабдулагьиласул васищ? Вай, мун чIаго таяв, дуца, лъабнусгоги абиларо, нусгоги, цойги лъеберго сон хадубги баяв хирияв гьудуласул вас. Бачея цо ратIа, – ян кьватI-кьватIарал килщазул квер бегьун бачIана гьес дихье. Цинги лъикI мехалъ ккуна карандеги къан, тIад ракъварал килщазул гIайибаб кверги бахъулаго. – Гьалъав АллагьасхIаги урхъун вукIана, – ян абуна, лъималазулги, лъади-рукъалъулги, жеги мадугьалзабазулги хIакъикъатги цIехон, гьелъие жаваб щун хадуб дир кверги биччан тун, ахIанже лахIтуялъуса рехараб ракьул гъонода тIадги вукIунаго ГIабдулкаримица. – Мун гьале гьалда тIад чIа, – ян хабал къадазе къачIараб бекIкIараб гамачI лъуна гьес дида гъоркь, дунго гьеб босизе регIилалде.

Дида цебе бачIана кIикъоялда ункъабилеб соналъул гьадинаб роол къоялъ ГIабдулкарим рагъдаса вуссунев вугилан Буйнакскиялда даран-базаралда вукIарав, гьебго рагъул инвалид МухIамадица рохелги бицун, росу рагIалде рахъун чIарал чIахIиязулги гIисиназулги руккел. ГIабдулкаримил вас Мисрихан къасиго вахъун, чуялги рагъде рачун ун, колхозалда хутIараб цохIого цо бугеб, цо гIорцIенги кьолон инсуда дандчIвазе ун вукIана.

ГIабдулкаримги ваччун бакъанида баккана росулъе регулеб гохIилъан гIорцIен. Мисрихан гуревги, рагъулаб ретIел ретIарав чиги вугоан гIорцIмида цеве-цеве вачIунев.

– Вуя! Цойги чи вуго вачIунев!

– Щивдай, чIе, дов?

Руччабазда гьоркьоб хIалакараб шуршур тIибитIун ана. Ниж, лъимал абуни, чIахIиялги росурагIалда тун, ссаналги кьотIун, хурзабалъ азали бан бугеб цIоросаролъги бегизабулаго, лъарахъе рекерана. ТIоцебе Мисриханил гьурмада бугеб пашманлъиялъ, хадув гьесда цадахъ йигей гIолохъанай солдаталъ гIажаиблъизавуна дун. Цинги валагьана ГIабдулкаримихъ. ГъобсагIат кIвар кьечIо дица гьесул берազде; гьел хьухьараб зоб гIадин ругоан. ГIицIго Мисриханицаги гьой солдатальги кумекги гьабун, гIорцIеналдаса рещтIинавидал, гьев чIун хутIараб куцалъ ахцазавуна дун. Киб хIетIе лъелеб, лъихъе квер кьелебали бихьулеб гьечIоан гьесда.

– Фашистаз бахъана дир бищунго хирияб хазина, гьанхъал, – илан абуна ГIабдулкаримица. – Канлъиги… КвегIаб кверги… Доз газги биччан бецц гьаруна ниж…

– Гьедин вуссинги талихI буго. Рецц гьабе Аллагьасе! – ян ракI-макI гьабулеб букIана харабаз гьесие.

– Вай, гIинкълъун, беццлъунилангидай абулеб, чIаго вуссаралдаса, – ян ахIулеб букIана ГIабдулкеримил лъади Сабамеседоца.

ЦохIого цо дир кьерилав Мисрихан вукIана инсул беццлъиялда ракIхвейги тIатине тун, тIасан гIодове къулун гьел къояз. Эмен рокъове щвезавизе госпиталалдаса йитIарай медсестра машинаялда рекIинайизе гIуруснухде гIорцIенгун ине гьев валагьулаго, росу сверана дица. Дова магъилъ богIол гIаразда гьоркьов кIусун гIодилев ватана дида гьев. «Дуе щибха, дур эмен сах-саламат вуссиндал», – илан гьумер бухIана гьес дир, дица дуе щибан цIехейдал. ГIорцIенги бачун дунги Халилги ана, росдацаго баркалаги кьун, тIойитIулей медсестра гIуруснухде щвезайизеги.

Амма хадув чIухIун ва вохун вукIунаан Мисрихан жиндир эмен КIудияб ВатIанияб рагъул тIоцебесеб группаялъул инвалид вукIиналдаса. ВачIун мехго балелдего, районалдеги ахIун, ГIабдулкаримие Англиялдаса ритIун рачIарал гIурччинаб сукноялъул гьабураб галифа тIажуги гурдеги кьуна. Щибаб моцIалъе гIарац гуреб, ролъул, чакаралъул, нартил ва бухIизе цIулал кумек камунги толароан. Кумек кватIани, гьанже Сабамеседода цIакъ лъикI лъалаан районалъул идарабазде нух. Росулъаги хасалоде боцIуе хер бецизе бакIги, васасе букIине цIияб ригь базе ракьги кьезабуна гьелъ. Тукаде цIияб къайи бачIиндал, гIунтIун гIансагун вугев ГIабдулкеримил гъежги ккун цадахъ вачун ячIунаан. Жиндир инвалидасе тIоцебе кьезе кколила ххамги, ххам тарабгиян. Росулъ ГIабдулкарим гурелги инвалидал рукIана. Рагъда орденал, медалал росарал васахъ, вацахъ чIегIер баралги дагьлъичIо. Амма гьел киналго нахъе цулаан Сабамеседоца. Живго ГIабдулкарим нечон вукIунаан лъиданиги щибниги гьаризе. Гьадинги жив чIагого вуссана ва жиндир тIокIборчIун тIалабги гьабулеб бугоян абулаан гьес дир инсудехун. Амма лъадулги цохIо вугев васасулги амруялъе инкар кквезеги кIолароан гьесда.

Дагь-дагьккун къватIаздеги, магъилъе унел сухъмахъаздеги кIалъай-бацаялдасан, хIатIил росиялдасан гIадамал ратIа гьаризеги ругьунлъана гьев. Цо гьоркьохъев чиясдаса нахъе ккечIого хIалтIизеги кIвана. Жеги дагьа-дагьабго канлъиги бихьулила жиндаянги вукIунаан. «ВуцIцIа, ракIбахъад! Канлъи бихьулареб дуда тIириги, мунго ругьунлъун вуго гIадамазул гьаркьаздеги, дове-гьаниве хьвадизеги», – ян къинабулаан Сабамеседоца гьеб каламги.

Мисрихан росдал магIишаталъул институталде лъугьунеб мехалъ, рекIинавун цадахъ росги гьевги вачун МахIачхъалаялде ана Сабамеседо. ЦIалиги лъугIун вас хIалтIизе агрономлъун витIарав чи, шагьаралда росдал магIишаталъул министерствоялдаго хутIизавизе ГIабдулкаримил инвалидлъиялъ квербакъана. ЦохIо вугев васасулги росуго чIухIарав хIаким вахъине къваригIун букIана Сабамеседое. Гьелъ машгьурав тохтурасул ясги ячана гьесие. Ясалъул инсуца: «ЦIалиги дицаго гьабуна, устарлъиги гIезегIанго къоги бихьун босана. Къогониги соналъ чияр бакIалда рукъккунги вукIана. Дуцаги, хирияв дурц, дурго захIматалдалъунги гьунаралдалъунги бахъе гIумруялда бакI. Дун гьоркьов ккун щибниги гьабуге», – ян лъазабидал, гьей ячиналдаса цодагьай рекIекълъун йикIарайила Сабамеседоянги абулаан.

Цо нухалъ, шагьаралдаса росулъе ячIуней йикIаго, аварияги ккун хвана Сабамеседо. Амма гьелъул гIамал босана Мисриханица. Вачун шагьаралдегун цо лъалел гIадамазул рукъзабахъ хьвай-хьвагIай гьабуна инсул.

Цинги лъагIалидасан, гIунтIун гIансагун, цадахъ гьевги вачун ана шагьаралъул исполкомалъул председателасул кабинеталъуве. Гьенисан къватIиве лъугьаравго лъутизе хIадур вукIарав эмен Аллагьасул цIаралги рахьун, чIезавуна васас ордер босизегIан эхеде унгеян. Щай ГIабдулкарим лъутулев вукIаравали нахъа лъана дида, жинцаго Мисриханица бицун.

Цо-цо жиндихъего ахIулаан гьес дун. «Гьале дун, хьвадарухъан – дудаса лъикI вуго», – ян бихьизабизего гIадин, «Россия» коньякалъул шишаги сервантальуса бахъун, бохалда бохги лъун, дандвитIун гIодовги чIун, чIухIун гаргадизе бокьулаан гьесие. Дица гьеб кидал– къадги къалмиде босизе бегьилин абураб пикруцин бачIунароан гьесулъе. Жибго росулъ дун хьвадарухъан хIисабалда машгьур вукIин ва дир тIахьал цIалулел рукIин – гьеле гьесие захIмалъун букIараб жо. «Гъосие бетIерги хIулун хIалихъе хъвараб

тIехьалъухъ щолеб жо дица цохIо моцIалъ босула, расги къоги бихьичIого. Дида хадув академикги гъоларо, гьанже ГIабдулагьиласул васали киса…» – абун батана гьес цо нухалъ.

Цойги нухалъ лъадигун нижехъе гьоболлъухъ вачIиндал (гьебги гьесул кинаб яшавалда дун вугищали вихьизе гIоло бухьараб сапар букIана), гьез бачIараб гIарабалъул мацIалъ тIад хъвай-хъвагIай гьабураб гIурччинаб чаялъул чалухаб гъутухъалдеги, меседил кьераб кагътилъ жемарал конфетазул кIудиял къучIбуздеги данде кьолеб жоги лъачIого, дирго ахирисеб тIехь кьуна дица. «КигIан гьалъухъ щвараб?» – илан гьикъана гьес. Дица щвараб гIарцул къадар бициндал, руццизаруна гьес кIутIби. «КигIан мехалъ гьаб хъвалеб?» Дица бицана тIехь хъвалаго бараб мех. «Неужели! За гроши, – ян гIурусалъги абун, гIинги ккун катил тIинчI рокъоса къватIибе рехулеб гIадин, лъадул квенчIалиде бортизе биччана Мисриханица дир сайигъат. – Гьалъиеги ясалъеги рокьула тIахьал. Гьазул заман буго гьел цIализе».

«Дур батиларо. Мун гIанкIуязул совхозазул тресталъул начальник! Дир рукъ тея! Бикъараб яшавалъул бетIергьан!» – илан ахIдолеб букIана дир ракI. Амма гьанжего гьанже гьоболлъухъ вачIарав гьесда аскIоб гIаданлъиги цIунун, гьесул цIекIлъиги, гьаглъиги бихьичIеб ххвелги гьабун, хабарги батIияб рахънибе сверизабун, ццинги къулчIун чIезе ккана.

Гьеб сордоялдаса нахъе цоцазулъе гьоболлъухъ инчIо ниж. Росулъан бугеб хварав-гIурасул хабар лъазабизе цо-цо нухалъ телефоналъ кIалъалаан. Нижер кIалтIасан унелъул гьенив газетазул киоскалда цеве яги квасалъул тIогьилаб цистернаялда аскIов чIун дун вихьани, Мисриханица машинаялъул ду-дуй бахъинабулаан. Нагагь-надир гъоркьеги лъугьун, лъимал-хъизан цIехолаан, цIехолагоги кIиябго бер машинаялда тIад букIунаан. ТIоцебе «Москвич» букIана гьесул. Хадуб «Жигули» боржанхъинабуна. Цере-къад ральдахъаги руссун, майдан къотIун унаго, Анваридаги (гьев вукIана нижер мадугьал) дидаги цебе чIезабуна гьес цIияб «Волга». Цин щиб, кинали лъачIого дорегIан кIанцIана ниж. Цинги рещалъараб моцI гIадаб гьумерги гьимиялъул цIун, тIатIуца гIодобе цIараб чехьгун Мисрихан машинаялъуса къватIиве вачIиндал, аскIоре ана.

«Дургойищ, якьадалъулищ?» – илан гьикъана дица гьес «Москвич» босидалги «якьадалъул сайгъатан» абулеб рагIунги букIун. Вакьад хваралдаса, «досул букIараб», «досул хутIаралъул баракат буго», – ан абулаан Мисриханица машинаялде гуреб, лъадул гIинда зваргъолел меседил кIилкIаздеги, гьелъул горбода кенчIолел жавгьарул маржаназдеги… Машгьурав хирургас живго хвезегIан, жиндир цIаралдалъун щибниги босизеги, гьабизеги гьукъулаан васасеги ясалъеги. Дов хведал якьадалъ кIиязего «квер биччана».

«Баркула! Баркула! – ян абуна Анварица. – Амма цо гьединай якьад диеги йокьилаан йикIарай».

«Эб гурищха, Анвар. КвартIа-гъецIги перелоги гурони гьечIев маххул къебедасул яс дуцаги ячана, кодоса кинабгIаги бечелъиги ун, цохIо бечедаб хасият гурони хутIичIей ГIапил яс дицаги ячана, – ян махсаро гьабуна дица. – Гьандихъе ине лъикIан гьалтIаги рекIун. РачIа таваккал тIамизин, Мисрихан. Дун цо-кIиго къоялдасан инсул хабатIеги щвезе, вацалги рихьизе ине хьулалда вуго». «Балагьун вихьила», – ян абуна гьес, гьеб каламги рекIее гIечIого… Цинги нахъисеб къоялъ телефоналъ кIалъан вачIана: «Ростовалде данделъиялде ахIун унев вуго дун. Гуревани дуда цадахъ росулъе вилълъи-

наан букІарав. Дица вас витІулев вуго духъе инсуе цодагьал шагьабигун…» – илан.

– ВахI! Дагьалъ хутІана гурищ, ГІабдулкарим даци, кІочон тезе. Гьале цІалкІица лъингІанги кколаро дирги ботІроца жаниб жо. Метер гьабизе бугебги, хъвазе ракІалде бачІарабги гъобсагІат кагътиде босула, бортун, билун вукІунарого. Мисриханица…

– Щиб Мисриханица? – ян гьикъана гьес, киналиго гъваридго хІухьелги угьун. ГІетІ бараб гьесул гурдеги цебе цІутІизабун, понцІон бачІана хІухьел угьулаго гьесул керен.

– ГІарац битІана дуе. КигІан бугебали лъаларо. Гьале конверт.

– ГьабсагІат кьоге, гьадал тІаде щвезегІан те, – ян абуна гьес.

Дида гъобсагІат бичІчІичІо гьелъул магІна ва гьебсагІат рихьичІо, дагІбадулаго, хабалазул тІарадаса эхере рачІунел учитель Дибирги больницаялъул завхоз Халимбегги. Гьав херасул цІодораб гІиналда гъобсагІат рагІун буго гьезул гаргар…

– Гьаб хоб лъиеха дуца бухъулеб. ТІокІав чигойищ, гьеб гІайибаб квергун, гьаб гІакъубаги бихьун дуца бухъичІониги, гьелъие ватичІев? ГІолохъабигойищ росулъ гьечІел? – илан гьикъана гьесул гьариги бичІчІун дица.

– Дуца циндаго кьунщинал суалалха, гІагарав чиясул вас, – илан абуна ГІабдулкаримица. – Гьел рекІелъа роpтун инилан хІинкъун ватила, ракІалде щун рукІаго, кІалдисан гьурщун риччарал? – илан цодагьабго хІунсизеги гьабуна гьес. – Цо бугони, хоб бухъулеб буго, гІагарав чиясул вас, диего. Доле, – ян гьел жиндаги рихьулел гІадин, добехун квер битІана гьес, – анлъабго къоноги бахъана. Ганзихъеги ун. РекІкІун кІиябго рахъалъ къед гьабизе ганчІалги хІадурана.

Дибирасдаги Халимбегидаги цадахъ нахъе ине хІадурлъулев дица циндаго чвантинибе бегьана квер.

– Вабабай! КІочон тезе бахъана, ГІабдулкарим даци, гІайиб гьабуге. Гьале Мисриханица дуе битІараб гІарац. БатІияв пачалихъазде командировкаялъ витІун ана гьев (гьеб букІунаан бацІцІун Мисриханица живго кІодолъун вихьиялъе кидалго рехсолеб мисал – живго чанго пачалихъалде щвей, туристлъун аниги, элдеги командировкаялъ витІун вукІанаян), духъе щвезеги вилълъинилан вукІана, ракІги щун бугила. ЦІияб «Волга» машинаги буго босун…

– Гьай баркала, гІагарав чиясул вас, битІарав гъосиеги босарав дуеги, – ян, рази-ракияб асар ана гьесул гьурмада тІасан бекерун. Циндаго гьороца кваркьиги бахъун бегаризабураб хІоралда релълъун бахъана дие гьеб. Къваркъвариялда ругел щу-щу гъурщазул кагътаз понцІозабураб конверт лъоробе бегъун ана гьес. – Цодагьаб цебегІанги бачІана жиндицаго кІиго-лъабго нухалъ гурони ретІинчІеб костюмги, костюмалъул чвантиниб къазабун гІарацги. Дие гІураб пенсияги бугин, гьеб хІажат гьечІин абидалги квеш бихьун лъугьуна…

– Бакъвараб гІарац битІичІого, аскІов гІодовги чІун ургъел бикьизе щайдай вачІунарев цогІаги нухалъ? – илан вуго Халимбег абулев.

– Дурищ, мукъур берцин, бакъвараб бугеб гІарац? ГІумруялъ гІетІул гороги баккичІого, унтаразда тІасаги къунцІун къавулъе шарил нахуде гІунтІун нигІматалги раччун гьабураб магІишаталъул бетІергьан. Пайда щибха нижер мадугьал Ахкухъе щоларелъул ревизиялъе…

– РагІулищ, хъвадарухъан, нишатІур бахараб матІугІанги вацІцІадав дида жакъа гьав хІурматияв инвалидас лъолеб бугьтан? Больницаялда веганци-

нахъе гъасие квенги, регелги рекъезабулев, районалде кIанцIун, шагъаралде ахIи бан, къанагIатал дараби ралагьулев дун. Мисриханица абуна…

– Дуца Мисриханил цIар бахъуге, – ян абуна ГIабдулкаримица. – Больницаялдаги дие цогидаздаса батIияб, тIокIаб хъулухъ-хъатир хIажат гьечIо. Дун ахIдолелъул, дица бадибе рагIи абулелъул ас дун жагъал толаро. Цойгидал унтаразул, гIунун холеб рокъоре рехун ругониги, санги гьабуларо. Гьагъазеги кколеб хъулухъ гьабе, хъахIал шаршавалги хисе, хинлъизе пучдулги ракеян абидал, ав рагIула цо къоялъ санитаркаялдехун, кидалдайила гьал рагъул инвалидал тIагIинаян. Кирго, нухда регарал ганчIал гIадин, квалквалалъе ругила гьал. Гьале кватIиларин, вохун вукIа. Диего абадияб рукъ къачIан толеб бугин, мун гIадал гIоркьилаз газа кьабгIизе ккунгутIизе.

Гьел ахирал рагIаби ГIабдулкаримица, живгун къацандун бергьунгутIиги лъан, хехго нахъе унев Халимбегида хадур рехана. «Рилълъа», – ян бетIер хьвагIана Дибирас дидеги. ГIабдулкеримилгун къо-лъикIги гьабун, гьанжеги цо чанго секундалъ инсул хабада цеве эхетунги чIун, дунги росулъехун къокъана.

Кинго дир рекIелъа унеб букIинчIо ГIабдулкарим гIайиблъун квегIаб квергун, канлъиги босун, росулъе вуссараб мехалъ, инсуца бицараб цо лъугьабахъин. МухIумаян цIарги бугев цо беццав инсан вукIана нижер авалалда. «Цойгидав канасул беразда бихьуларебги жо, гьесул рекIеда бихьула», – ян йикIунаан дир кIодо. Дун доб мехалъ гьанжего гьанже анкьго сонги тIубан, тIоцеве школалде арав чи вукIана. Школалдаса вуссаравго МухIумил гъове Къуръан цIализеги ине кколаан. Дида цадахъ дир гIелалъул чангоялги рукIана. Нижер цIали гIарабалъул алфавит (алиф) лъан бахъиналдего лъугIана. Советалде лъаларо, партячейкаялде лъаларо ахIун, МухIумида лъазабун буго лъималазда Къуръан малъи рехун теян. Дир инсул гIелалъ абуни гьесул мугIалимлъиялда гъоркь гьитIинабги кIудиябги – кIиябго Къуръан цIалун лъугIизабун буго. Гьавураб къоялдасанго канлъи бихьичIев МухIумида гьеб кIиябго Къуръан рекIехъе лъалаан. Цо-цо къотIносан унел чагIи лъалхъун хутIулаан гIажаибаб гьаракьалъ кочIохъего гьес Къуръаналъул аятал ахIулел рагIидал. Хасго хвелелде цебе радакьлъулеб мехалъги бахъунаан гьесул рагъидасан гьебго гьаракь. ГIумруялъухъ бугеб гIащикълъиги, гьеб тезе кколеб букIиналъул гъваридаб пашманлъиги гъорлъ бессараб гьеб гьаракь рогьалидехун, лъарахъе щвелелде къечараб ракьалъ цIцIан тIагIунеб иццул чил-чили гIадин, тIеренлъун унаан.

Жиндир къукъаялда цадахъ вукIанила Къуръан цIалулев ГIабдулкаримгиян бицана инсуца. Цодагъаб хьвацIцIамахIаб букIанила досул мацI. Мекъи-мекъи цIалулаанила Къуръаналъул аятал. Гьеб мехалъ МухIумица хIатI кьабгIулаанила гьесда. Гьеб букIана гIадилалъул цо бутIа. ГIицIал хIатIалги тIуцаб бакIида тIад лъун, тIеренаб хьопоца гъоркьахIатIал рухулаанила гьес. Дагъаб такъсир ккарасул – дагъ, цIикIкIун ккарасул – цIикIкIун. «Капурго хваяв беццук», – илан хьандолаанила даим ГIабдулкарим МухIумиде нахъасан. Киндай беццукидаса къисас босилаян вукIунаанила ГIабдулкарим. Хасало щибаб къоялъ бакъдаб колотIе гIиязе хер базе, лъинги кьезе унаанила жиндирго хIамитIаги рекIун МухIума. Къокъаб, хIалакъаб черхалъул гьев хIамица витIун колотIе вачунаанила. Лъиданиги гIадлъулароанила гьеб.

Цо нухалъ, МухIума колотIе унеб нухтIа гIинтIидул гъотIода нахъа вахчунги чIун, ГIабдулкаримица, тIаралъиги бегIерараб халатаб тIил тенкезабун буго МухIумил хIамил хьолбода. Унтул хIал батараб хIама эхе-эхеде кIанцIон

буго, гъоркье МухIумаги рехун вуго. ГанчIида тIадги кьабгIун, квегIаб гьежги бекун, вачIун вуго гьев. «Я Аллагьха, тIокIаб жо гьариларин, гьаб дие гьабурасдаги гьаб дида жакъа гIадаб унти бихьаги, дирго гIадин бераздаса нурги босаги», – ян хьамун буго МухIумица. Нахъа гьеб хьамиялдаса ракIбухIун вукIанила гьеван абулаан дир инсуца. ГIабдулкаримил гьеб хIалихьалъиги жиндаги Ахкудаги гурони лъаларoанила. Жидедаги гьеб рагъдаса вуссиндал гьес жинцаго биципила, «гьадаб къоялъ МухIумица хьамухъе ккана дир къисмат», – илан угьунги биччан.

«Гьебни гьедин батилин телин, гьанже цохIо вугев, цойгидазулалдасаги лъикIги хьихьарав васас рехун теялъул къисас сундухъ ГIабдулкаримидасан босулеб бугеб къисматалъ? Кисан бачIараб бадибчIвай гьеб? Яги гьас эбелинсулги ракIдай бакъвазабуна? Гьезие гьавги, гьасие гьабсагIат Мисрихан гIадав гIаданлъи, хьатир гьечIевдай вукIана?» – ян суал кьуна дица диего, анкьидасан шагьаралде нахъвуссун ине хIадурлъулев дида аскIовеги вачIун, гIаданчиясда бихьиларедухъ ГIабдулкаримица кодоб доб васас битIун букIараб конверт къазабураб мехалъ.

– Гьаб щиб? Щай!.. – илан гIажаиблъана дун, гьелда жаниб гьадаб гьесухъе кьолеб мехалдаса хисараб жо гьечIолъиги бичIчIун.

– ХIажат гьечIо дие гъосул гIарац, – илан угьун биччана гьес. – Гъов живго вачIаравани, «батIиял пачалихъаздеги инчIого» инсухъе щвезе лъагIалида жанив цо-цо нухалъгIаги – гьеле гьеб букIана дир рекIее сайигъат. Щуябго сон буго Мисриханил гьаракь рагIичIелдаса.

## – 2 –

*«Гьобол лъикIалъув рещтIа, лъим батаралъув кванай».*

***(аваразул кици)***

Данде ккарал ва хадур гъурал росуцояздаги гьикъа-бакъарулаго, рокъовехун сверулев дида Ахкул добго гьаракь рагIана:

– Гьадаб анцIила щуабилеб бугоха, Парихан, – илан абулеб бугоан гьес. – Ункъо гъурущги бащдабги камуна гьаб жакъа…

– Щиб, Ахку даци, гьанжеги дуца рикIкIунеб жогIаги? – ян ахIана дица, гьеб щибали лъалеб букIаниги.

– Гьадабго гIечха, ГIабдулагьиласул вас, – илан жаваб кьуна гьес, гьедин дица гьикъиги рекIее гIечIого. – Щиб, щиб дица рикIкIинчIебали щай дуца гьикъулареб? Парихaница дун вакъуца хвезавунин, мун вачIинчIого хинкIал цере росиларилан, хехлъи гьабун гъоркье вачIая.

Саламги кьун дун, дирго инсул рукIарал гIадал лъаббохилал тIуцал бакIазул цоялда Ахкуда аскIов гъасда чIараб мехалъ, тIад басрияб клеенкаги тIамураб, гьел бакIалго гIадаб тIуцаб гьитIинаб столалда тIад лъуна Париханица тIасан хIухьел бахъун унеб бугеб цIоросаролъил гIатIалги, ролъулги хинкIазул цIураб гъадаро. Гьелдаго аскIоб бакъвараб бакьалъулги, кьаралъихIалакълъи жубараб гьебго бакъвараб гьаналги цIураб суркIаги бахинабуна столалде тIаде. Цинги жиндиегоги ниж кIиясегоги жаниб гъуд, гIучI гурони гьечIел чIорогоял пушхъабиги лъуна.

– Дур басрияб гьанаде хьуллъун букIун батилилан, дица гьеб тIамун

букIанаха, – ян абуна, цосинаб гьеб бокьичIогодай дун цодагьав хIинцго гIодов чIанаян абураб хIинкъигун, Париханица.

– Гьай баркала, Парихан ада. Алъухъ чIалгIун вукIана дун, – илан чIван-го чIван кIиго цIоросаролъил гIатIал, кIиго ролъул – ункъабго хинкI лъуна дица дирго пушхъаялъуб ва, Ахкуца гIадин, бакьги гьанал кесекги – кIиябго цадахъ гьелги кванана.

БитIун шавкъалда кваналеб мехалъ, лъалхъизе чIандирабиги гьарун, ра-гьдехун бахъараб тIваркъиялъухъ гIенеккун чIана Ахку.

– Гьадаб анцIила анлъабилеб бугоха, – ян абуна гьес, гIезегIан къоги бихьун цабзаз хIаризабураб тIагIам къулчIун хадуб.

– «Барщараб мехалъ пихъ жибго бортулеб, васас гIураб мехалъ чIужу ячеян чагъанаги хъвалебан» кици бугин, кванде вусса, борта-бортараб гIеч рикIкIунев вукIинчIого. РикIкIун хIалкIоларебгIан гIемераб бижун бугин гьеб баркаман исана, – ян абуна Париханица.

– Кицабаздасан буго ле алъул иш, – илан, носол мацIалъ рокьодасаги тIезабун, гьанал кесек кIалдиб лъуна Ахкуца.

– Дудасан ругьунлъунха, – ян абуна Париханица. – Мун гьечIищ гьанхъадерил хIисабчиги, дагIба-рагIиялъул иццул бетIерги.

– Гъу-гъу-гъу! – ян гьавугьинан велъана Ахку. – Дидани рагIун букIана кIодоца дуе милъиршодул ханил гIабулалъусан лъин кьунин тIоцебе гьекъезе, гьеб гIадин чIичIидизе, мацI пасихIай лъугьаянги абун.

– Гьадале къоабилеб гIеч бортана, – ян абуна Ахкуца. Анкьабго гъуру-шалъул зарал ккана Ахкуе цохIо къоялъ къалъилелде гьале. Эбги ШагIбанилав сабаблъун. ЦохIо диейищ гьеб ккараб? – илан тIаде вахъана гьев. – ЦIадал накIкIалги рачIанин. ХIарщ багъарилелде цо дир вилаяталда сверизе вилълъая, ГIабдулагьиласул вас.

– Дир кIал къазе къисаги тIамун, тIурулевищ Ахку? – ян гьикъана Па-риханица.

– Ахку кидалниги лъикьаниги тIуричIо, Парихан, – илан лъадуе жавабги кьун, хехго вилълъаян дир хьолбода тункулеб букIана гьес.

– Дурго гъалатIазул гъветI гьурищизегIан щайха чIоларев? БатIи-батIиял хIалтIабаздаса мунго вачахъараб куцалъулги бицине…

– Гьанже дой понцIон йикIине йиго, тIад гIучI цураб гIанкъра гIадин. Дир гIунгутIаби дуе гьурщизегIан, гIодое йиччазеги гьечIо, – ян велъана гьев, гьаругьинан пихьица гIодоре цIан рачIарал гIаркьалабиги рикьизарун, гъутIбузда гъоркьеги лъугьунаго. Гьениб гIечул гъутIбузул кIиго, жагадулги, генулги, мокьролги цо-цо кьер гьабун, низамалда чIарал гъутIбиги, гъутIбузул кьеразда гьоркьоб гьабураб охцер, помидор, хъапустIан, гьаран ва пурччалъул гIисинал тIиялги ругоан.

– Мунагьал чураяв Набица боцIулалда божун течIого, кьурул нохъаздеги ун, бахъун хIанчIазул рак баччулаан гъутIбузе кьезе, хасго гьел гьитIинго ругеб мехалъ, гьитIинаб лъимада гIадин, кверчIвалаан дос. Гьанже гьаб химикаталъ хьантIизабураб ракьалда рещтIараб баракат гьечIолъи бихьани, ракI кьвагьилаан досул букIараб, – илан абуна гьес.

– Дуцаги химикатищ, Ахку даци, гъутIбузе баккараб? – илан гьикъана дица.

– Дица баккичIониги щиб, гьеб баккараб хурисан, ххаринисан унти бахарал наял рещтIунелъул дир гъутIбузул тIугьдуздасаги.

– ИяхI! Унго наяздасан тIогьодеги бахунеб буго химиялъ лъугьинабураб унти? – ян гIажаиблъи гьабуна дица.

– Дуца гьелда гIажаиблъи щай гьабулеб, ГIабдулагьиласул вас? Мун хабалалъеги щун гурищ вачIунев вугев? Дора гъутIбузда хIанчIазул доб цебе букIараб чIирчIиди рагIарабищ дуда? Яги хабалазул квенчIелалда ругел, раккуриялъе руссине тарал хурзабахъан мокъокъазул къвакъвайго рагIанищ? КъанагIалъана гурищ хIинчI- гъедоги. Цо бугони химиялъ хвезарун, цойги бугони, раккуриялде руссине хурзалги тун, рекьарухъабазул лъимал, нуж, кагътал гелизе лъугьунилан ракIги хун, лъутун ана дол магъил кочIохъаби…

ГьебсагIат, киралиго расандулелги рукIун, свакан, гьека-гьунщиялда ахикье рачIарал Ахкул васасул кIиго – цояв анлъго, цояв микьго сон барал гIадал васазул ва гьезда цадахъ рачIунел, дида жеги лъилали лъаларел, амма гьурмадухъ балагьун Халипал ратилин кколел васазулги ахIиялъ цIуна ах. «Гьале гьаниб буго микьир!» – илан рагIулаан цояв, гIодобе гIаркьелги цIан, гьеб бетIизеги гьесулаго. Ахкул хьегIиялъ лъалхъизавуна гьевги. КъотIизабуна цойги гIечул гъотIоде рахунел рукIаразулги разиял гьаркьал.

**– 3 –**

*«Нилъер бихьун чи кантIугеги,*
*чияр бихьун нилъго кантIаги».*
***(аваразул кици)***

Ниж ахикьан рагъиде рахун рахъиналде, Ахкул васасул васалги рачIана хадурго рекерун.

– ДахIабаба! Дун вакъун вуго, – ян абуна гьитIинас, сверутIа-сверутIаго хIанчIун хутIараб гIечги азбаралде хьуризабулаго.

– Ракъарал чагIи гIечалда тIадищха хурхине кколел? Хекко кверални чурун дида хадур рачIа, – янги абун, гьей цо кIудияб разилъиги гьечIого, богорокъое яхъун ана. Гьагъадин инжит гьабун лъималаца гIеч гIодобе рехиялъги, гъоба хIарщулъ речIчIараб гъолда хадув Ахку валагьараб куцалъги хвезабуна гьелъул рохел. Ахкулги берал къварилъун ана. КвегIаб кьенсерги тIеркIезе лъугьана. Гьеб букIана ццин бахъун вукIиналъул гIаламат.

– Мун цин гьагъаб дуцаго бащадабги кванан хIарщулъ речIчIараб гIечалда хадув а! Хинаб лъецаги чурун, кваназе бокьичIони, бичIун доба къоноялда тIад лъе, – ян абуна кIудияв вацас гьитIинасдехун. Гьев кIудияв вас Салманидаги бихьана жидедаса вохун, кIалгIа-ралъад гIадин вугев дахIададал хIал хисараб, гьев гьаб гьаваго гIадин, кьерхараб куц.

– Ду-дун… – илан «инарилан» абизеги кIоларого, инеги бокьуларого вукIкIуркIкIахъдилевги вукIун, кIкIвенкIкIвениялда ана гьитIинав вац. Гьесдаги бихьана хIалае яхъаян гьарун жив валагьидал дахIабаба доехун юссун араб куц.

– Дун ининха, Ахку даци, гьанже, – ян абуна дица.

– А дурго, гІедегІун ватани, – ян абуна гьес рази гьечІого. – Дида цебе буго Галамалъухъан (нижер росуахада бугеб гІатІилъиялда гьедин абулаан) мун ваккаравго, нахъехун бортизе тІимугъги биччан, квегІаб гъежалъ гьаваги ххалаго, хинаб гьимиялъ бералги лъалъалаго, болъодул тІараде вахъун вачІунев дур инсул сурат. ХІулаби гъаниги, жеги жангун бугеб, боржине къачІадулеб цІудуда релълъунаан дов, мун вачІиналдаса бугеб рохелалъ. Амма рохел ссун унаан досул гІакъилал, гІадамазде бугеб рокьул цІурал бераздаса «метергосезего тІадвуссине кколаха, дада» – ян дудасан рагІидал. ГІодоре риччан куркьбалгун, боржине жан гьечІолъиялъ ракІги бекун, гьеб ракІбеки загьирлъизе теларилан яхІ-махІалда чІараб хераб чудукалда релълъун унаан гьеб мехалъ дов, – илан магІица риччизаруна гьесул берал. – Унго дос цадахъ босун араб, дуеги кьечІого хутІараб хинлъиялда, дуде бикьизе, шуризе санагІат ккечІеб инсулаб насихІаталда хадуб ракІ холарищ дур? Дихъе рачІине руго росулъ хутІарал хараби, рагІизе руго дуда дозул гІумруялъул дарсал, дозул тІурачІел къасдал. Дур гІин жеги мунго гІураб росдал, дурго инсул, эбелалъул, гІадамазул гІумруялъул ургъалие гъугълъун батичІони; дуе басрияб гъанситоялъуб жеги тІубан свинчІеб рохъоялъул гохІазулъ ругел цІадул хІенхІазул кунчІи кагътиде босизе бокьун батани, гьанив чІа. Гурого ралъдахъе нахъеялъул ургъун рахъарал харбалги хъван вукІаниги гІелин ккани, а.

– Ахку! – ян абуна Париханица нуцІихьанги яккун, рази гьечІого бетІерги хьвагІизабун. – МацІалтІе бачІухъе, чІама-къамичІого, кьвагьун балагьизабула гьас рагІи.

– Дир рагІабазда охтеро тІамизе замана гьечІо, Парихан. Дир батаниги гьав дир гьудуласул васасул гьечІо. Дица цІалула гьас хъварал къисаби. Доле Мазгариласулги, ИсхІакъилги, ХІасаниласулги хІакъикъат дидаги лъала, дудаги лъала. Доб ас хъван бугеб куц бихьанищ? Гьададинаб букІуна ритІухълъи. РекІее долъ гьабулеб асар! Инсул рахъалъ хъваралъухъги баркала. Дагьабги лъикІ, дагьабги гъваридго букІарабаниги оло-лой букІинаан. Дуца хъваралдасаги, дуда квешги бихьуге, хІакъикъаталда вугев дов гІатІидавги, гІакъилавги, цІуваравги вукІана…

– Живго гъоркь тейги захІмалъун буго асие, – ян абуна Париханица.

– Цо бугони, Парихан, бихьинчи, эвги рос, рос вукІин гуревги, дудаса лъагІалица гьечІониги, лъабго анкьалъгІаги цІикІкІарав дун гьоркьов къотІизави, гьеб – адаб тей буго. КІиабизе бугони, ГІабдулагьиласул гІумруялъул гьесул васасда лъаларебги лъеберабилел соназул захІматаб мехалъул, дида лъалеб хІакъикъат гІемер букІана. Диргун дандбарабани, батІаго дун гьоркьове вачинчІониги, гьасул тІехьалъе тІокІлъи гуреб, мукъсанлъи ккелароан букІараб, – илан, циндаго къотІновехун вуссана гьев. – ХІадуреха, Парихан, мунго хІулизе Хъатунги ячІуней йихьулин, – абун, циндаго къотІизе тана гьес дида хъинтІулеб хабар.

– ХІулизе янгІаги абугечІоха, Ахку, цо-кІиго рас тІезеян абун те, – ян лъана Парихан.

– РорчІами, чІаго тадал! – илан Хъатуница рагъиде лъугъунаго, сверун къучІби лъугьарал гІисинал, сихІирал, сасу гІадал бегІерал берал дида тІад лъалхъизаруна. – Унго-унгоги ГІабдулагьиласул васищ? Мунагьал чураяв дир Садрудинилгун гІелбащадав чиха, Парихан, ав! Бариян кІодоца ниже нисонахги босун витІун вачІунаан. ЧІабарги жужараб рагьлил махІги бахъараб

нижер гъоркьа рокъов, Садрудинида цадахъ жинцаго бачIараб нисул гьарурал цIурачадалги кванан гурони нахъе унароан. «Нужер аниб, Хъатун ада, батIаго гьуинаб букIана цIурачедги, родотIакарщги», – ян абулаан ас. Эб ридиги аз бачIарабха букIараб. ГIака лъугьинчIелъул нижер азабаралде. ГIумруялъ чияе ригьзабазе гьецIо бахъулев Хъайитмазги вукIунаан, чияе бичизе. – Рокъоехун йилълъачIе, Парихан. Гьаниб квачан бугин, – абун, нуцIихъ эхетун йикIарай Парихан рокъое ячун ана гьелъ.

– Дармие ячун ана, – ян абуна Ахкуда. – Гьадаб чехь бихьанищ дуда? КигIан накку хъванги цIолареб гьадаб гьорги букIаго долъул гъасда щиб баракат букIинеб? Хъизан гIорцIизабулаго хIалги щун Хъайитмазги хвана. Хъатуница мекъи вегьаризеги тIамун Садрудинги туснахъаздаги кIвекIун кIикъойилъ сонал рукIаго вукъана. Дол хваниги нахъе хутIарал Садрудинил васаз, «дахIабабаян» абиларин, даран течIониян диван къотIиялъул, Хъатуница хъантIиги рехун течIо.

ГIага-шагарго дида лъалаан Садрудинил къисмат. Лъазеги Хъатунидасан. Цо къоялъ лъадиги хIалтIуде ун хIохьбахъулев вукIана дун, къаси бачIараб ботIрол унтуца татуги хвезабун вугев чи. НуцIил цIурмил гьаркьихъе гьавугьинан жанахI къотIун унев дир ботIролъ «я, БетIергьан, чIамучIав чигIаги ватугегиха», – ян абураб гьари букIана. Жаниб цIураб, билбагIараб гьумералъул, гьарщи-гьарщиялда ругел чIахIиял курмузул, гIебса йилълъун гурони чIедераб нуцIихъан гьунареб черхалъул Хъатун йиго хъатикь таргьаги ккун рагьдухъ чIун.

– Вигь! Мунгойищ вугев? Месед кие арай? Элъухъе ячIун йикIанин… Элъулги дурги батIалъи щиб гурин, кигIан нужедаса намуслъаниги цо гьари буго, – ян байбихьана гьелъ. Гьеб цеберагIи бицунаго, таргьинисаги бахъун жанахIалъуб цо рахьдал, цо тIорахьалъул, цо багIаргьалил цIураб – лъабго банкаги лъуна. «Гьаб кибе? Щай?» – илан гьикъулев дихъ гIинги тIамичIого, – Жанивехун вилълъа, гIодорги чIун бикьилин дуда диде бачIараб балагь, – ан дидасаги цее жийго лъугьун ана рокъое. Цинги хъуюхъун тамахаб мугъчIвалеб бакIида гIодойги чIун, гIодизеги хIадурлъулаго абуна: – Аллагьасул цIаралдалъун гьарула дуда дун нахъчIвагеян. Нужехъ, хъвадарухъабахъ гIенеккула хъулухъчагIи. Прокурорасухъе Садрудинил рахъалъ кIалъай, месед, кIвараб кумек гьабеян. Садрудинил такъсир букIарабани, баллагьи-таллагьи, яхъинароан къватIие, – ян кIазил рагIалалъ магIу бацIцIана гьелъ. – Живго балагьалда гъоркьа вахъунгеяв Асадулагьица къалам-кагъат гурев, кIалалда такъва гурев, хIатIида тирилъи гурев, КъуръангIан вацIцIадав, дир васасде бугъана жиндирго цIогь. Доле вачун ана Садрудин турмаялде, туризе дир керенги гьабун.

– Ккараб жо бице, Хъатун, гIодичIого? – ян абуна дица. Амма гьелъул биценалдаса цо тIубараб баянго щвечIо дие.

– Прокурорасда хIакъикъат цIехела дица. Амма дун гурев, щив кIалъаниги, такъсир батани, гьес Садрудин тархъан гьавулароха, Хъатун. Гьеб…

– Гьеб дида бичIчIун буго, – ян гьоркьоб къотIизабуна гьелъ дир калам. – Гьесие кьезе гIемераб жо нижер гьечIо. Бугеб ригь бичунги, васасул лотарея бергьун щвараб машина бичунги, цо кIиазарго-лъабазарго гъурущ кьела. АллагьасхIа кьела. КигIанго гIайиб васасда гьечIониги кьела. Садрудиница, цой-

гидал такъсирчагIазе гIоло туснахъалда къо базегIан, кваначIого, гьекъечIого чIела дун. Дуца гьедин абе. Гьеб гIарацги, кигIан дудаса нечаниги, дуца кье, нахъа дица кьезегIан. Гьале дун гьедулей, – илан хъахIилаб зодихъе ритIана гьелъ кверал, – лъагIел сверилалде духъе нахъе буссинабила, АллагьасхIаги гьабила, месед. Росулъ цохIо дур эмен вукIана дир инсухъе къарзалъ гIарацги, гIарац гуреб бугIа-ролъги кьолев чи.

«Гьале ракIалдаго гьечIого бачIараб балагьа», – илан, гьелъул диего гьабулеб гьари-рахьиги рецц гри сасинегIан сабру гьабуна дица.

– Хъатун! – илан абуна цинги, – Садрудинида гIайиб батичIони, прокурорасе гIарац щай кьолеб? Гьеб – цо. Цойги, гIагарай чIужу, дун гьел ришватал какулев чи вуго гIумруялъ газеталдаги, тIахьаздаги. Дуца дун гьоркьов ккун гьеб такъсир гьабилареб. Гьеб – кIиго.

– Мун гьоркьов ккун гьабиларо. АллагьасхIа дуца кьураблъицин бицинаро.

– Дунги гьабсагIат гIарцуда лъикI гьечIо.

– Дурги гьечIеб эб, лъил букIунеб? – илан, цодагьаб хьадарлъана Хъатунил мацI. – ТIахьазухъ гIезегIан жо босулин рукIунин.

– ТIахьалги гIезегIан къо бихьун хъвала, – ян цодагьав хъачIлъана дунги. – Дурго гьал банкабиги росе, дида абуниги гьединал гIадалал жал гIадамаздаги абуге. Дун прокурорасда кIалъала. Гьелъие дуе рагIи кьола.

**– 4 –**

*«ЦIогьги хиянатги хабалъги тIатунеб».*
***(аваразул кици)***

Садрудинил хIалил-мададалъ анкьго класс лъугIун букIана. Хъатунил рикIкIадисеб, амма гьелъул сайигъатаз цIакъго гIагардисеблъун гьабураб гIагарлъиялъул чи ГIусман ГIусмановичасул машина нижер росу рагIалда рещтIараб мехалъ. Машинаялда нахъа цIакъго хIажатаб къайиялъул цIурал хъапалги лъун, хъабхъазде гIунтIун росдал нигIматалги ракIарун, Хъатунги Садрудинги ГIусманил «Победа» машинаялъ шагьаралде рачун ана.

Дир гIелалъул къукъа жахIдагун ралагьана гьезда хадур. Цинги хабар букIана ГIусман ГIусмановичасул дачаялда ругила гьел рукъалъан. Хъатун кIиго батIияб хъулухъалда – рукъзалги къватIалги лъухьулеб хъулухъалда йигила, Садрудин бахчабазул тукада ящикIал, хъапал раччулев вихьанилан. Амма багIараб ххарадал шалги гъуждузде рехун, жеги росулъ цоги лъилниги рукIинчIел рорхатал угъдузул хьиталги ретIун, багIараб хъирмизги кIаркьабазда хъван, Хъатун росулъе ячIиндал, къун ана гъол цере рукIарал харбал. Хъатуница гIага-божаразе рикьарал сайгъатазги тасдикъ гьабуна гьей гьанже шагьаралда щулияб, «жо щолеб» бакIалда йикIин. «Садрудин бензиналда тIад вуго. ГIусманица, дарманас, министерасухъеги ун, эниве тIамизе гьавуна», – ян бицана Хъатуница. Цойги гьелъ гьикъа-гьикъарасухъе кьолеб букIана жидерго минаялъул адрес. «МахIачхъалаялъул кIалалтIа, Буйнакский шоссеялда буго гIалах гIанасеб минаги, нилъер гьадаб КIудияб хур гIанасеб ахги», – ян бицунеб букIана гьелъ. Амма я Садрудинил хъулухъалъ, я рагъда гIахьаллъарав чиясул къоролай йикIиналъ, ялъуни гьанже бищун кIудияв гIа-

лимчилъун (докторлъун) вахъарав ГӀусман ГӀусмановичасул гӀагарай чӀужу йикӀиналъ квергибакъун бараб минаялъ гуро Хъатунидехун росдал руччабазул жахӀда ккезабун букӀараб. Гьелъул бахӀарлъиялъги, гьурмаде, кверазде рехараб багӀарлъи, цӀвакиялъги букӀана. «Нилъ гьанир мугъзада согӀалги рахъун, кверазда пинкьалги рахъун, рокьулел россабазда къвал базе бугеб къасдги ссун руссуна къойил магъилъа. БугӀун цӀураб царгъил тӀивунибе тӀамураб гӀункӀкӀ гӀадин, тӀорахьги гьекъон, нисоги кванан, кепалда шагьаралда йиго Хъатун. Я херлъиларо, я свакаларо гьей. Цо жиндасаго васгӀанги гьитӀинав гӀоркьиласеги ина», – ян абулаан гьез цоцазда.

Гьез абухъе ккезеги ккана. ГӀусман ГӀусмановичасул шоферас, гӀолохъанай лъадиги кӀиго лъимерги рехун тун, ячана Хъатун. Гьесул гьитӀинай яц Садрудиниеги ячана, гьесул рекӀелхвей къинабизе къасдалда.

Шагьаралде щварал гӀадамаз бицунаан Садрудинилги Хъатунилги «хъала гӀадаб» минаялъулги, «гӀалах гӀадаб» ахалъулги, эзул «гӀаданлъиялъулги». Гьез жидеда тӀад рещтӀарал росдал гӀадамазе гьабураб гӀаданлъиялъухъ ужра бакӀаризего гӀадин (дида ракӀалде ккараб пикру гуро, цӀалдохъан, гьеб, гӀайиб гьабуге, Ахкуца гьеда-ворчӀун бицана, гьедин бугила гьебан, божана дунги), лъагӀалидаса лъагӀалиде Хъатун росулъе ячӀунаан. ЯчӀунелъулги даран-базаралъе жоги камулароан. Гьей нахъюссун унелъул, сайгъат-саламгун лъагӀалида жанир цохӀо нухалъ шагьаралде гьелъухъе гьоболлъухъ щварал гурелги, щвезе ракӀалда бугелги Хъатун тӀойитӀизе росурагӀалде рахъун рачӀунаан.

Гьедин тӀегьан бачӀунеб букӀараб Хъатунил гӀумруялде, ракӀалдаго гьечӀого гӀазу бана. Цин кодоса, лъабабилеб нухалъ тӀорахьалъул хъабаги нисул гургаби бахъун, рахьдал заводалдаса жийго нахъе гъуна. Нахъе гъун течӀого, милициялъ терезаюлей йикӀун, лъикӀаланго гӀарац харж гьабизе кканилан хабар букӀана. ГӀусман ГӀусмановичги ришватал росунилан институталдаса рикӀкӀад гьавун, гьесдехун букӀараб мугъчӀвайги бекана Хъатунил. Гьеб мехалде, циндаго лъадул херлъиги тӀатун, жиндирго гӀадаллъиги бичӀчӀун, гӀолохъанав шоферги, чемоданги баччун, Хъатунил гъоваса тӀагӀун ватана. Эбелалъул божи гьанже цохӀо цо вугев вас Садрудиниде букӀана. Лъадухъеги биччачӀого, щибаб нухалъ хӀалтӀудаса хӀалхьезегӀан гӀаракъиги гьекъон, хьвархьвариялда вачӀунев гьесул, гӀаракъиялдаги къвинабизе кӀвечӀеб, бензиналъул махӀ бахъараб, гӀурччинаб, чорокаб ратӀлил чунтбухъе Хъатун яккулаан. Щаялиго, бищунго гӀемер лъаб-лъаб гъурщал ратулаан, адаб гьечӀого гургуризеги гьарун, чунтбузухъе ругӀун. Хъатуница гьел, нахъарокъоеги ун, тӀад итуги кьабун, ритӀизе гьарун, тӀатӀала сокӀкӀунаан. Цинги гӀарац гӀумру къокъаб жо бугилан, гьеб меседил къайиялде буссинабулаан.

Цо нухалъ Хъатун магӀарухъа юссиналде кӀиго батӀияб рахайги бугеб гъамас чӀехьа-рехьон батана. Гьеб бахчараб бакӀ цохӀо жиндагоги, жинда тӀаде валагьарав Аллагьасдаги гурони лъаларилан кколаан гьелда. Дагьаб жо хутӀана гьей гӀадаллъизе. «ТӀокӀаб лъилниги хӀалтӀи гуро, гьаб гъванщул – нусалъул хӀалтӀи буго. «Садрудиница босун – бабаца бахчун», – илан гаргадун ятана цееги гьей. Гъалал ххалей йикӀарай нус Субайбат, гъалазде хьухьунаго нуха хутӀарал расалги цӀан, доехун рокъое ячана. «ГьабсагӀат бице кибехун гӀарац-месед бахчарабали», – ян тенкезаюна гьалъ гьей къадалъ. «Эбел!.. Хъатун!.. Дуца бицунеб щиб! Кинаб гӀарац-месед?» – илан гӀодана

Субайбат. «Кинабали къад квараб хинкIгIанги бигьаго лъалеб дуда», – ян ахIдана хартIан богорукъалъул столалда тIад букIараб нусги кодобе босулаго Хъатун. Рагьун букIараб богорукъалъул гордухъан къватIие кIанцIун Субайбат тIурана, гордухъан кIанцIизе чехьалъ чорхол жанги гIечIого, нуцIихъан Хъатунги гьелда хадуй йортана…

Гьеб букIана рукIкIел рехулеб гIуж. Хаслихълъиялъул квач чIвараб мех. ХIарщул цIураб къотIносан хехго бачун бачIунеб машинаялде гъоркьеги ккун хвана Субайбат. Гьеб мехалъ, батаралъубе рехун нусги балагьизабун, машинаялда хадуй йортана Хъатун. Гьалда гьелъул номерал ратIа рахъизе кIвана…

Цинги «гьуя-гьарайги» бачун, хIалае мадугьаллъиги ахIун, рокъое йосана гьелъ Субайбат. «Пулан! Рос вачIиналде чурпаги гьабун чадида хадуй екерулей йикIарай гIаданалъе гIасияв шоферас гьабураб жо бихьулищ? Дир васасул рукъалде бачIараб балагь!» – илан магIаби гьаруна гьелъ. Субайбатги юкъун, рокъое щведал, васасда цебе лъуна лъади чIвараб машинаялъул номер. «Бокьани жанив тIамизаве гьев хъурумсахъ, бокьани бахъун машинаялъул багьаяб гIарацгун живго те. Мехтун вукIун ватила… Гьев туснахъалда тIамиялъул нилъеде бачIине жо гьечIо. Ургъе мунго», – ян гьесие ургъизе гьеб пикруги рехун, гьай Субайбатил рокъоеги ун хъирщадана. Щибго батичIо… Шофер абуни, «гьазул талихIалъ» (гьедин рикIкIуна Хъатуница) гIезегIан ресалда вугев, «викьарухъанасул» вас ватана. Гьес кьураб щуазарго гъурущги босун, Садрудин вачIиндал, Хъатуница гьабураб къо-мех: «ЦIакъ учузай йикIун йиго дуе Субайбат. Дидани дагьай хирий ятилин ккун букIана. Щуазарго кьолез анцIазаргогоги кьелаан букIараб. ЦохIо чIужу чIванищ гьез мун тарав, хIинкъиялъ лъимадаги мацI кIочон танин! Гьаб сах гьабулаго дагьаб харжищ гьанже дур инеб?.. Бихьея, дихье кьея гьеб къвачIа», – ян щуазарго гъурущ жаниб лъураб чIегIераб къвакIараб кагътил къвачIаги босун ана гьей ва анлъазарго гъурущги босун ячIана. Босизени гьелъ анцIазарабго босараб, васасда гъодин абуниги…

КватIичIого хIалтIудасанго милициялъ вачун ун ватана Садрудин.

Хадуб букIана суд. ЦохIо Садрудин гуро гьенив вукIарав, гьес тIокI гьабун ва гьересиял талоназухъ бичун бензингун босараб гIарцул бутIа щварал тIадчагIги рукIана. Садрудинил мукIурлъиги хIисабалде босун, гьесие щуго сон кьуна. Ригьги гьениб бугеб къайи-къоноги пачалихъалъе бахъизе хIукму гьабуна. Рос рагъда гIахьаллъарай гIадан йикIин хIисабалдеги босун, ахги, ахикь бараб кIиго гьитIинабго рукъги Хъатуние тана.

Судалдаса хадуб милицабаз туснахъалде вачун унев Садрудинида аскIое кIанцIана Хъатун.

«Алжан улбузул хIатIазда гъоркь бугилан» кици тIамулаан, эбел дуца. Огь, дун мекъи ккарав куц! – илан абуна гьес. – Гьарула ясалъулги, ахалъулги тIалаб гьабе. Хасго цIулакьодул гъветI цIуне, – дирго кверsuccessfulалъ чIараб долъго баракат лъазабуна нилъер рукъалда, бикъун щвараб боцIиялдасаги… Иншааллагь хадубги гьабила».

Я гьеб мехалъ, я гьелдаса хадуб щибаб кагътида туснахъалдасан цIулакьодул гъотIол бицен гьабун бачIиндал, Хъатун, гьададигIан гъваридай, гIакъилай, гIумруялъул дарсал цIаларай гIадан йикIиналъул, сундего кантIулей йикIинчIо. Цинги хадуй щакдаризе лъугьана: щай васас гьадигIан цIакъ

гьаб цIулакьодул гъотIол ургъел гьабулеб бугеб? БитIараб буго, гьелдаса щибаб соналъ лъабго хъап цIураб цIулакьо бахъула. Гьелъул щибаб кило микьго гъурущалде бичунги уна. Гьеб бичизеги гьанжего гьанже мацI лъазе лъугьарай Садрудинил яс Айзанат тIамула гьелъ, яги Айзанатги семичка бичизе базаралъул кавудахъ тун, жийго гьай чIола цIадирабазда нахъа… Цойги, Садрудиница абухъе, цIулакьодул гъветI азбаралда букIиналъ гьазул минаялде тIутI-кIкIараги къаларо. Рокъоб ратIлида иц бангутIизе гьелъул тIамхазулги сабаб букIуна. Амма, цойги рахъалъ, цIулакьодул гъотIол гьава гьедигIанго беццуларо.

ЧIечIого рачIунел рукIана Хъатунил рекIелъе, цин рикIкIада бугеб кIкIарадул зузуй гIадин, цин гIагарда бугеб бацIил руруй гIадин, дагь-дагьккун кIодолъун унел щакдараби: щибго гьечIого Садрудиница гъветI цIунеян гьари балароан. Гьениб цо хIикмат бугоян. Цо сордоялъ яхъун, гьелъ, моцIрол канлъухъе гьелда сверухъа бакI бухъана. Рахчирукъал гьарун ругьунай Хъатунида гьениб бахчун батилин васас хазинаян ккана. Доб къоялъ жиндир гъансиниса босараб месед-гIарац киб бугебан гьикъидал, Субайбатие гьелъ асар гьабичIеб куц цебе тIамуна. Гьанже гьалъ щибаб долъул ишара, щибаб балагьи хIисабалде босулеб букIана. «Цосинаб Садрудиница добги босун, дица гIадада чIванадай дой?» – илан цIоро-гъорораб гIетIги бан, бусен кIвекIулей йикIунаан Хъатун макьуги тIурун. Жиндаго бугеб хIакъалдасаги, жинда ккараб мунагьалдасаги хазинадухъ бугеб гIащикълъи бергьунаан. Гьей сардилъ яхъун, къад ун, цIулакьодул гъотIода нахъа юхъарулаан.

Цо нухалъ канализациялъе жидер букIараб бахча къотIун цIияб больницаялде турбаби лъезе рахъ бахъизе бачIараб бульдозералда цее чIана Хъатун, къвалакь Садрудинил ясги ккун. «Нижги чIван, нижеда тIасан бахъе рахъ», – иланги абун. Щай абуни, битIун цIулакьодул гъотIода гъоркьан гIебеде кколеб букIана гьеб. Бульдозеристас, ахIун инженерги прорабги рачIана ва гьай, рагъда чIварав солдатасул «гIадаллъарай» лъади сабаблъун жалго такъсиралде ккезе гурилан, гьазул гъотIодаса лъабго метраялъ добегIанисан бахъана рахъ. Гьеб бахъулелъулги аскIоса кьуричIо Хъатун

КIиго сонги бащадабги жаниб барабго хассаб хъаравуллъиялда гъоркь хIалтIизе МахIачхъалаялде виччан вачIана Садрудин. Шагьаралъул рагIалда мина балеб бакIалда вукIана гьев хIалтIулевги. Гьесухъе чанцIулго щвана ясги ячун Хъатун. Гьес ахил, хасго цIулакьодул гъотIол хIакъикъат цIехедал, нахъойги щакдарана эбел. «Исана гьарзаго тIегьан буго. БачIинги бечедаб букIина, тIабигIияб балагь ккечIони», – ян жаваб кьуна гьелъ.

Цо моцIидасан лъикI хIалтIаралъухъ хIохьбахъиялъул къо рокъоб базе виччан вачIана гьев. Ахалъухъ, хасго жеги кIодолъун, рахъ-рахъалде тIиритIун арал гIаркьалабиги гIурччинал тIамхаз руччизарун бугеб цIулакьодул гъотIохъ гIащикъго валагьана гьев… Сардилъ абуни, гIассияб чIичIийги рагIун, рагьдухъе кIанцIарай Хъатунида почалъул рагьдухъ чIвараб хIобода бараб чирахъалъул канлъухъе ракI гъанцIулеб сурат бихьана. ЦIулакьодул гъотIода гъоркьги ккун, унтул кутакалъ ракьги хIанчIун балаго, Аллагьасде ахIи балев вугоан Садрудин. Гьесул согIаххарал килщазда гъоркьосан далдалун ругоан меседил рахсал, жавгьарул маржанал. ЦIулакьодул гъотIол гIаркьалида кенчIолел ругоан гьел.

Гьезде хапизе лъугьарай Хъатунида, гьел маржаназда гъоркьосан гIодобе шурун бачIунеб борохьги бихьана. «Вуя! – илан ахIизе гьакIкIараб кIал, Сад-

рудинил ахIиялъухъе вортун вачIунев почалъул хъаравуласул каранлъ жийго тункизегIан данде бачине кIвечIо гьелда.

– До-доба! – ян абуна гьелъ, гьесда тIирщун ракьалда ккарав, борхьил загьруялъул бухIиялъул хIаталдаса араб унтул гIазабалъулъ холев васги, гьесдаги хIанчIун шурун унеб борохьги бугеб рахъги бихьизабун.

Гьес, «гьай нажас!» – иланги ахIулаго, тункIил хъундагъалъ борхьил бетIер чIинтIулеб куц бихьидал, рухIго гьечIел хIатIал тIамуна Хъатуница васасда сверухъ риххун ругел меседил тIагIелазда аскIобегIан. ХIинкъадго, гьез жинда загьруяб хеч хIунсилеб гIадин, кодореги росун, босун чангояб лъоробе рехизе кIвана гьелда. Амма тIокIалъе къуват гIелелде, ай гьей рекIеда ятилалде, милицаялъулги «скорый помощалъулги» машинаби тIаде щвана…

Садрудиница гъотIол кIиго гIаркьалида гьоркьоб гьитIинабго каратIги бахъун, гьениб бахчун букIун буго эбелалъул гъансиниса бикъараб бечелъи. Гьеб каратI, тIад гьенисанго къотIараб гъотIол макъарги седон, лъиданиги лъаларедухъ, бахчун букIун буго. ЦIулакьодул гъветI рихараб загьруяб борохь, меседил махIалъ бачун буго гьенибе. ГIадамаз абулаан: къисматалъ бачун бугила гьебан. Садрудиниеги гьесул эбелалъеги Аллагьас гьабураб тамихI бугила гьебан…

Гьелъул рахъалъ Ахкуца гьанже Садрудинил ясалъги рехун тун (гъолда лъимадул ригьалда бихьараб кIочон батиларо), чиякъго, чиякъ йикIаниги, гьадабго дармида йигей Хъатун хIалица хIохьелги цIалаго, хIерхиялда гьаюгьинан азбарги къотIун къватIие индал, дие гьадинаб хабар бицана:

– Цо вас асирлъуде ккун вуго тушбабазухъе. КигIан гIазаб кьуниги, гьес жиндир гьалмагълъи къватIиб чIвазабун гьечIо. Жиндие кьураб тIадкъаялъулги, тIирун чIун, баян бицун гьечIо. Хвелалде цебесеб гьари щиб дур бугебин гьикъидал, гьес абун буго: эбел ахIе жиндихъеян. Гьелъулгун къо-лъикI гьабизе бокьун бугилан. АхIун ячIун йиго эбел. Васас, гьелъул кверазда къочун, къо-лъикI гьабун буго. «Баркала дуе, хирияй. Дуца дида гьитIинаб къоялдаса нахъе гьудуллъи цIуне, ккараб къо хIехье, хIажалъани вижараб ракьалъе гIоло гIумруги кьеян малъана. Гьеб дур малъиялъе хилиплъичIо дун», – илан. Гьеб калам рагIидал тушбабаз, гьадинав бихьинчи чIвани нилъее цIар щвеларилан, гьев чIаго тезе хIукму гьабун буго.

Цойги вас ккун вуго цIогьодулаго. Гьесиеги хIукму къотIун буго гьанкъизе. Гьесдаги гьикъун буго дур ахирияб гьари щибан. Гьесги къо-лъикI гьабизе эбел ахIе жиндихъеян гьарун буго. ЯчIун йиго эбел. Васас абун буго: мацI бихье эбелан. Гьелъ мацI къватIибе битIарабго, васас хIанчIун буго: «Щай дуца гьеб хIанчIарабин цIехейдал, васас жаваб кьун буго: «Хоноги бикъун вачIиндал, чахъуги щай бачинчIебан бадибчIвана. ТIоцебесеб цIогь дица гьабурабго, гьелъ кIал чIварабани, дида бичIчIилаан букIараб цIогьоди квешаб жо букIин. Эбелалъ куцана дун гьеб квешаб ишалде», – ян.

* * *



КъогогIанасеб тIехьалъул автор, Дагъистаналъул халкъияй шагIир, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб республикаялъул Пачалихъалъул премиялъул лауреат, ДРялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан Марина АхIмадовалъул цIар цеего машгъурлъана Дагъистаналдаги, лъала нилъер республика бахун къватIибехунги. Жиндирго асарал хъваялдаго цадахъ гьелъ, гIурус мацIалде руссинарун, хасал тIахьал гьарун, къватIире риччана Расул ХIамзатовасулги Дагъистаналъул цогидалги поэтазулги кучIдулги поэмабиги. ГьанжегIагар поэт ва переводчик Марина АхIмадовалъе кьуна кIиго къадруяб литературияб премия. Гьезул тIоцебеселда цIар буго «Парнас – премия Анджело ла Венккья» абун. Гьеб ккола дунялалъулго махщел камилал поэтазе кьолеб халкъазда гьоркьосеб литературияб премия. Гьединго М.АхIмадовалъе щвана, гьелъ цоги мацIаздаса гIурусалде руссинарурал асаразе гIоло, ТIолго Россиялъул «Слово связующая нить» абураб премияги.

Гьеб кIиябго премияги баркулаго, тIадеги чIахIи-чIахIиял творчествоялъулал бергьенлъабиги гьарулаго, кьолел руго нижеца Марина АхIмадовалъул магIарул мацIалде руссинарурал цо-цо кучIдул.

**ХIАМЗАТИЛ РАСУЛИЛ ЦIАР ЛЪУРАБ ГАМА**

**Ццидахун гьелчолел, квачIид рахъунел**
**Карачелабазул сан гьабичIого,**
**Ралъдал рагIаллъуде хIалакун буго**
**ХIамзатил Расулил цIар лъураб гама.**

**Гьалъие маякалъ канлъи битIула,**
**КверхьвагIун гIадамаз салам гьабула;**
**Нахъеги цIидасан сапар бухьине,**
**Свак чучизе гIадин рагIалде щола.**

**Баку, Ираналде – киса кибего**
**Каспи ралъдатIа гьалъ свери бахъула.**




**БукIаниги, гьанже океан къотIун,**
**Эркенго хьвадизе гьалъул рес гьечIо.**

**Заманалда рекъон гIумру хисана,**
**ГIемер бакIал нилъей чияраллъана.**
**Лъала, гьаб гамида цIар лъурав шагIир**
**Дуниялалъулго гьудул вукIана.**

**Бахъина нахъеги гама сапаралъ,**
**Сверила цIидасан ругьунаб ралъад.**
**РегIила гьаб нухда, къо-лъикIги гьабун,**
**Гьадинго нахъеги нахъбуссинелъун.**

**Ина гьаб гьадалго гIатIилъабазде,**
**ГIагараб ракьалъул вакил кинигин.**
**КигIан цIакъ релълъарал ругел гьал гуми**
**РекIей рахIат гьечIел шагIирзабазда.**

### ГЪ У Н И Б

**МугIрузул тIогьибе августалъул бакъ**
**ЦIияб къо баркизе бахунеб буго,**
**Къадру тIадегIанаб Гъуниб росдатIа**
**ТIавап гьабун, цIумал роржунел руго.**

**Дун ялагьун йиго, хIакъикъаталъул**
**ХIикматаб асаралъ квердеги йосун;**

Ратизе бегьула гьанир зобазда
Дол муридзабазул рухIал сверулел.

Гъоба гъварилъуда кьурул рагIалда,
ГIагараб ракьалъул борхалъиялда,
Жибго кечI кинигин, роржине къачIан,
Къункъраби рихьула маххул гьарурал.

Амма ккола гьезий гьаб гIагараб ракь
Рехун тезе дагьаб захIмат бугилан.
Гьел ургъулел ругин, борхалъиялде
Рахинелде цебе цодагьаб мехалъ.

БачIунеб батизе бегьула цебе
Гьезда доб гIассияб рагьги гъугъайги;
Гъунисан балагьун, хIисаб гьабуни,
БатIияб цо тIокIлъи лъалхъула рекIелъ.

Гьаниб тIабигIатго буго батIияб,
ТIадегIанас хасаб берцинлъи кьураб.
Кин балагьаниги, сверухълъиялъул
Берал рэдулеб бихьула гугьар.

Жакъасеб къоялъул лъугьа-бахъиналъ
ХъахIабгун чIегIераб гIемераб буго.
Гъуниб росдада тIад хьухь гьечIел зобал
РацIцIадго, роцIадго хутIаги даим.



## ХIАЖИ - МУРАД

Лев Толстойги ватила
ВукIун кидаялиго
Гьаб мугIрузул ракьалда
Рагъазулъ гIахьалъулев.

Гурони, «ХIажи-Мурад»,
Машгьураб гьесул къиса,
Наслабаца цIализе
Батизе рес букIинчIо.

Гьаниб, доб цебесеб мех,
Биценалъ хутIун буго,
РукIинесел гIелазе
ГIакълулулъун батун буго.

Заманалъул хIур-кIучалъ
Щибниги бахчун гьечIо,
РекIаразул чуязул
ТIваркъи рагIулеб буго.

КIочене теян абе
Дол согIал рагъал Хунзахъ,
Аллагьасул хIукмуялъуялъ
Кинабниги хисана.

РакIалде щвезарилин
Цоги нухалъ бахIарзал,
Кавказ, ниж дур асирал –
Гьеб Бичасул хIалкIолъи.

Амма асирлъиялде
Зулму-хIалалъ росичIо…
ХIайранлъула магIарул
ГIакъиллъи-чилъиялда.

ХIажи-Мурадгун ХIамзат,
Дунял мукIурав Расул,
Хунздерил тIалъиялъул
ТIокIлъи борцунел васал.

Нужер гьунар-цIаралъул
Бицен кибго рагIана,
Наслабазе ирсалъе
Мисал нужер хутIана.

ВукIарав лъикI гьанивги
Кидаялиго Толстой,
Тарихалда нилъее
«ХIажи-Мурад» хутIизе.

## РУГЪЖАСА ЭЛЬДАРИЛАВ

Цо хIохьитIа гьекъана
Поэтас загьродул лълъар…
Гьурмадасан чвахана
Хвел гIагарлъун гIетIул лъар.

Йокьулелъул ишанал
ГIададисел рукIана…
Рокьул талихI гьечIеблъи
Лъалаан шагIирасда.

Гьаб берталъ бахIаралльун
Мунги гьейги рукIинчIо,
Гьелъин дуниялалъул
Дуе ургъел букIинчIеб.

Аммаха бахIаралъул
Беразулъ магIил гарал;
БичIчIана духъ балагьун,
Гьелда тIолго хIакъикъат.

Босана дуца кодой
Ахирисеб нухалда,
Ахираб кечI ахIизе
Дурго хирияб чагур.

Бакъан гьелъул рекъечIо,
Гьаракь кочIол лъугьинчIо,
Лъана гIумруялъул чIчIва
ГIажалалъ тIолеб букIин.

ТIокIаб хIажалъиларин
Квер хьвагIун тана чагур…
ГIоде мугIрул тIабигIат,
ГIолохъаби, хараби.

ГIумру тIегьалеб ригьалъ,
РекIелъ цIа бугеб гIужалъ,
Ругъжаса Эльдарилас
Абадиялъ танин нуж.

Ва амма шагIирасул
ХIухьел къотIананиги,
КъотIичIо гьал мугIрузда
Гьесул бицен жакъаги.

Досул хIасратаб рокьи,
Досул хIайранаб шигIру –
ГIелаз гIелал хисана,
ХутIана наслабазе.

* * *

ЧIахIиял шагьарал рокьула дие,
Гьезие ахIи-хIур хIажалъуларо.
РукIкIен, харилъ гIадин, риланигицин
Берцинаб бегьула гьабизе гIумру.

Бечедав, мискинав ватIа вахъулеб
БукIунаро хаслъи гьалъул байдабахъ.
Рорхатал тIохазда сверула кутул,
Доба хъахIилзодихъ парпала маккал.

Тормозазул къиркщи, трамваязул хъуй,
Цоцалъ жуба-гъубан гьаниб кидаго.
Хасалил цIоройги, роол бухIиги
ХIехьезе рекIее букIуна бигьа.

НекIсиял къватIазда тарихалъ тарал
Азарил соназул лъалкIал рихьула.
Заманги ц1ехеч1ого, кидаго гьаниб,
ГIолохъанлъиялъул бук1уна гугьар.

Кинабго кIочон тун тIубараб къоялъ
Бокьула свердизе кьер-кьерал къватIахъ.
Пикрабалъ паркъула кидаялиго
Рохелгун пашманлъи гьаниб букIараб.

Бокьула рагIизе накIкIуда гъорлъан
Доба паромазда ругьунал гьаркьал.
Жибго къисматалде хьул лъолеб гIадин,
Божилъи бижула балъго гумузде.

Кьеркьерал кьоялги галереялги –
Гьабула киналъго хIикматаб асар.
Кидаго лъидаго йихьулаAccording к:
Эркенго бокьула хьвадизе гьаний.

ЧIахIиял шагьарал цIакъ рокьула дий,
ЧIалгIен киданиги лъаларо гьениб.

## ВАКИЛ

«Кьвагьдоге роддомалде, кьвагьдоге роддомалде, -
Гьелъие бахIарчилъи лъийго хIажалъуларин.
Лъималазул чIарталги росун гьале гьабсагIат
Гьарун телин байрахъал рорхун эхеде кквезе»

Акушерас, басрияб рукъ чурулеб тIилида,
Бухьана хъахIаб халгIат, чурараб бугониги.
Беразулъ жуба-гъубай, кколелъул гьечIеб хIисаб,
Берцинго гьебги борхун, унев вуго цевехун.

Гьениб маскIаби ххураб мугжузул агьлу буго,
Жалго гъорлъ тIерхьинегIан тIад ярагъ-матахI бараб.
ХIинкъарав тохтурасул гьурмал кьер буго хисун,
Гьесул божилъи буго Бичасул гурхIелалде.

Лъебаралда лъабабго лъимер больницаялда –
ГIиса аварагасул сонал щола ракIалде.
Тохтур хIалакун вуго, гьев цевегIан вачIана,
Цо лахIзатцин билизе бегьулареблъи бичIчIун.

Хвел гIагарлъулеб лъайдал, бихьулеб буго гьасда
Жиндирго хIатIазда гъоркь ракь сородулеб букIин.
«Кьвагьдоге роддомалде! Кьвагьдоге, кьвагьдоге нуж!» -
Гьасул ахираб ахIи рухIбахъигун жубалеб.

Лъебералда лъабалго гьитIичал рукIана дол,
Гьанже къого сонил гIуж – гIолиллъиялъул завал…
Доба борхалъудасан тохтурасул рухI буго,
ХъахIаб байрахълъун лъугьун парпадилеб шавкъалда.

*Руссинаруна М.ПатахIовас.*

* * *

*Вас Мурадие*

Нилъее бечелъи къваригIинаро,
Сундасанго бищун тIокIаб бугелъул.
Рохараб, разияб гьале гьаб вацлъи,
Гьелдасаги цебе бидул гIагарлъи.

Биччанте нилъер рес рекIей гIечIого
ТIатараб хьимигун гьобол кIалъазе,
Рахьдал шишаялъуб лъураб розадул
Гьайбатаб берцинлъи гвангъун бихьулин.

**Биццат бараб гІазулъ гьвел гІавусдилъун**
**Биччай хІалагъине хІалцараб чайдан,**
**Вохайилан абе ракІ-ракІалъ гьобол,**
**ЛъикІаб бакъаналъул нугІлъун лъугьарав.**

**Дийги дуйги къадру къваригІинаро,**
**Гьелдаса нусцІулго цебесеб буго**
**Рихьдаелъун гуреб, унго-унголъун**
**ХІеренго цоцазул гьабулеб тІалаб.**

**ЧІегІераб жахІдаги жаниб течІого,**
**Бокьарав нилъеда бахиллъе абе.**
**ХІинкъуге, рукъалъул тІолго буголъи,**
**ТалихІалъ, нечезе ккараб гьечІелъул.**

**Нилъ кІиялго цадахъ ругебгІан мехалъ**
**Бажарахъе дица мунги цІунила,**
**ЯхІ бахъула, щивго барщунгутІизе,**
**Горо-цІер кьолбода щунгутІиялъе.**

**Дийги дуйги икъбал къваригІинаро,**
**Гьелдаса нилъее къабул бугелъул.**
**Лъималазул цІумур звангъолеб релъи**
**ГІинда рагІулелъул, гьеб гурищ талихІ.**

**Гьабизе биччанте тІатараб гъоркьчІел,**
**Рохалие гІоло гІумру семизе.**
**Дунялалда гІицІго цохІо гьебгІаги**
**ХІажалъани, тІасалъугьин гьарила.**

## ЛЪАБГО ЛЪИКІАБ ЦІАР

**Чияр нухазул хІур кІутІулеб буго**
**Дирго ратІлидаса, дирго рекІелъа.**
**Билараб кІул буго дица цІехолеб**
**Араб гІумруялъул – гІолохъанлъидул…**
**Данде эбел йиго дида яхъуней,**
**Хъаталги дандкьабун даим йохарай.**
**Гьей кидаго лъикІай, кидаго тІокІай,**
**Гьелъ гьитІинабго квер рекІеда лъола.**
**Амма рагьумахІу нижеда гьоркьоб**
**ГІорхъилъун лъугьана кидагоялъе.**
**Гали тІамун буго тІино гьечІелъуй.**
**Гьале гьаниб нижер халатаб жанахІ –**
**Дир лъимерлъи доле, бокІнилъги кІусун,**
**Гьелъ гордабигъ борхун, диде къинкІулеб.**
**ГІолохъанлъиялъул гьалагаб бидулъ,**
**Доба гьечІо щибго лагълъи, мукІурлъи.**

**ЧIужугIаданалъул цIарулъ цолъула**
**Анищги, Божиги, жибго Рокьиги.**
**РагьумахIу бахун – гьаб цояб рахьалъ**
**Гьеб цолъизабизе кинго кIоларо.**
**Гьезие кьун руго батIиял нухал,**
**ГурхIел гьечIел ккана гьезул сапарал.**
**Доб лъабго лъикIаб цIар цолъизабулеб**
**Цо кун батичIого, гьечIо щоларо**
**РекIел гIодойбиччай. Бигьалъуларо.**
**Цинги гIакълуялда ятулей гьечIо,**
**Чияр нухазул хIур тIаса кIутIизе,**
**Цо-цоккун киналго каранде къазе,**
**Цо-цоккун гIагарлъи аскIой ахIизе,**
**ГIагараб ракьалде дун тIадюссана,**
**Амма ракь хIатIакьа тIун анин ккана.**

*** * ***

**ЧIагояб ракIалъе гIазабкьей гIадин,**
**Дие рокьуларо гъутIби къотIизе,**
**Жаниса хIинкъиялъ къварилъун ругел**
**Гьезул рихьуларел рухIазул сорой.**

**Дие рокьуларо, релълъунареца**
**Бадибрецц гьабизе гьарулел хIаял,**
**ХIакъикъаталда гьез босулеб рецIел,**
**Сордо банцин намус жидехъе щвечIез.**

**Дие бокьуларо гьудуллъиялъе**
**РитIухълъи цIунилин гьедулел гьаял.**
**Жакъа къваригIунев, сценаялдаса**
**Нахъе гьавуравго, гьесие хиси.**

**Дие бокьуларо гьунар гьечIеца**
**Базаралде бачун, бичулеб шигIру.**
**Гьединавго гIабдал, гIакъиллъунги хIан,**
**ТIалъи балагьизе лъугьунеб гIамал.**

**ГIицIго дий бокьула, ралъдалъан къватIий**
**НакIкIалги нахъе гъун, гвангъун щолеб бакъ.**
**Гьерсихъанлъиялда ва хъачIлъиялда**
**Гьелъ ритIухъ гьабизе жиндир бергьенлъи.**

*** * ***

**«РачIа, лъазабизин руцIцIунчIараб век,**
**Век гуреб батани, цо лъагIелгIаги…»**

РуцIцIун кинан чIелел, рачIарал кучIдул
Кинаб гъансинир лъун нахъе цIунилел?

Гьел бецIаб накIкIукьа къватIир кIанцIарал
ЦIваби гIадин гурищ гвангъизе кколел.
Гьезий канлъи къани, хIакъ букIинарищ,
Гьезда рахай бани, хвел гIунтIиларищ?

ВуцIцIун шагIирасда чIезе кIун хадуб,
Сундулго гьесулъе ургъел лъугьинищ,
Берцинлъиялде гьес кечIищ ахIилеб,
ХIалихьалъиялде рагъищ гьабилеб?

## ГIАНХИЛ МАРИН

Дида бихьула рагIад – ГIанхил Маринил рагIад,
РукIкIаца кIал букъарай, кIутIби бидулъ росарай.
Амма гьелъул кечI даим мугIрузда босаххараб
Дандерижилъун буго, нилъеда бичIчIулареб.

РукIкIадул гIужал тIагIун, кIутIбиги дандрегъана,
ГIасрабиги гирана, ругъун сахлъулеб гьечIо.
Бидул къатIра щваралъур тIугьдул раккулел руго,
Тюльпаназги маказги тIамчал рагьулел руго.

ЦIобтун къватIий къотIарай мугIрул кочIохъаналъул
Макьугун рахIат лъачIеб рухIалъе хIалхьи гьечIо.

Гьелъие бокьун буго хIасрат буцIцIунчIеялъе
КьогIаб хIукму къотIараб къоялде нахъюссине.

* * *

Маххул кIалдираял цабзакьги рукъун,
ГIалхул чуял гIадин, роржунел соназ
ГурхIел гьечIеб заман хъамулеб буго
Добе кибеяли цо бецIлъиялде.

Нилъгоги руго нилъ рекIарал гIадин,
Роржун унел гъоре тIинугьечIелъуй.
ЦIорой буго хурхун лага-черхалда,
ХIурул чIчIва нахъа тун, кIкIуйдул накIкIги лъун.

Доб тIинугьечIолъи гIагарлъанагIан
Рортизе рес бугеб гъварилъиялде,
Балъгояб хIайваналъ хIухьел биччалеб
ЖужахIалъул кIкIаллъун гьакIкIараб кIалдир.

**Амма жалалълъ хурхун, хвасарлъиялъе**
**Тулаклъиялъ цере руго роржунел,**
**Щаяли ракIчIараб божилъи буго**
**ТIамураб можоро битIбугеб ккелин.**

*** * ***

**Дун къадако гуро зарукь къан чIезе,**
**Дун къункъра кколаро накIкIулъ лъедезе…**
**Дун йиго гIорда тIад раса гIадинан,**
**Яги ралъдада тIад гама кинигин.**

**Дун лъедола дийго бокьаралъуе,**
**Дирго бакъаналда рекъараб хIалалъ.**
**ЮцIцIун чIезе ккедал, дун гIенеккула,**
**КечI бачIараб мехалъ, гьеб ахIун тола.**

**Зодоб цо цIвайица дий канлъи кьола,**
**Киналниги нухал гвангъун рихьизе.**
**Цо рокьи буго дир рекIелъгин бадиб**
**Я къосун ккечIого, я кьерхинчIого.**

**Чан соналъха дунгун бугеб пашманлъи**
**Каранде бегараб, нахъе унареб.**
**Гьеб ралъадалъ даим цееги тIамун,**
**Жиндир рагIалде дун йосулей йиго.**

**Цо буго дир ВатIан, цоги кIваричIо,**
**Хаслихълъи чIараб цо рукъги буго дир.**
**Гьаб дунялалдаго дун къваригIараб,**
**Дихъ даим чIалгIенгун балагьун чIараб.**

***Руссинаруна ГI.Малачиевалъ***

## ЖИНДИРГО ХАТІ БУГЕЙ, ХАСАБ НУХ БУГЕЙ

**ГІарац кьунцин чияр мацІ лъазабулин,**
**Лъалеб дурго мацІ щай кІочене толеб?**
**Ингилисалъе ун камил гьабулин,**
**Кодоб бугеб давла гІодоб щай балеб?**

Гьадинал мухъал руго Дагъистаналъул шагІир ва драматург Залму Батироваълул «Авар мацІ» абураб кочІолъ. Гьеб шигІру тІубанго цІаличІониги, гьал жугьабаздасанги бичІчІулеб буго магІарул росулъ лъимерлъи арай, умумузул калам бищунго хирияб хазина гІадин рокъобги къватІибги цІунарай, къогониги соналъ школалда хІалтІулаго цІалдохъабазе гьеб гьуинлъизабиялъе бажарабщинаб гьабурай, кІикъоялда анцІгоялдасаги цІикІкІун соназ гьеб мацІалда анцІ-анцІ асарал хъварай магІарулалъе гьанжесеб гІел дагь-дагькkун рахьдал мацІалдаса рикІкІалъулеб букІиналъ гьабулеб пашманаб асар, гьелъул рекІел бухІи. Абизе бегьула Залмул махщелги, Аллагьас кьураб пагьму-гьунаралда цадахъго бижанин ва хадубккун цебетІунин магІарул мацІалъулги адабияталъулги щулияб кьалбазда тІад. ГьитІинаб къоялдаса нахъего Батироваълул пикру-гІакълу куцана халкъиял кици-биценазги, ЦІадаса ХІамзатил, Расул ХІамзатовасул, Заид ХІаживасул, Зайирбег ГІалихановасул, МухІамад Сулимановасул ва цогидалги хунздерил тІалъиялъул цІар рагІарал хъвадарухъабазул, магІарулаз абухъе, гІинда кІутІилалде рекІелъе лъугьунел асаразги. Жакъа Залмул цІаралъ магІарулазулги Дагъистаналъулги гьанжесеб адабияталда загьирго бихьулеб мустахІикъаб бакІ ккола.

Залму Батироваги, цоги хъвадарухъабиго гІадин, цІалдолезда тІоцее рагІана газетаздагун журналазда рахьарал кучІдуздасан. Хадуб гьелъул асараз лъикІаланго бакІ ккуна «ГІолохъанаб гьаракь», «Божилъи», «Меседил мугьал» абурал гІолохъанал авторазул гІахьалал тІахьазда. Гьездасан бихьана цІалдолезда магІарул адабияталъул свери цоги гьунар бугей шагІиралдалъун бечелъун букІин. Гьелдаса нахъе хал ккун руго магІарулал Залмул гьунаралда хадур. ЦІалдолезул божилъи ритІухъ гьабун бечедал пикрабазул, камилаб мацІалъул, магІнаял сипат-суратазул гІемеркьерал асарал хъвана хъвадарухъаналъги хадурккун. Жакъа къоялде З. Батирова ккола батІибатІиял жанрал гъорлъе рачарал анцІила щугониги тІехьалъул автор. РакІалде щвезарилин гьезул цо-цо цІарал: «Божилъи», «Намус», «КІиго гІишкъул тІегь», «Сабаб», «Къадруяв магІаруласул гІадатияб ракІ», «ТІерхьунареб цІва», «Баху бика», «ХІажимурад», «ЦІахІилал цІадал», «ТІаса рищарал асарал».

Залму Батироваълул гІемерисел асаразда жаниб, тІоцебесеб иргаялда, дир хІисабалда, аслияллъун руго тарбия кьеялъул суалал. Гьелъие гІиллалъун батизе бегьула шагІиралда нилъер умумузул тарихги гІадат-гІамалги лъикІ лъалеб букІин. Гьелдаго цадахъ гІумруялъул лъикІаланго сонал гьелъ тІаде гІолеб гІелалда гІелму-лъай малъиялъеги гІаданлъи куцаялъеги кьун рукІинги.

**Дица гІумруялъул гІашикъал сонал**
**Школалъе кьуна барахщичІого,**
**ГІолохъанлъиялъул киналго ихал**
**Классалда тана, дийго хутІичІо.**

Гьедин хъвалеб буго Залмуца «ЦІалдохъабазе» абураб кочІолъ. Гьел мухъаздасан бихьулеб буго кигІан ракІ унтун, бетІералде босун жинда тІадаб мугІалимлъиялъул налъи гьелъ борхарабали.

Щибалъул батІи-батІияб гІамал-хасият бугеб анцІ-анцІ лъимералъул букІинеселъул пикру гьабулаго, гІолеб гІел ургъизе тІамулел гІемерал жугьаби руго шагІиралъул.

**ГІолохъанлъиялъул хІеренал куркьбаз**
**ГІумруялъул нухде мун вачунаро, –**
**Цадахъ босичІони, дуе умумуз**
**Тараб лебаллъиги, тараб намусги.**

Яги:

**Дур къадруги гІумруги –**
**Цо гъотІол кІиго кьибил,**
**Къадрудал кьибил тІуни,**
**ТІубан дур гІумру холеб.**

Ялъуни:

**Ццидалаб рагІи – гІащтІи, –**
**ГІумру бичІизе кІолеб.**
**Гьуинаб рагІи – дарман, –**
**Дур ругъун сах гьабулеб.**

Гьадинал мисалал жеги гІемер рачине бегьула шагІиралъул асараздасан. Хасго гьеб масъала загьирго, якъинго борхун буго «Нух битІаги» абураб поэмаялда, гьенир кьун ругел кІодол дарсаздалъун. Босилин гьенисаги чанго мисал:

**Воре киданиги как тоге, дарман,**
**Как тараб черхалда баркат лъоларо.**
**Киб хІетІе лъуниги, лъан букІа дуда**
**Аллагь дуда хадув хал ккун вугеблъи.**

* * *

**Воре дуца хехлъун рагІи абуге,**
**АбичІого тараб рагІийин цІакъаб.**
**Дуй чучуларесе керен чучуге,**
**Кинабго гьеб метер къотІноб батула.**

* * *

**Умумузул гІорхъи бахунеб гІадаб**
**Хьвада-чІвади дуца воре гьабуге,**
**ГІадамал хьвадулеб нухги жибго тун,**
**Зодосан йоржине куркьбал ургъуге.**

Залму Батировалъул асаразулъ ВатІан бокьиялъул, ВатІаналъе ритІухъаллъун рукІине ккеялъул, гьеб тІадаб иш букІин щивав чиясда абураб пикруялъги хасаб бакІ ккола. Жакъа гьеб – ВатІан абураб рагІул магІна-къимат гІодобе ккун бугониги, ВатІан бокьиялъул асар гІадамазул рекІелъ заманаялъ мукъсанлъун батаниги, рижараб ракьги, гьелъул кьалбалги, гьелъул тарихги сунцаго хисуларин абулеб буго шагІиралъ. Чан гІасру аниги жиндир цІар цІвабзазул борхалъуда хутІизе бугев Шамил имамасулги цоги бахІарзазулги мисалалда гьеб кинабго бихьизабулеб буго. Гьелдаго цадахъ кІудияб бухІигун Залмуца ракІалде щвезарулел руго жидер ритІухъал ишал нухда хутІарал, цІар лъаларел бидулазул квердасан нилъедаса ратІалъарал, жидер иман-яхІалъ халкъ рухІдаллъизабурал исламиял церехъабиги. Дагьаб цебегІан къватІибе биччараб «ТІаса рищарал асарал» абураб тІехьалде росун руго гьелъ ЧІикІаса КІудиясде, СайидмухІаммад Абубакаровасде, ГІабдулгъапурил МухІамадиде гьарурал марсиятал.

Эбелалде кечІ хъвачІев шагІир дунялалда къанагІатги вукІунев ватиларо. Гьединлъидал, эбелалде гьабураб кечІалъулъ жиндирго хаслъи батизе бигьаяб иш гуро шагІирасе. Гьелъие, гІорхъи гьечІеб рекІел хинлъиялда цадахъго, хасаб гьунарги къваригІуна. Цогидаз бокъинабураб нухдасан ани шагІир, я эбелалъ къабул гьавуларо, я цІалулез гІадахъ восуларо. Залму Батировалъул тІехьалдаги буго эбелалде гьабураб чанго кечІ. Гьезулъ ясалъул бухІараб хІасрат гуребги, шагІиралъул гьунаралъул хаслъиги тІатунеб буго.

**РухІалаби, эбел, гІемер рукІана,**
**Дур хвелалъ гурони дун къезайичІо.**
**Къаникье дир эмен лъабкъойилъ ана,**
**Дуца гурони дир къвакІи бекичІо…**
*«Меседил щуб кколеб кар меседил гъветІ»*

**Махил рохьой щвараб хаслихълъи гІадал**
**Дур хириял кверахъ чІалгІун йиго дун.**
**Дур сардил кІиго нугІ – нигІматазул ицц**
**Гьез бежараб чадихъ урхъун йиго дун.**

**Куркьбазда лъун дие хасел бачІарал**
**Халатал килщазул узданал кверал,**
**Нижер чІаголъиги нижер гІумруги**
**Цедералъ борцарал берцинал кверал.**
*«Эбелалъул кверал»*

Залмуца жинцаго абухъе, къаникье лъабкъойилъ аниги, бечедаб къисматалъул, мисалияб гІумруялъул инсан вукІун вуго гьелъул эмен – Югославиялъул БахІарчи Батиров МухІамад. Гьесул бахІарчияб гІумруялъул нухлул бицараб «Божилъи» абураб поэма бахъун букІана шагІиралъ церегІан соназ. КІиго сонаялъ цебе гьелъ цІалдолезда цебе лъуна инсул тІолабго гІумру рагъулеб, ракълилги рагъулги заманалда гьесда бихьанщинаб гІакъубаялъул, хІехьанщинаб гІазабалъул бицунеб камилаб тІехь. МагІарулаз ракІ-ракІалъ къабул гьабуна шагІиралъул гьеб хІалтІи.

Нилъ школалдасанго хІайран гьарурав хъвадарухъан вукІана МухІамад Сулиманов. Гьесул «ХІинкъараб сапар» абураб къисаялъ, Набиги Салимги

абурал бахIарчиял герояз гIажаиблъизарулаан цIалдохъаби. «Сулахъ гъалагаб гIор» ва цогидалги тIахьал хутIана магIарул адабияталда щулияб бакI ккураллъун. Амма хъвадарухъан хIисабалда гурони, инсан хIисабалда щибха нилъеда МухIамад Сулимановасул хIакъалъулъ лъалеб букIараб? ГIажаибго гIадамазул ракIал тIаде цIалев, яхI-намус бугев инсан вукIин Сулиманов бихьулеб буго нилъеда «ТIерхьунареб цIва» абураб З. Батировалъ хъвараб тIехь цIалараб мехалда. Лъимерлъудасанго гIемераб гIакъуба-къварилъи гIумруялда бихьарав, ВатIанияб рагъул бухIи лъарав, хадусеб заманалдаги рохел гIемер бихьичIев, хIикматав инсанасул рекIел гIатIилъиялъухъ хал гъабидал, битIахъе тамашалъизе бачIуна. Залмуца гъеб киналъулго бицунеб буго мисалал рачун, хIужжаби рехсон.

Гьединабго тIехь хъвана З. Батировалъ республикаялъул магIарулазул газеталъул редакторлъунги, цоги жавабиял ишазда хIалтIарав, бечедаб къисматалъул инсан, таржамачи Хунзахъа ХIамид Темирхановасул хIакъалъулъги.

Мисал босизе рекъарал, цIар-реццалъе мустахIикъал умумузул бициналдаго цадахъго, шагIиралъул рахIат хвезабун буго дол цересел гIелазул хасиятал жиделъа тIагIун унел гIолохъаби жакъа къватI-къватIалъур дандчIвалел рукIиналъ; цIогьги, ришватчилъиги, хъачагълъиги, хъамалчилъиги, чIвай-хъвейги гIемерлъулеб букIиналъ:

**Чан чи вугеб жиндирго**
**Куцалда нахъа вахчун,**
**Бицунеб хабаралда**
**Хиял данде кколарев.**

**Чанасулъ бугеб борохь**
**ГIадамазе хьихьулеб,**
**Хьибилса вуссиналде**
**Досде ишан босулеб.**
*«Чан чи вугев ракьалда»*

**Гьерсил документал банкалдеги кьун,**
**Сельхозкредитал кваналев чи щив?**
**Рокъоб бече гьечIез «фермаги рагьун»,**
**Гьаб хIукумат гукки кида лъугIулеб?**
*«Кида лъугIулеб?»*

**Гьудусул би цIуцIун, гьасул гьан цIацIан,**
**ЦIунцIра бечIчIун данде гьабураб боцIи.**
**Хадур цоял хьандон, цебе цояз тун,**
**ГIадамал релъулеб гIумрудул вакил.**
*«ХIалихьат»*

**Хайиралъ нич чIвана, чилъи бичана,**
**Черх кIиго кепкиде ккезе гьабуна.**
**Хайиралъ ссурги пун сурана хъизан,**
**ГIарцухъ «гьа» бичизе тIамуна инсан.**
*«Хайир сабаблъун»*

Гьалги гьазда релълъанщиналги гIунгутIаби гIадамазулъа рачахъизе, гьезда бухIулеб рагIи абизе, битIараб нухде рачине Залмуца кумекалъе ахIулев вуго миллаталъул гIакъил ЦIадаса ХIамзат:

**Доб дур «ГIадатазул жул» анищ жакъа,**
**Гьал гьерсихъабазул кверал лъухьизе.**
**Бежун ияхI кварал, бухIун нич кварал**
**Гьал ришватчагIазда гIадалъ кьабизе.**

**Мунагьго гьечIого жанир лъуразе**
**Дур ИсмагIил вуго гIадлу гьабулев.**
**Доб гIакдал тIомалде тIаде цIамги щван,**
**Щун буго досие гьанже милица.**

**ХIамзат, гьаб дир гьаркьил гьечIин чIаголъи,**
**ЧIунтулеб гьаб гIумру цIилъизабизе.**
**Жалакьурисесул гьодилъ кьабгIараб**
**Жулги босун вачIа жундул рухизе.**

Дагъистаналъул, хасго магIарул хъвадарухъабаз гIемерал шигIрабиги, къисабиги, пьесабиги хъвана бергьун кIудияб гьунаралъул поэт, гIажаибаб къисматалъул инсан ХъахIабросулъа МахIмудил хIакъалъулъ. Руго гьезда гьоркьор унго-унголъунги МахIмудил гIумруги, гIаданлъиги, тIокI борчIараб гьесул шигIрияб махщелги бихьизабулел лъикIаланго асарал. Залму Батировалъ такрар гьабичIо цогиязул пикру, гьелда батана МахIмудилги Муилги хIасратаб рокьул гьоркьорлъаби рагьизе цIияб нух. Гьелъул «МахIмудги Муиги» абураб поэма цIалулаго, пикру гьабизе жо гIемер батула. Гьединго шагIиралъ БакьагьечIиса ЧIанкIал хIакъалъулъги хъвана поэма, гIажаибго гIамал берцинав, гIакълу камилав, гьунар тIокIав шагIирасул хIакъикъат жакъасеб гIелалъе рагьулеб.

Залму Батировалъул творчествоялъул бицунаго, ракIалде щвезаризе рекъаралги мустахIикъалги руго гьелъул драмаялъул асаралги. Хасал тIахьал гьарун хъвадарухъаналъ магIарулазухъе кьуна «Баху бика» ва «ХIажимурад» абурал пьесаби. ЦIараздасанго баянлъулеб буго гьел тарихиял асарал рукIин. Тарихияб къасидат, къиса, роман, пьеса хъвалев авторасда жинца бицен гьабулеб ишалъул, лъугьа-бахъиналъул, героязул тарихияб хIакъикъат лъазе кколеблъи бичIчIулеб жо буго. КIиябго пьеса цIалидал, бихьулеб буго Залмуда бищун цебе жиндир гIагараб хунздерил, хадуб магIаруллъиялъул ва Дагъистаналъул тарих лъикI лъалеб букIин.

Нилъер гIемерисезда, хасго гьанжесеб гIелалда хунздерил Баху бикал хIакъалъулъ цIакъго дагьаб баян гурони лъалароан. Лъалаан цого-цо имам ХIамзатил амруялда рекъон, гьесул муридас Баху чIварайлъиги, гьелъул васал ТобтитIа абулеб бакIалда ккараб тунка-гIусиялъул хIасилалда хвараллъиги. Залмуца жийго Баху бикал гIамал-хасиятги, доб мехалда букIараб ахIвал-хIалги, гьейги гьелъул васалги чIваялъе рукIарал гIиллабиги тарихияб мухIканлъиги цIунун, рагIа-ракьанде щун рагьулел руго пьесаялда.

ХIажимурад Шамил имамасул бахIарчияв наиб вукIин, имамасдаги гьесдаги гьоркьоб рагIул дандеккунгутIи бижи, хадув гьев гIурусазул рахъалде ин

ва ахиралдаги НухIаялда ХIажимурад чIвай гIемер бицараб, гIемер рагIараб хIакъикъат буго. Батировалъ гьеб пьесаялда нилъеда цеве чIезавулев вуго живго чIагояв ХIажимурад ва мухIкан гьарулел руго гьесда хурхарал киналго лъугьа-бахъинал. Жиндаго бицун рагIухъе, мухIкан гьабулеб буго имамасул бахIарчияв наиб, гIурусазул рахъалде иналъе букIараб гIиллаги.

Нилъ гIемер гаргадула гьанже заманги гIадамалги квешлъун ругин абун. ХIакъикъаталдаги гIицIго заман квешаб букIунаро киданиги. Амма киналго заманабазда рекIкIги, хIалихьалъиги гъоркьан хIалтIулаан. Жидеда сверухъ ругезул, хасго жидедаса тIокIлъи бугезул гIумру хIабургъинабулел, къисмат бигъинабулел жахIдачагIи камун рукIинчIо кидаго. Гьединал чагIи гIемер рукIараблъи бихьулеб буго доб заманалда Баху бикада ва ХIажимурадида сверухъги. Щиб лъалеб, гьедин букIинчIебани, гьезул къисматалги тарихалъул гьокоги батIайисахун, магIнаяб рахъалде гиризе бегьулаан. Гьебго абизе бегьула, гIаммаб куцалда босани, киналниги тарихиял лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъги. Амма Аллагьасул къадаралдаса нилъ кирениги рорчIуларо.

Гьаниб бегьилаан Залмул асаразул мацIалъул берцинлъиялъулги, сипат-суратал гьаризе бугеб гьунаралъулги, камиллъиялъулги, кколелъуб хIажатаб рагIи лъезе гьелъул бугеб махщалилги бицине, гьелъие мисалал рачинеги. Амма кинаб асар босун балагьаниги, хъвадарухъаналъул махщел цIалдолезда цебе бугелъул, гьелде хIажалъи букIинин кколаро.

ХIасил гьабун абуни, магIарулазул, цадахъго Дагъистаналъулги жакъасеб адабияталда, Залму Батирова йиго жиндирго хатI бугей, хасаб нух бугей, махщелчилъиялъул камиллъи щварай, лъикIай хъвадарухъан.

ГIемерал соназул сахлъи кьеги Залмуе, цIи-цIиял асараздалъун адабият бокьулел, гьеб бичIчIулел, гьелъул къимат гьабулел рохизаризе. ХутIанщинаб гьелъул буго.

*МухIамад Ибрагьимович МухIамадов,*
*ДНЦялъул МацIазул, адабияталъул*
*ва искусствоялъул институталъул*
*гIелмабазул доктор, профессор.*

* * *

***Къимат лъаларесухъе ккани, меседги пахьуде сверула.***

* * *

***КигIан лъикIдай букIинаан, гьабизеги тезеги кколелда гьоркьоб бугеб батIалъи гIадамасда лъалебани.***

* * *

***Бугелдаса гIорцIуларев бечедасдаса квешавги, бугелде гIей гьабулев мискинасдаса лъикIавги гIадан вукIунаро.***

* * *

***БетIер гьечIев бетIер ккеялдаса кIудияб талихIкъосин халкъалда бихьуларо.***



**ХӀайбула САЙДУЛАЕВ**

## ГӀАГАРАБ ДАГЪИСТАН

**ГӀагараб Дагъистан, дудаса рикӀкӀад,
РукӀкӀунелъул сардал сородула ракӀ.
БукӀуна кӀетӀезе кӀоларого гьеб,
КӀутӀбузе бакӀлъула босизе хӀухьел.**

**Дун киве аниги, инсул ракьалде,
Рокьи каранзулъа кибниги инчӀо.
ВатӀаналда гӀадин гӀазуги цӀадги
ГӀажаибго балеб бакӀ данде чӀвачӀо.**

**ГӀагараб Дагъистан, дур баракаталъ,
Биччанте дида тӀад тӀибитӀизе зоб.
Сапаралъ вахъиндал, дие нухазда
Дур сурат букӀине бахъулеб цебе.**

**Къисматалъ ургъахъе ана дир гӀумру,
Икъбалги бекерун бачӀинчӀо данде.
Анищал къоринир къавухъе хутӀун,
Хабалазул щобде щолев вуго дун.**

**ГӀагараб Дагъистан, дида лъаларо,
Дий гьава къотӀулеб къо кинабали.
Ккола арал сонал сардилъ хӀинкъарал
ХӀанчӀи гӀадин роржун риланадаян?**

**Дир цӀарги хвезабун, хадуб дур къватӀахъ,
Диде бугьтаназул буран пуладай?
Дур кучӀдузул гъасда гъун тараб дир цӀа,
ЦӀунизе гьаб гӀолеб гӀелалъ бугодай?**

## ГІ У М Р У

**Бице, гьудулзаби, гьаб ватІаналда,**
**Гьабун бажаризе бугебдай гІадлу?**
**Лъие бокьун гьечІеб гьаб халкъалда тІад,**
**Гьабулеб зулмудул заман лъугІизе?**

**Огь, чиновникаца чурхъараб улка,**
**Унго, гьазул тІалъи тІасаги рехун,**
**Рес ккезе гьечІебдай, гьава эркенго,**
**Инсанас босулеб базе хІукумат?**

**Рагьлил махІ бахъарал туснахърукъзабахъ,**
**Тезе, пайда щибха, щун ругоан гьал.**
**Рихьулел гьечІелъул гьазда пашманал**
**Пикрабаз унтарал ургъелал нилъер.**

**ЦІакъ халат рахъине ругодай, вац, гьал**
**Гьалмагъан кІалъазе кІоларел къоял?**
**КигІан мехалъ жеги махсароде ккун,**
**Мунги дунги гІадал гІадамал чІелел?**

**ГьечІо нечезеги нилъер ккараб бакІ,**
**Намус кІочон тараб тайпа гурелъул.**
**Гъугъадизе гьарун гьалъал зобалгун,**
**Замана щвечІебищ бачІине гІумру?**

**Киданиги гІадан гІодов гьавичІеб,**
**Гьесул хІайранаб цІар цІехон батараб,**
**ЦІогьор цІогьорасда кІалъалев гуреб,**
**ЦІваялъ цІваялдехун гаргар гьабураб.**

## Б А З А Р

**Лъихъа букІаниги, бахъун шагьигун,**
**БажаричІо гьабун гьаб гІумру дихъа.**
**Чияр талихІалде таваккал тІамун,**
**ТІамизе къасд ккечІо цохІониги къо.**

**Гъинго бихьичІого, багьа лъалареб,**
**Бечелъи гьабизе гьечІо дилъ гьира.**
**Дир хІалада бичІчІун буго некІого,**
**Бикъараб чадица чехь бухІулеблъи.**

**Те дун гьаб ракьалда векьарухъанлъун,**
**ВукІине рухІбахъун хІалтІи гьабулев.**
**ГІела хасалихъе хур бакІаригун,**
**ХинкІ дие хІалалаб батизе букІин.**

**Дун рази гьавеги ралел цIадаца,**
**Регьел бахъичIого букIаги магъилъ.**
**Ва пиша кIухIалав хIалихьатида,**
**ХIетIе нахъа балеб батугеги дир.**

**Гьез букIуна гIумру гIадал гьабулеб,**
**ГIадамазе бакъул къотIулеб канлъи.**
**Квераз гьабулареб гьезий бокьула,**
**Макьидаги рукIун батизе кIалалъ.**

**Гьединал гIондокьаз гьаб гIаламалда**
**ГIадлу биххизабун буго, вац, гьанже.**
**Гьел мадугьаласул мина бухIулеб**
**Бихьидал рохизе ратула хIадур.**

**Найица гьабураб гьацIуда аскIор,**
**Гьел хъвекал тIоцере тIаде гIунтIула.**
**Цогияз къор гъураб гъалбацIалдаса,**
**ЩIоко бахъизеян хъантIун кIанцIула.**

**Гьезие бокьула бечедаб тIабакI,**
**Бигьаго цогидаз цебе бачIине.**
**МаргахIама къинлъун, къобихьичIого,**
**Рече метералде рагьда букIине.**

**Чан гьединаб къверкъха цIумалде хьул лъун,**
**ХьуцIилъа кьватIибе къвакъвалеб бугеб?**
**Къаси булбулалъул берцинаб гьаракь**
**ГьечIо рагIизецин ракьалда толеб.**

**Гьединал камичIо кочIохъабальги,**
**Кидаго рукIана, руго гьанжеги.**
**Жакъа тIалъиялда тIад ругелазе**
**ТIаса арал какун кучIдул ахIулел.**

## МУРАД

**Тирун дуниялгун дун вуго гьанже,**
**Дирго ХахитIаве тIадвуссун щолев.**
**МахIачхъалаялъул хъубал дол кьватIахъ,**
**КъотIулеб гьавадул гьечIоан дий кеп.**

**ЧIабтIида цIа гьолеб гъасдабакIалда,**
**БукIуна рахIатаб хIухьбахъи рекIей.**
**Рахъдалъе бежизе бан хъадушкIагун**
**Бокьула гъанситухъ гьецIгун квалквазе.**

**Дидаса рикIкIалъун ратула хъуял,**
**ХъахIбаял кIалазул кIичIарал харбал.**
**Гьал политиказул пайдаго гьечIеб,**
**Гьереси гIемераб гIадалаб чIанда.**

**Дие гьеб кIваричIо, - гьал мугIрул сияз,**
**Сапар къосинчIилан къабул гьавеги.**
**Къварид дунялалда дица гIадамал,**
**ГIумруялъ гьаричIин, гьез квер бачаги.**

**Дир кечI рагIарабго, гIагараб гьаракь,**
**Гьез жидер биялъул бугин абеги.**
**Гьасда божулилан, бахъун тIогьаца**
**ТIагъур дир ботIрода тIад лъезе кьеги.**

* * *

***Гьоболас мун лъикI къабул гьавизе бокьани, гьобол-лъухъе къанагIат гурони унге.***

* * *

***Божилъиги чилъиги чиясе, цохIо жинцаго пайда босизе гуреб, цогиязеги гIахьал гьабизе кьун буго.***

* * *

***Кьураб рагIи кколарев чи, жиндир такъсиралъе мукIурлъуларесдасаги квешав вукIуна.***



ПатIимат
ГIАБДУРАХIМАНОВА

## ХIАЛТIИ БАЛАГЬУЛАГО

Дун хIалтIулей йикIана цо идараялъул филиалалда кIудияй бухгалтерлъун. Дие бокьуларон дирго хIалтIи. Кин дун гьение цIализе арайин абун гIажаиблъула дун гьанжелъизегIанги. Дир директор вукIана дидасаги гьитIинав гIолохъанчи. ТIоцебесеб къоялдаса нахъего данде кколеб букIинчIо нижер. Щибго бахча-хьвачIого, ритIухълъиги сундулъго цIунун хIалтIун ругьунлъарай дида, гьес тIоцебесеб къоялъго лъазабуна, дун хIалтIизе кколеблъи гьесие къваригIараб куцалъ.

- Дие гьаниб ритIухълъи къваригIун гьечIо, дида тIадги вуго хIаким. РитIухълъиялдаги законалда рекъон хIалтIизеги бокьун букIарабани, гьес гьаб филиалги рагьилароан. Дуца кинабго гьабизе буго нижеца абухъе, нижее къаригIараб куцалъ, - ян кьварун, гьитIинаб лъимералда гIадин лъазабуна гьес дида.

Дица гьесда гьикъана:

- Тимур МухIамадович, лъикI буго, гьабила дица нужее бокьухъе, нужеца абухъе, бице дида, нагагь ревизия бачIани, гьезда цебе жаваб дуцайищ кьезе бугеб яги дицайищ? Дуца кьезе батани, дун рази йиго, батичIони, дида законалда рекъон гьабичIеб хIалтIул жаваб кьезе кIоларо. Дун киданиги мекъи хIалтIарай гIадан гуро.

Щибаб къоялъ гьабулеб бухгалтералъул хIалтIи дица гьабулеб букIинчIо. РекIелъ кIудияб хIинкъигун кьижулаан дун ва гьединабго рахIатхвейгун радал тIадеги яхъунаан. Дида кколаан лъова зодоса дихъ валагьун ватилин дир эмен, ва гьесул цIакъ ццим бахъун батилин дидаян. Щайгурелъул, дир эмен вукIана ритIухъав, вацIцIадав, магIаруласул магIнаяб яхI-намусалъул инсан. Гьес нижги куцана ритIухъаб, гьереси гьечIеб гIумруялде, бокьарав чиясул бадире ралагьизе бегьулеб рукIа-рахъиналде. Щибаб нухалда, хIалтIудаса рокъое унаго, дицаго диего рагIи кьолаан гьениса нахъе ине, цоги хIалтIи балагьизе. Дида бичIчIулеб букIана ахир-къадги цо жо ккезе бугеблъи. Киналъулго жаваб кьезеги диде ккезе бугеблъи. КъваригIун букIана гьедин ккелалде нахъе ине. Цо къоялъ дица хIукму гьабуна тIокIалъ нахъе бахъун течIого абизе начальникасда:

- Тимур МухIамадович, дие бокьун буго нахъе ине, дихъа гьаб хIалтIи бажарулеб гьечIо гьабун. Дуе къваригIуна батIияй гIадан, дуе бокьухъе хIал-

тIизе кIолей, гьедин хIалтIун ругьунай.  Гьале дир гIарзаги, - янги абулаго, хIинкъадго дица гьесухъе тIамач хъурщана.

Гьев цин дихъ валагьана, цинги тIамачги кодобе босун цIализецин цIаличIого, столалъул хъурщиги рагьун, гьенибе рехана.

- ГIагараб заманалда нилъехъе ревизия бачIине бегьула, дида цо гьединаб хабар рагIана. Ревизия лъугIун хадуб йиччала дица мун нахъе, гьабсагIат кIоларо. Дур хIалтIиялъул жаваб дица кьезейищ бокьун бугеб дуе? Дун гурелъулха бухгалтер. Гьанже дун ине ккола, - янги абун, тIадеги вахъун гьев хехго къватIиве ана.

Цо сордоялъ къаси ахIун бачIана Тимур МухIамадовичас дихъе.

- Хехго хIалтIуде ячIа! КIварабгIан хехго! – ян абуна гьес.

ХIинкъиялъ сородулаго, хъата-масан тIад ретIелги ретIун, дун хIалтIуде гIедегIана. ЦохIо живго ватана гьев конторaялда.

- Метер радалго ревизия бачIунеб буго, - ян абуна гьес цо гIайиб ккараб гIадин дихъги валагьун. Гьесул гьумер цоги мехалда гIадин кьварун букIинчIо. – Дуца киналго документал рокъоре росе. ГIадлу гьабе гьезул гьабизе кколеб куцалда. Дица дуе лъабго къо кьолеб буго. Ревизиялъул чагIазда дица абила мун унтун йигилан.

КIиго сордо-къоялъ  кьижичIо дун документазул гIадлу гьабулаго. Кваналей йикIинчIо, лъиданиги кIалъалей йикIинчIо, цо минуталъ чIечIо. Лъабилеб къоялъ рагIалде бахъун унеб букIана дир хIалтIи, амма циндаго дун унтана. Дида собон ягъаризе кIолеб букIинчIо, бетIер букIана ракул цIураб къандалъо гIадин. Гьеб хIалтIулебго букIинчIо. Дида рихьулел рукIана тарихал, амма щибго жо бичIчIулеб букIинчIо. Дида кинабго бухгалтериялъул хIалтIи тIубанго кIочана. Дида кIочана щиб дица гьабулеб букIараб, кин гьабулеб букIараб, кинаб хIасилалде ячIине кколей йикIараяли. Дун ургъана: «Гьале доб... Гьале гIадаллъана гури дун. Щиб гьабилеб? Кие кIанцIилей? Щибилан Тимур МухIамадовичасда абилеб?..»

Дица гьесухъе ахIана:

- Гьаниб гIемераб хIалтIи хутIун гьечIо, рагIалде щолеб буго. Амма дида тIокIалъ хIалтIизе кIолеб гьечIо. Дой дуца абулей йикIарай, пенсиялда йигей бухгалтералда гьаре, гьаб рагIалде бахъинабеян. Дие кколеб харжги долъие кье. ЛъагIелалъ щибаб къойил тIуразе кколел рукIарал документал дие захIмалъана лъабго къоялда жанир тIуразе. Гьеб чIагояв гIадамасда бажарулеб жоги батилилан кколаро дида, - ян абуна дица, кутакалда гьесда ццимги бахъун, амма гьеб бихьизабизеги бокьичIого.

- Щиб гуринха гьабилеб гьедин батани. Дуца кIолеб батичIони рагIалде бахъинабун, дица Ольга Ивановналда гьарила гьеб. Дур харжги гьелъие кьезе ккелаха, дир тIокIаб рес гьечIо, - ян абуна, дида божун божуларого вугев гIадин директорас.

Дица щибго абичIо. Щиб гьабилеб «кигIан бугониги бокьулин ханасе меседан» гурищха абулеб. Дир харж кьечIониги гIарац гьечIого рукIун ратилаха гьел…

ГIемер заман инчIо, Тимур МухIамадович вачIана жиндирго цIияб, багьа хирияб машинаялдаги рекIун, дихъа киналго документал росизе. Гьес цо рагIицин абичIо дида. Щиб ккарабиланцин гьикъичIо. Дун гьеб бакIалдаго капурго хваниги гьесие кIварцин букIинчIо.

Нахъисеб къоялъ дица гьесда лъазабуна дун тІокІалъ хІалтІуде ячІинарилан. Гьеб мехалдаги абичІо гьес дида щибниги. ХІалтІизе кколеб къагІидаялъ законалда рекъон хІалтІизе жиндица течІелъул малъкъосунищ гьесул букІараб яги диде ццим бахъунищ букІарабали бичІчІичІо дида.

Дида тІокІалъ киданиги гьев вихьичІо. Цо-кІиго сон ун хадуб, шагьаралъул къотІной дандчІварай, гьений хІалтІулей йикІарай ясалъ бицана Тимур МухІмадовичасул гьеб идара бихханин, гьевги киве тІагІаравали лъачІого тІагІанилан, цІех-рехалъул органаздаса вахчарилев, тІурахъдилев вугин рагІанин.

Дида ракІалдецин кколеб букІинчІо дун гІемераб мехалъ хІалтІи гьечІого хутІилилан. РакІчІун букІана цо моцІалда жаниб диего рекъараб хІалтІи батилилан. Дица цин гІага-божаразда лъазабуна дие хІалтІи къваригІун бугин, цинги киоскалде яккун, газетал росана кинабгІаги хІалтІи балагьизе бегьулелщинал. Дица къо байбихьулаан газетаги рагьун, кодобе ручкаги босун, цо диего бегьулел гІадал хІалтІабазул телефоналъул номерал хъвазе, цинги байбихьулаан ахІизе. Гьел киналго телефоназул лъабил бутІаялъцин жаваб кьолароан. ХутІараз абулаан яги хІалтІухъаби жидее щванилан яги ратулаан батІи-батІиял багьанаби. Цо-цояз дида абулаан балагьизе ячІайилан. Дун рекІелъ щибго ракІчІейги гьечІо яхъунаан къватІие. Гьанже, сонал ун хадуб, дида бичІчІулеб буго, сундулъго бищун квешаб буго ракІчІей гьечІолъи. Гьеб ракІчІей гьечІолъиялъгиха дие хІалтІи щолеб букІинчІеб. Гьеб бихьулаан хІалтІи кьолездаги. Гьез дида абулаан, телефоналъул номер тейин, жидеца ахІилилан. Амма лъицаниги ахІун бачІунароан.

Унел рукІана къоял, жеги моцІалцин. КинабгІаги хІалтІи дие щолеб букІинчІо. Ратулаан батІи-батІиял гІиллаби. Цо бакІалда дида абулаан дун гьеб хІалтІуе куцарай гьечІилан, цогияз абулаан, дир гІумруялъул сонал цІикІкІарал ругин гьеб хІалтІуе, жидее гІолохъанал ясал къваригІун ругин (дие букІана 37 сон), ва цо-цо хІалтІаби рукІунаан кинго дие бегьуларел, дида бажаруларел. Дир кІудияб гІагарлъиги буцІцІухІун чІун букІана. Дица гьикъараб мехалъ гьез абулаан балагьулеб бугин, ракІалда бугин, гьабсагІат щибго гьечІилан.

Гьедин хІалтІи балагьулаго, нуж божилароха, дир лъагІел ана. Свакарай, чІалгІен бизарлъарай дица хІукму гьабуна, дица гІумру гьабулеб минаялъул азбаралда бугеб тукаде хІалтІизе ине. ХІалтІул къо байбихьулаан радал микьгоялда – лъугІулаан къаси анцІила цоялда. Дие цо-цо къоялъ хІалтІун кьолеб букІана кІикъоялда анцІго гъурущ. Лъаларезда лъана, йихьичІезда йихьана, нечон холаго, дун гьеб тукада хІалтІана бащдаб лъагІелалъ. Щвараб мехалда гІарац кьезеян къарзалъе къваригІараб-тараб босизе рачІунел мадугьалзабаз бащдазги гІарац жиндир заманаялда кьолароан, ва, тукадул хважаиналъе тІадеги къайи босизе гІарац къваригІунеблъиги лъан, дица дирго харжги жаниб тезе кколаан. Дица цо къоялъ гьелда абуна дие цоги кІудияб тукада щолеб бугин хІалтІи, дур гьаниса нахъе ине бокьун бугилан. Гьей битІахъе къварилъана, жиндица харжги цІикІкІун кьелин, унгеян гьарулеб букІана гьелъ.

- Мун гІадай гІадан дие киданиги щоларо гьаний хІалтІизе. Дида чанги рихьана батІи-батІиял гІадамал, цо-цоял гьаниса гІарацги бикъун рилана, цо-цояз кІуди-кІудиял налъаби гьаруна, цоязин абуни тукаде жо босизе рачІарал гуккулел рукІана, кколелде тІаде цІикІкІун гІарацги абун. Гьеб дида лъаларилан рукІун ратилаха гьел. Мун гьание йосилалде дица дур хІакъалъулъ

цIехана азбаралда гIодор чIун ратарал харабаздаги. Гьезда кинабго киназулго хIакъалъулъ лъалелъулха. Гьез абуна дида, дудаса магIнаяй гIадан ятиларин. Гьединлъидал йосана дица мун хIалтIуде, киналниги сулалги дуе кьечIого, - ян абуна гьелъ хIеренго дир бадиеги ялагьун.

Чанго къоялдаса дун лъугьана хIалтIизе шагьар бакьулъ бугеб кIудияб тукаде. Гьениб кIудияб коллективги ва лъикIаб харжги букIана. АнцIила щуго къоялъ хIалтIизе кколаан, цинги анцIила щуго къоялъ рокъорги рукIунаан. Дица смена кьезе кколей, дун хисулей гIадан йикIана гIолохъай, берцинай чIужу, кIиго лъимадул эбел. ЦIарги гьелда букIана Наида. Дида бихьулеб букIана дун гьелъие рекIее гIечIейлъи, цо цIорораб балагьиги дир рахъалдехун рехун, цIородго гьимана гьей дие. Дида гьенир хIалтIулел ясаз байбихьудаго бичIчIизабуна, битIун, гIадамал гуккичIого хIалтIани, дие харжни киса гурин щолеб, жеги налъукьецин ккезе йигилан.

- Нижехъ гIенекке, - ян абуна гьез дида, сверун дунги ккун, сасараб гьаракьалъ, цо кIудияб бальголъи бицунеб гIадин, - нилъер киназулго хъизанал руго, лъималги руго, хIалтIиги гьаниб расги бигьаяб гьечIо, цохIо щолеб харжалде ракIги гIунтIун рукIине бегьуларо. Гьале балагье гьалъул багьа, масала, - ян аскIор рукIарал сокалъул шишабазде квер битIана цоялъ, - гьазул багьаялде тIаде дуца рехе цо-кIиго гъурущ, гьединго кинабго жоялдеги. Цоги, мун ялагье босулев чиясухъги. ЛъикIго ретIа-къарав чи вихьани, гьесухъа цIикIкIун босе. БичIчIанищ дуда?

- Дида кIоларо, киданиги кIоларо, - ян тамашалъун гьезухъ ялагьун хутIана дун. – Кинха дида кIвелеб гьезул бадиеги ялагьун, гьимизеги гьимун, гьел гуккизе? Йохъ, нужецаго бокьараб гьабе, амма гьеб дихъа бажарулеб жо гуро. Киданиги бажарулеб жо гуро. Гьеб хIарамабги буго! Гьедин щвараб гIарцуда баракатги букIунаро.

Дие байбихьудаго рекIее гIечIо гьениб. Щибаб къоялъ бокьуларого, амма батIияб ресги гьечIого унаан дун гьение хIалтIизе. Хасго хIинкъун йикIунаан тIаде щолеб смена кьолеб къоялъухъ ялагьун. Дандиялъ щибаб нухалда гуккун ятулаан. Дун кинго гьелда хадуй гъолей йикIинчIо. Чанго нухалда къайи гIечIого дирго харж жаниб тана дица. Чанго нухалда лъалаго, бихьулаго махсароде ккуна Наидаца дун. Дида кколеб букIана гьей дида тIад елъанхъулей йигин, дун инжит гьаюлей ва кидаллъизегIан дида гьелъул вахIщилъи хIехьезе кIвеладаян халгьабун йигилан. Гьей йикIинчIо мискинай чIужуги, щибаб нухалда ецщардулаан росас сайгъат гьарурал бриллианталъул баргъичал ва кIилкIалги нижеда рихьулаго. Дида кколаан дун гьелде данде – аздагьоялде данде къеркьолеб кIалкIучI гIадин йигилан. Гьей йикIана кутакалда жийго жиндиего йокьулей, гIарцуца гIорцIуларей, бечелъилъул гурони цоги сундулго бицунарей гIадан. Дида лъалаан дун гьелда тIубарай гIабдаллъун йихьулеблъиги. Къоял анагIан дида бичIчIулеб букIана гьеб дир бакI гуреблъи, гьеб кколлективги дие кутакалда чияраб, бичIчIулареб бугеблъи. БацIазде гьоркьобе ккараб кьегIер гIадин йикIана дун. Нахъойги хIалтIи гьечIого хутIизе гурин яхI гьабун хIалтIулей йикIана. Дида дол къояз кколаан ракIалде: «Щайха БетIергьанас квербацIцIадал гьечIел чагIи гьодин риччан толел, щайзе дун йитIун хIалтIулей, щивниги гуккуларей, гьадин къваридго, пашманго йикIине кколей. ГьечIо гьаб дунялалда кибгIаги, сундулъниги ритIухълъи…» абун.

Квешги лъикIги – ахир сундулго букIуна. Гъедин ккана дирги. Гъаб нухалдаги, дир ирга тIаде щвараб мехалда хIалтIизе, Наидахъа дир сменаялде хутIулеб тукадул къайи рикIкIунел рукIана ниж. Дица цIакъго мухIканлъи гъабулеб букIана, гъаб нухалъгIаги гьелъ махсароде кквезе чIеларилан. КIиго-лъабго нухалда рикIкIана кинабго жо. Дица бальго Наидаде бер рехана. «Гъаб нухалда битIун кколеб бугин ккола. ГъанжегIаги дида гурхIун ятила, гIелин дун махсароде ккурай абун. КватIичIого лъабабилеб лъимер гьабизеги йигелъул, квеш ккезе гурин Аллагьасукьа хIинкъун ятила. Гъай бусурбанай гIаданлъидалха йигей…» абун ургъулей йикIана дун, рекIелъе цодагьаб хинлъиги рехун. «Щиб лъалеб дир хIалбихьулел рукIун ратила гьал. Цадахъ къотIи гьабун батила гьелъулги. ГIемерал соназ цадахъ хIалтIарал гьазие батIияв чи тIаде вачIине бокьилищ. БичIчIун батила дир юцIцIухIун чIейги ритIухълъиги бидулъго букIин ва дун хисизайизе кIоларейлъиги…»

Дун цодагьалъ гIодое йиччана. БукIкIараб ракI битIа-бищана. Дун дирго сабруялдаса разилъун йикIана. Гъаб нухалда кинабго лъикI ккезе кколин абураб ракIчIейги букIана. Цинги тIаде щвана смена кьолеб къо. Гъеб къоялъ къалъудаса байбихьулаан нижеца къайи рикIкIине ва кватIизегIан хутIулаан. Сунданиги щаклъиги гьечIого, гIедерго, цин складалда, цинги отделалда бугебщинаб рикIкIун хъвалей йикIана дун. Цинги гIодойги чIун рикIкIана… Гъаб щиб жо?! Нахъеги гIолеб гьечIо къайи… Дир циндаго черхалда цIорораб гIетI бана, бетIерцин унтизе байбихьана. Ва добго цо бичIчIулареб хIакъирлъиялъ дун гьитIинлъун ун, юкIкIун ана. РикIкIана цойги нухалда, хадуб цойги…

КватIараб заман букIана. Дагьдагьккун киналго рокъо-рокъоре ана, цохIо ниж хутIана гьеб инжитаб сихIкъотIиялда. Дун тIаде яхъана. Складалде йилълъана. Рагьана кIудияб холодильник, дое-гьание яккана, квашана. Ва циндаго, дицаги киданиги рагьулареб, щибниги жаниб гьечIилан тараб холодильникалъул гъоркьияб полка бихьана. Цере лъурал чIорогоял ящикалги нахъе росун, ялагьидал, дун хаган хутIана. Гьенир ругоан бищун хирияб сокалъул анцIгоники ящик. Дица Наида аскIое ахIана ва гьикъана гьелда нилъер отделалъул холодильникалъур ругел ящикал лъил кколел абун. Гьей багIарлъана, хъахIлъана, цин дихъ, цинги гьел ящиказухъ ялагьана. Амма гьелъ хехго жийго якIа-яхарана.

- Гьеб буго дица къад, мунги аскIой гьечIого, машина бачIун, жанибе босараб сок, рекIекьа бикъана дуда бицине. ТалихI гурищ дудагIаги гьеб батун, гуребани дида кIочон гьедин хутIилаан, - илан абуна гьелъ дир бадиеги ялагьичIого, ящиказда кверги бахъулаго.

- Дуца щибаб нухалда гьадин махсароде кколей йикIун ятилаха, Наида, дун. ГIолебгойищха гьечIеб дуе гьеб гIарац? Гьеб гьабизе заман щолеб лъимералъцин нагIана кьолеб батила дуе, - ян абуна дица щакърахунаго. Дида тIокIалъ кIалъазе кIвечIо… Дун тамашалъизаюн йикIана гьелъул хъантIиялъги, гьелъул гурхIел рекIелъ гьечIолъиялъги, чорхолъ щибниги гIаданлъиялъул къатIрацин гьечIолъиялъги.

Гьел рахчарал соказул ящиказул къадар тIаде рехарабго, битIа-бищун ккана дир сменаялъул иш. ТIоцебесеб нухалда щвана дие тIубараб дирго харжги.

Нахъисеб къоялъ, гIарзаги хъван дун нахъе ана. Дица абуна дие цоги хIалтIи щолеб бугин, гьаб ричарухъанлъи дие данде кколеб хIалтIи гурилан. Лъицаниги щибниги гьикъичIо дида ва лъицаниги абичIо щай дун нахъе унейилан. Гьеб лъиего къваригIунги букIинчIо.

Нахъойги хутIана дун хIалтIиги гьечIого гьабилеб жоги лъаларого. Росулел рукIана газетал, ахIулеб букIана телефоналъ, лъелго хьвадулей йикIана

шагьаралъул цо рагIалдасан цогияб рагIалде…Амма кинго данде кколеб букIинчIо. Дида цо-цо мехалда кколеб букIана гьез киназго цоцахъе кьун, бицун, дун хIалтIуде йосунгеян къотIицин гьабун бугодайилан. Дун хIадурай йикIана бокьараб хIалтIи гьабизе.

Ахир-къадги, кIалги гьикъун, къоги бихьун, гIемер хьвадиялъ свакарай дихъе ахIун бачIана цо чIужуялъ. Гьелъ абуна полуфабрикатал гьарулеб комбинаталда салатазул цехалда хIалтIизе бакI бугилан. Гьелъ дида лъазабуна хIалтIи бигьаяб гьечIилан. Киданиги захIмалъабазукьа хIинкъуларей дица, кутавкалда йохиялъ, гIадахъцин росичIо гьелъул рагIаби. Цехалда хIалтIулел рукIана щуго яс. Гьезул жиде-жидер букIана тIадкъараб хIалтIи. Дун тIамуна ламадур къотIулеб станокалда нахъе. Дида гьезул цоялъ бицана, гьений хIалтIулей йикIарай чIужу больницаялда егун йигин, кида гьей ячIинеялиги лъаларилан. Дида киданги бихьичIо гьедигIан хIинкъараб станок. Цо секундалъ дое-гьаниехун юссани, къотIун рехулааан киб-кибниги бакI кверalъул. Цехалъул начальник йикIана гьоркьохъеб черхалъул кIикъойилъа сонал арай гIадан. Гьелда бихьулеб букIана щибаб къоялъ дида бихьулеб гIазабгIакъуба. Амма цониги дир ракI лъикI гьабулеб рагIи абичIо гьелъ дида. Дида аскIой йикIарай ясалъ бальго бицана, дица гьабулеб хIалтIи бищунго захIматаб бугеблъиги ва лъиениги гьеб бокьулареблъиги. Дун анкьабилей йикIана анкьида жаний гьеб станокалда хIалтIулей. Киналго цо-цо къоялъги хIалтIун тIурулел рукIун руго гьениса. Кутакалда дунго къабихIлъунги йихьун, хIалтIичIого чараги гьечIого, лъиданиги кIалъачIого, юцIцIухIун чIун хIалтIулаан дун. Рокъое щвараб мехалда хIалицаго кIолаан какичури гьабизе, кIиябго кверaлъул щибаб килищалда букIунаан кIиго-лъабго ругъун. Радал яхъараб мехалъ кверазда ругел ругънал гьорон ратулаан, бида рецIцIулаан, кутакалда унтулаан. Дицаго дидаго яхIги гьолаго, тIоцебе щибго захIматаб букIунин, хадуб бигьалъилилан, дун радалго хIалтIуде унаан. Дида бихьулаан цехалъул начальникалъул разилъи. Хабар-калам гьечIого, хIайван гIадин хIалтIулей дихъги ялагьун гьелда кколеб букIун батила, гьале цо гIабдални талихIалъ щвана дихъеян. Дирго хIакъирлъиялъ, дирго инжитлъиялъ дие цо кинабали лъалареб рохелцин щолаан рекIее. «ТIокIальги гIодоегIан ккезе рес гьечIелъул дир, тIинда йиго гури дун. Риччанте киналго дида тIад релъизе. Йиччанте гьай, кваналго цо минуталъ кIал чIоларей, цехалъул начальницаги дида тIад елъизе. Цо кида бугониги…цо кида бугониги дие гьабги къваригIина, дида гьаб хIалтIиги квешаб макьу гIадин щвела ракIалде, лъикIлъиялде ругьунлъичIого йикIине…»

Лъабго моцIалъ хIалтIана дун гьеб цехалда. ТIубараб комбинаталдаго лъалеб батана дун лъабго моцIалъ хисичIого, хабар гьечIого, рокъобе щибниги гьениса бикъичIого хIалтIулей йикIин. Дихьги ялагьун, гьимгьимдулей начальница йихьидал, дица пикру гьабулаан: «ЧIаха цо, дунни кватIичIого нахъе ина, амма дуда чанги ракIалде щвезе йигейха дун. ЮцIцIухIун чIун, хабар гьечIого дун хIалтIулей йигилан, гьадинищ дун тезе кколей йикIарай? Цо къоялъгIаги бегьулеб букIинчIищ дун хисизе. НагIана батагиха дуе, чехьквеш» - илан.

Дица цо къоялъ лъазабуна дун нахъе уней йигилан. Гьеб лахIзаталъ бихьана дида гьелъул бадиб унго-унгояб гIажаиблъи. Гьелда ккун букIун батилаха дида кIалъазего лъаларилан ва дун станокалда нахъа гIодой речIчIун хвезегIан, нахъеги инарилан.

- Дида кIоларо мун нахъе йиччазе, - ян абуна гьелъ дида, гIодое йиччараб гьаракьалъ. – Цин дур бакIалде чи валагье дуцаго, цоги гIадан дие щвезегIан мун нахъе ине бегьуларо.

- Гьедин батани дун директоралъухъе инаха, - ян абуна дица. – Дун гьаб шагьаралдасаго уней йиго, - ян гьереси бицана дица, киениги уней йикIинчIониги.

Гьей дида цадахъ йилълъана директоралъул кабинеталде. Директор дихъцин ялагьичIого, гьелдехун юссана.

- Ажай Атаевна, щиб ккараб жо?

- Щибниги ккечIо. Гьалъие нахъе ине бокьун буго. Лъаларо щиб гьабилебали. Гьалдаса лъикIай хIалтIухъан дие киданиги щоларо, щвезеги щвечIо, - ян абуна гьелъ.

Гьеб мехалда гурони директор дихъ ялагьичIо.

- Щай мун нахъе уней? Дуе харжги цIикIкIинабила, чIа бегьулеб батани, - ян абуна гьелъ.

- Йохъ, дида кIоларо, - ян абуна дица, бугеб къуватги бакIарун, кьварун гьелъул бадиеги ялагьун. – Дир чвантиниб билетцин буго поездалъул, дун метер гьаниса уней йиго…

Дирго щолел гъурщалги росун, дун гьениса йорчIана. Дида кколаан гьанже гуреб гьанже, гьел дида хадур рекерун рачIинин, ва цIогьор кинигин, дун кквезеги ккун нахъюсссун цехалде ячинилан. Амма дида хадув щивго вачIунев вукIинчIо.

Гьаб нухалда дун гIемераб мехалъ хIалтIи гьечIого хутIичIо. Цо лъалей ясалъ ячана жиндаго цадахъ жийго хIалтIулей йикIараб коммуналиял харжал ракIаризе кколеб контораялде. ХIалтIи захIматаб букIинчIо, амма нижеда дандчIвалел рукIана батIи-батIияб гIамалалъул гIадамал. Рес бугелгIан чагIи рукIана гIамал гьечIел. Цояз ниж хIинкъизарулаан, цогияз нуцIацин рагьулароан, лъабабилез сихIирго гьимизеги гьимун абулаан, кватIичIого гIарац щвезе кколин, цинги киналго налъабиги рецIилилан. Амма унаан моцI, гьелда хадуб цойги моцI, унаан жеги заман, гьезул налъаби цIикIкIун гурони, дагьлъулароан.

Дида лъалаан гьебги дир бакI гуреблъи. Расги бокьуларого унаан дун гьение хIалтIизе. «ВахI, гьадинищха дир гIумру инеб? Гьаб шагьаралда лъайхъвай гьечIого мадараб хIалтIи щвезехьинго гьечIо гури дие. Щибдай гьабун лъикI? Кинха дие кинго гьаб хIалтIул иш данде ккоолареб? Гьадин хис-хисун хIалтIабигун, щибго гьира гьечIого гьабулеб хIалтIудейищха тIубараб гIумруялъго дун хьвадилей?» - ан абурал пикрабаз дир пашманлъи цIикIкIунаан. Сунцаго йохулароан.

Ана кIиго лъагIел. Цо къоялъ собраниеги бакIарун нижеда лъазабуна, ниж киналго нахъе рехулел ругилан.

- Дида лъазабуна тIадругез, дица нужедаги лъазабулеб буго, - ян абуна нижер хIакимас. – Хиса-басиял ккезехъин руго. Гьанже нужеца гIайибги гьабуге, ва жакъаго а нужеего хIалтIи балагьизе. Дида нужее гьабизе кIолеб жо щибниги гьечIо, гьеб дида барабги гьечIо, - ян абуна гьес нижер щивасул бадивеги валагьулаго. Ниж цоял цоязухъги ралагьун цIорон хутIана. Нижеда лъикI лъалелъулха гьаб шагьаралда хIалтIи гьечIого хутIиялдаса хIинкъараб жо гьечIеблъи.

Ниж гьесда божана. Гьев нижер жаваб кьолев хIаким квешав чи вукIинчIо. Гьеб киназдаго лъалаан. Цо сундеялиго божигун ниж цоги анкьалъ гIадада хьвадана гьенире. Хьул къотIулеб букIинчIо кинго, щиб лъалеб цониги жо ургъизе бегьула гури, кире ругониги къваригIине бегьулагури абун. Амма нижехъ валагьулев яги нижер тIалаб гьабулев чи хIакимзабазул цониги ккечIо. Гьезда чIалгIун рукIана коридоралъур доре-гьанире хьвадулел ниж.

Гьеле гьедин нахъеги хутIана дун хIалтIи гьечIого…



**ГIабдуразакъ**
**ХОЧБАРОВ**

## ЭБЕЛАЛЪУЛ ХУР

I.

ГIумру гьабун гьанже живго вугеб шагьаралдаса гIагараб росулъе щвезе вачIарав Султан, ракI щванщиналъубе хIетIе щвезабизе кIвечIониги, ихдалил къоялъ тIалъиялдаги сверун, чIалгIенги чучизабун, вуссана росдал магъилъе. Лъимерлъудасаго жиндаго лъалел рукIарал бетIергьаби чIаго ругелги, гьел церего накълулъун, лъил рукIаралали кIочене таралги цоцаде журарал хурхералтIасан, ракIалде щвеязулъ цебего араб гIумруялде тIадги вуссунаго, вилълъана гьев жиндирго эбелалъул букIараб цебе-хуриве. Жиндаго лъалелдаса хисараб жо гьениб батилареблъи лъалеб букIаниги, гьава гIоларого кинигин, гьуърул цIун хIухьелги босулаго, вахана хурул рагIалде ва, дагьалъ лъалхъунги чIун, бакIго гIодов чIана.

БекьичIого, авлахъалде сверизе тун, тIад гIуру къараб, ракь тIеренлъиялъ бакI-бакIалъа гIуруги багь-багьун, ругънал лъураб гIадин, гIагарлъухъан нух бахъулелъул кьвагьараб тIалул ричIчIиялъ бациялде ккезабураб хур, къваридго цогиязде данде бесдалго, балагьун букIана тIерхьунеб бакъуда хадуб.

Пикрабаздасаги тIун гьев тIаде ворхидал, бакътIерхьудаса маркIачIул канлъи бецIцIулеб батана. Ригь ун бахъиналде гIедегIун бана маркIачIул как. Какдаса хадуб, хуртIаги сверулаго, рагIун, жиндиего рикьана гьес пикраби:

- Кидагоялъе хвезе течIого, къачIан, жиндирго гIумруялде буссинабила дица дирго гьечIониги, гIагараблъун, хирияблъун хутIараб, гьанже бесдалго рехун тараб хур. Мунагьал чураяй эбелалъул хIалги бохила… Гьелъул гьариги гIадахъ босун, къаданиб чIван тана гIадатияб ганчIил заниги, кигIанго чIухIараб чIвазе дир рес букIаниги. Биччанте ихдаде бекьулеб, хаслихъе бакIарулеб, жинца баракат-рахIмат бачIунеб хурги букIине гьей ракIалде щвеялъе, киназдаго гьелъул букIинги лъалеб…

Жиндирго ккараб хIукмуялъ бакIлъиги свакги тIаса рехараб гIадин, тIадагьго лъугьана Султанил ракIги. Гьаризе кколел хIалтIабиги пикрабалъ гелулаго, гьанже сверухъе тIибитIараб бецIлъукье сверана гьав хурив. Ва, гIумруялъулъ букIараб гIезегIанаб ракIалдеги щолаго, букIинеселъул хIисабалдаги гьапуллъулаго, жеги гIезегIан мехалъ хутIана гьев гьенивго.

2.

Радал, эбел-инсул хабаде къулгъу-алхIамалдеги вахъун, хадув росдал гIадамалгун цадахъ дагъаб мехалъ годекIанивги кIусун, гIедегIана Султан хуриве. Нухдаго сундасан байбихьилебали хIисабалдеги босун, квал-квал гъабичIого вана цебе чIараб хIалтIуде. Лъугьана гъогъол гохIал гьаризе, къалъудаса хадуб лъида букIаниги тачкаги кьезабун, нахъе баччизе пикруялда. БукIана балагьун гьеб жанибе базе бакIги. Ссанги хвезабун, цояб рахъ хурулги тIезабун, нухтIе ракь хъвалаго, бульдозералъ гIанлъараб, цIадаца чурулаго сурукъаб гIелегIалде сверараб, хьитI цIезабизе. Цебесан, ччукIулеб бакIалда кIудиял ганчIазул къедги гьабун, жанибе гъегъги бан, тIаде ракьги баччун, букIахъе бащад гьабун бачине ракIалда букIана гьеб тIараде.

- Ассалам гIалайкум! – ан саламги кьун, Султанида аскIове вачIана, нух бахъун цояб рахъалда, жиндирго гIияда вукIарав НурмухIамад.

- ВагIалайкум салам!

- Мун цо ишалда вугин гьанивилан вачIун вукIана ваккизе, - ян гарачIварана гьев.

- РакIалде ккана дирго эбелалъул букIараб гьаб хур, тIубанго хвезе течIого, къачIан рукIалиде ккезабизе.

- Бегьила…бегьила…гьедин батани.

Ссанул рагIалда гIодовги чIун, хъалияналда цIаги гъун, гара-чIвариялде вуссана гьев нахъеги.

- БоцIуе кваназе букIине дагьабниги гIуру цебе лъезе, гьанисаги цоги сверухъаги гъегъ нахъе бищизе ракIалда букIана дидаги. Киналго рахъун гьабизе бугилан жамагIаталда дандбайгун, гьезул гъира бахъинчIо. Лъиего къваригIун батичIони, диеги щайилан дицаги тана.

- Дида тезе ракIалда гьечIоха…

- Гьабизе биччаниги, хIалтIизабизе дуе гьеб телилан кколаро. ГIемерал кIалал руго росулъ, щиб-щибниги багьанадеги ккун, къва-къвадизе хIадурун чIарал. Цоязе кьуни, цогидазеги кьезе кколилан, къватIир ругезул гьарун рачIаразеги кьечIо картошка бекьизе гьитIинал бакIалцин.

- Дие гьеб кьейилан гьаризеги, гьезухьа гьеб бахъизеги гурелъул дун вачIун вугев. РагIалде щун чIунтараб гьаб, хун течIого, жиндирго баракатаб гIумруялде бахъинабизе пикруялда вуго…

- ГьелтIа щив божилев, дуца бицараб битIараб батаниги...

- Божила, заман щварабго, - ян дагьабго гьаракь борхун, абуна Султаница, вачIун тIадегун, хабар халат гьабизе лъугьарав херав чиясда ццим бахъинеги бачIун.

Султанида аскIовеги вачIун, цадахъ гохIазде гъегъ базе лъугьана НурмухIамадги.

- Дагьав цеве Чаландарги вачIун вукIана росулъе, жиндирго кули-мархьо нахъе тIалаб гьабун. Гьаниб дуе мегъ бикьа-къотIулеб гьечIилан, кьечIо… Дицагоги абуна нижехъеги гьеб лъицаго тIадбуссине гьабулеб гьечIилан. Кулак гьавун аралъув Киргизиялда хутIарав ГIабдулмажидилги рачIуна ан кагътал, жиндир хур-хер, мина-мулк жинца нужее хIалал толарилан. Мина-мулкни колхозалъ кьуна нахъе гьесул гIагарлъиялъухъе.

- Бичизе бигьалъилеб бигъиналда гурелъулха гьеб кинабго гьанже бугеб. Кинаб гIакълу дуца кьейилан дида гьикъани, дунгоги къосине ватила лъугьун бугеб хIалалъухъ балагьун, - илан гьанже гIодове виччан кIалъана Султан-

ги. – Амма кида-къад бугониги, нилъехъаги бажаризе ккела, лъие ва кигІан кьелебали тІадги ургъун, ракь бетІергьабазухъе буссинабизе, яги, гьедин бажаричІони, бетІергьаби гьелъул рахъинаризе бесдаллъуде рехун течІого.

- Цо нилъер росу лъугьун гьеб бажаризе батиларо, цадахъго киса-кибего цо законалда гьабуни гурого.

- Нилъер гьанир ругел гьал гьитІинал мегъаздаса байбихьун, дагьабищ ракь улкаялда бесдалго хутІун батилеб. Дов режиссерас абухъе, дидаги бачІуна гІодизе гьеб киналъулго хІисаб гьабун. ЦІва-каналтІе роржинейилан лъугьун ругел гІадамазул гІакълу-лъай гІезе ккеларищ киналъего байбихьулеб аслулъун хуриб бараб рахъ букІунеблъи лъазе. Дир бахъунеб ццин, гьадин мегъги рехун тун, ункъо-щугоги гьоркьохъанги гьавун, цоцазе цого жо бичи гьабулеб бугеб гІамалалда. ТІокІаб жого гьечІо пикрабазулъ цо бакІалдаса босун щиб букІаниги цоги, гьедигІанго тІадги лъун, бичизе кІвеялъул гурого.

- Нилъеда гьанже гьеб кинабго битІизабизе кІвеларо.

- КІвеларо… Гьаб къали хьалеб хур хвалдаса бахъинабун, жиндирго гІумруялде битІизе кІваниги, дагьабниги бигьалъилаан диеги.

- Гьаб цебего, мугъалъ ракьги баччун, мунагьал чураяв дур инсуца гьабун букІанилан абула. Гьанжеги гьединго гьабизе ккелаха, гьаниб кутан базе хутІараб ракьги гьечІеб хІисаб бугин.

- Гьанже цо бигьалъиниги букІина нилъее, ракь мугъалъ баччизе ккечІого, техникаялъ гьабизе бегьи.

- Гьебги букІина…

БукІана гьаб хурулги жиндирго къисмат. Султанил эмен ГІумардадаца, тІалъиялда цІар рагІараб жиндирго бекерухъан чуги кьун, босун букІана гьеб гьабизе бакІ росдал бечедасухъа. ЦІад-бакъ рекъараб, соналъ бецизе херги бижулеб гІурдаллъи букІана гьениб.

Чуял тІамулелъул, кидаго гІадин, тІоцебе бачІараб ГІалил чоде аскІовеги вачІун, росуцояс абуна:

- Биче чу.

- Бичиларо. Щай дица дуе чу бичизе кколеб?

- Щай? Щай гурелъул дуе цІар-реццалдаса хъизан-лъимал хьихьизе ракьул бутІа къваригІун бугелъул.

- Гьебали битІараб буго.

- Дица кьела дуе гьелъухъ, битІун абуни, хур гуреб, гьеб гьабизе ярагьунеб бакІ. Дуего гьагъаб дир нохъода тІаса гІурдаллъиги босе, чуги дихъе кье.

- Дие гьеб тІехІараб нодо щай?

- Гьабизе рес бугелъул гьебни. Росдада гІагардахъ бугеб, саламатаб хур букІина дурго.

Бокьун букІинчІо ГІалие жиндирго бугеб чІухІи, гІандаллъиялде гІунтІунги рагІараб бекерухъаналдаса ватІалъизе. Амма, хадусел моцІаца, гІакълу цебе ккезабун, хІисаб гьабидал, гьесул пикру хисана. Хадуселъ чуял риччаялда цебе, гьари цІигьабурав росуцоясе гьебги кьун, босун жиндиего хур гьабизе бакІгун гІолохъанчиги чІана.

ТІубараб хасалихълъиялъ хІалтІана ГІали, глъарал мухъалда хІари чІолеб бакІалдаса гьебги баччун, хуртІе кьер гьабун балев. Ихдал, рикІкІадаса гьакица баччун, тІад гІерул кьерги гьабун, бекьана хур. Анкьал рахъун, росулъе бихьуледухъ, лъелехь бан бижизе лъугьана гьениб хьвараб огоб.

Гьанже тІаде регІун зигардана ГІали инсуда, кьеларин нахъги чІвачІого,

рагIиги бицунарого чIезаюн йигей жиндирго йокьулелъул эбел-инсухъе хIасил лъазабизе айилан.

- ТIокIаб жоялъе бажариго гьечIеб гIадин, кидаго чуги кьандиб чIван, гьеб терезабулев гурого вихьуларев гьесул кинаб магIишат-рукъин букIунебилан ракIго унеб букIинчIо нижер гьесие ясалъул рагIи бицине, - ян рагьун гара-чIварана ясалъул эмен. – Гьанже, гьагъаб жигар бахъун хурги гьабунин, гIадада хварав чи ватиларин кколеб буго.

- Бокьани гьеб, бокьани цоги гьесие кколеб хур магьаридеги лъела, нужецаги рагIи бице, - ян гьарана васасул инсуца.

Разилъун рачана бихьинаца кверал.

Хуриб гIураб огоб лъилъилалде, жиндиего магьариде лъураб хурие ячIун йикIана цIияй гьелъул бетIергьан ХIалимат. Байбихьун букIана цIияб хъизаналъул гьуинлъиялъулги агъазазулги цIураб хIасратаб гIумру.

3.

Нахъисеб къоялъ радалго, хуривеги щун, гьениб гIелегI бахъараб бакIалде жанивеги лъугьун, санкьал гьабун жеги къед бачине лъугьарав Султанида бихьана гIагарда нухтIа машина лъалхъулеб. АскIове вачIана росдал администрациялъул бетIер.

- Щиб дуда ракIалде ккараб? – ан вачIинахъего ахIдезе лъугьана гьев, - гьанир ругел ракьазда кверщелго тIад гьечIиланищ мун вугев?

- Цин салам кьола, дир вас, тIаде рачIунелъул, саламатал гIадамаца.

- Ассаламу гIалайкум!

- ВагIалайкум салам! – ан, саламги буссинабулаго, Султан вахъана данде, бегьана гьесухъе квер.

- Гьанже кьеха дир суалалъе жаваб.

- Дида ракIалде ккун буго, дирго эбелалъул букIараб гьаб хур, гьаризе кколел хIалтIабиги тIад гьарун, жиндирго баракатаб гIумруялде бачине.

- Гьеб щиб дуца бицунеб жо? Асул эбелалъул хур!.. Гьанже гьечIо эбелалъулги инсулги хурзал, мун векерун вачIун, лъидаго гьикъичIого, гьел кквезе лъугьине.

- Мун эбелалъ гьавизегIан ургьивго чIун ватиларо, балагьидал. Цо абулеб лъугIизегIан чIечIого ахIдезе, - ян гьаракь борхун абуна ццин бахъарав Султаница. – Дица дуда абулеб буго гьаб хур нахъе тIалаб гьабун вачIарав гурин дунилан.

- Харбал рицунев… Дуда гьеб къачIазе вахъайиланги лъицаниги абичIелъулха. Гьанже баба-дадал рукIарал хурзал чIезаризе рахъани, яги гьел рикьизе лъугьани, дагIба-рагIиялъукь гъанкъун, гIадамал цоцаца гъуризе руго.

- ГIадамаца гьабилеб дида лъаларо, гIезе бегьула гьезулги гIакълу маслихIаталде рачIине. Дир хъулухъ кигIанги ракълилаб буго – чIунтараб хур къачIай, хъахIбер гIадин течIого гьаниб росдада цебе.

- Дуца дие гьудубилан, гьабилан харбал рицунге, гIадамал рагъаризаризе. Гьаб хурги къачIазе ккараз къачIала, мунги нахъегIан чIа.

- КъачIазе ккечIогойищха гьабги, цоги цIикIкIунисеб мегъги тун бугеб бесдаллъизе. Лъиего къваригIинчIеб, щивго бетIергьан гьечIеб лъеберго-кIикъого соналъ ракул кIочIоги жанибе рехичIого, рухIги бахъизабун, хъалги

ччукIизабун, гIодоре рехун. Дуцаго хал гьабе цебе бекьулеб букIараб росдал магъил, гьанже кигIанасеб бекьулеб бугебали.

- Кинан батаниги, мун щив чи дуца гьеб гьикъизе?

- Дунги гьаб росу бакьулъа вуго, хIамабагьадур, дудаги гьеб лъалеб батила. Садакъабиги рикьун, гIадамазухъа гьаркьалги ралагьун, хIаким вахъиндал, мун вукIинарищ кIудияв чи.

- Мун гIодове виччай…

- Мун гьединав кIудияв хIаким, гьаб хурул ссанги гIанлъун, гьадин гьабги хвезабун, суризабун ракь нухтIе хъвалеб бугелъул, киве валагьун вукIарав, гарбидекIанцI. Мун тIамизе кколаан букIахъе гьаб гьабизеги, жеги намус гьечIого хабар бицинеги лъугьунев. Азда кибха кIвелеб къваригIаралъубе цо-кIиго машина ракьул чIехьезе, гIуру къараб мегъ гIанлъичIого…

- Дица дуда абуна хур жибго тейилан, – гьев, хабар лъугIун букIинги бихьизабун, жиндирго машинаялъухъе ана ва гIедегIун цевеса тIерхьана.

Ссанул рагIалдеги вачIун Султанги чIана гIодов. Амма, гIодов чIун гIодове виччазе кIвечIого, соролел квералги лъулъалаго, нахъойги сверана хуртIа.

4.

- Ассалам гIалайкум!

- ВагIалайкум салам!

- Нужер дагIба-хабар сундалъунгIаги лъугIараб, инев вихьун вукIанин бегавул, - илан, гара-чIваризе вана, аскIове вачIун, НурмухIамад.

- Щиб лъалеб сунтIа гьеб лъугIарабали…

- РикIкIалъаралго гIагардегIан дирго гIиялги сверун, дуе кумекалъе вачIунев вукIана дун.

- Батани лъикIха… - янги абун, хIалтIуде кверги унарого хутIун вукIарав Султанги жиндирго цебесеб къоялъ байбихьи лъун букIараб къадада нахъе лъугьана. Гьоркьобе ракьги бан, чIахIиял ганчIазул сангар бачана гьес эхеде. Жиндирго гIиязде берги рехулаго, къоялъ цадахъ хIалтIун, гьогъол гIелегI цIезабулев вукIана НурмухIамадги.

Бакъани мех щвелалде, ракIалда букIаралдасаги гIемераб хIалтIиги батун, хIухьбахъизе лъалхъана гьал.

Гьалмагъ аравго, каки чуризе лъарахъеги лъугьун, гьениб гIурдаллъуда какги бан, нахъеги гьаризе ругел хIалтIабазул пикрабазда вачIунев вугев Султанида данде вачIана администрациялъул бетIер.

- БичIчIичIеб къагIидаха дуда дица абураб жо? – ан вачIунаго дагIбаялде байбихьана гьес.

- Цин салам кьолеб гIадат букIуна нилъер гIадамазул.

- КIиабизеги вуго мун дие цого жо бицунев, - илан ахIдана гьев. – Саламги кьун дун тIаде вачIине къваригIун букIараб батани, дова годекIанив вукIинаанха мун, мун гIадиназда гьоркьов гIобов кIусун.

- Дир хъулухъ гьечIо годекIаналъул, гьенив мунагьазул базаралда вукIине. ХIалтIизеги риччачIого, руччаби гIадин, щурщудилел рукIине ругьунлъун рихьана дида гьенире рачIунелги.

- Валъаргъунге, ле, дуца дун.

- Гьебго дицаги абила дуда…

- Дида чIалгIун руго нуж, цояс азбар къватIибегIан цIан, цогидав кули бахъизе лъугьун, лъабабилес бабалги дадалги хурзал цIехон…

- Гьезги щибха гьабилеб?.. Бичун босизеги бегьулеб рагIуларо ракь, бетIер-

гьабахъе нахъе кьезеги, яги бикьа-къотIун гьелъул бетIергьабилъун рахъинеги – гьеб бегьулеб гьечIо.ГIицIго бегьулеб буго гьеб ракь чIунтизабизе.

- Гьеб щай чIунтулеб букIунеб?

- Щай гурелъул, бекьаниги жаниса щибго бачIинаредухъ хIалакълъизе тун ругелъулха, тIалуда гъезегIан.

- Дица кинха гьел гьанже кьара гьарилел?

- Дида бичIчIула, дир вас, - ан, гIодове виччан кIалъана, гьесда аскIо-вегIанги вилълъун, Султан, - хIукуматалъул роцада тIуразаризе кколел масъалабазул гIайиб дутIе гиризабизе мекъи букIунеблъи. Дудаги бицараб бичIчIизе бегьилаан.

- Цин дандбазе вачIине ккелаан мунги, кин гьабун лъикIилан.

- Щиб-щибги бицун нуха регIилаан…

- Щиб-щибги бицуневги гьабулевги мун вуго, цIикIкIарав чи. РагIи бихьу-ларищ бицунеб? Дица, участкаялдеги ахIун, тIамила мун киналъулго жаваб кьезе.

- АхIе, гьесул эменги цадахъ гьавун, - илан, ракIхунги абулаго, лъугьана Султан жиндирго тIагIел-гIучI бакIаризе. Гьебги босун, гьабураб хIалтIудаса рохелги щвечIого, гьев хуриса нахъе ана.

5.

Рокъове щунги хIалхьи лъугьинчIо Султание. Жеги хIалтIаби байбихьун рукIинчIеланиги бигьалъилаан гьесие жиндирго пикру рехун тезе. Пикру гьабунагIан, гьесие къабуллъулеб букIинчIо хIалтIаби рагIалде рахъинчIого хутIи.

- Метер радалго вахъун гьенибе ракьги баччила, аслиябщинаб лъугIун букIина гурищ дир, - илан живго жиндагоги гаргадулаго, къватIиве вахъана гьев. ГодекIанир ратарал гIолилаздасан лъазабуна, сверухълъиялдаса киса мухьдахъ ракь баччизе техника ахIизе бегьулебали ва, лъарабго, ругьел босун мадугьалихъ росулъе, гьезул цоявги витIана.

- Радал рачIинилан абуна гьез, - илан хеккого вуссана чапар. Гьесие бар-калаги кьун, Султанги рокъове гIедегIана.

Нахъе хъамун чIоларого, пикрабалъ такрарлъун рачIунел, къоялъ рукIарал дагIбабиги, хIалтIабиго гелулаго квана-гъанана гьанже ахIарав хIалтIухъанги. Гьекъана свак чучизегIан жиндиего хирияб хурдузул чайги. Амма ракIалда букIахъе, радал ракь баччилалде тIуран рахъине кколел хIалтIаби гьаризе ине букIараб хIукму гьес хвезе тана. Радал хекко вахъун гьабизе гьебги тун, кIохIаллъун ккарав гьав вегизе вахъана.

Макьу бачIинегIан пикрабалъ нахъеги жиндирго гьаризе ругел хIалтIабазда тIад вуссарав Султан, ракIалдещвеяца вачана рикIкIада хутIараб лъимер-лъиялде. ГьитIинаб мехалдасаго жинцаго рикIкIада хутIаралъулъ гIемераб букIана гьесие хур-хералда хурхараб. Магъил хIалтIабазда рииялъ йикIуней эбелалъ цадахъ гьитIинав живго вачунги, хадуб гьитIинай яц хьихьун вукIине вачунги, ватIалъизе толароан гьев аскIоса.

Хехго ана, гьел бищун талихIаллъун рукIанилан кколел сонал. Рокъобги, къватIибги бицине байбихьана колхозал гьариялъул. Сордойилго гIадин ахIизе байбихьана собраниял. Данде чIун букIараб росу мукIур гьабуна.

БачIана их хур колхозалъ арабги. Цин валагьидал Султанида рихьана гIадамал жидерго хурир рекьарилел.

- Дада, нилъер хур чияца бекьулеб буго, - ян векерана Султан рокъове.

- Нилъер гуро, дир вас, гъоб гьанжеялдаса, колхозалъе ана гъоб. Щаялиго гIодун виччан тана Султан, рагъида гIодовги чIун, чияца бекьулеб бугеб жиндирго хурухъги валагьун. Гьесда бичIчIулеб букIинчIо жеги, кин гьеб дагьаб цебеги жидерго букIараб хур чидар лъугьунебали, нахъе унебали.

Гьеб букIана гьанже батIияб рахъалдехун гиризе лъугьараб гIумруялъул байбихьи. Султаница къварилъахъдилаго нуха регIана колхозалде цояб гIакаги, чачаналъе ун хIалтIун щвараб гIарцуде гьениса босун бачIун, тагьиялдасанго гIезабураб жиндирго бекерухъан чуги. Гьебги рекIун хьвадана колхозалъул председатель ХIажи.

* * *

Пикрабалъ букIахъе, радал хеккого эскаваторги ракь баччизе техникаги бачIун, хIалтIабазде вуссана Султан. ГIелегIги ракьул цIезабун, гьанже хурда битIизабизе гохIал гьаризе лъугьаравго, лъугьине байбихьана гьесда ракIалда букIинчIебги. БачIун нухлул рагIалда лъалхъана полициялъул машина ва гьениса къватIире рахъун рачIана форма ретIарал кIигоял.

- Султан мунищ кколев? – ан гьикъана гьез, хурире тIадеги рахун.

- Дун вуго.

- Дуца щайха, цIикIкIарав чиги вихьулин мун, гIадлу хварал жалги гьарун, гIадамазул рахIат хвезабулеб?

- Дида бичIчIуларо дитIе гIунтIизабулеб гIайиб?

- Дуца щайха мунго лъикIав лъугьун, дур ихтиаралда гьечIеб ракь бахъулеб?

- Дун гьеб бахъулев гьечIо, къачIалев вуго.

- Щай?

- ЧIунтизе течIого, цIидасанго хур лъугьинаби мурадалда…

- Дур температурайищ бугебали?.. – ян велъана гьев, - риччалъ вугев чияс гIадал жал рицунел руго дуца.

- Батиларо.

- Дуца, гIантавлъунги хIан, гIантал жал рицунел ругоха. Дур гьеб билълъинаро.

- ГьечIони, жанив тIамизе вачIаха, чIунтизе тараб хур къачIалев ватанин гьавилан, цоги киналго, щвараб бикъун, щвараб тIезабун халкъияб магIишат жидедего буссинабулел ругел заманалда.

- Гьая! Гьая! ТIамилин мун жанив, тIамизе кканани.

Росдал администрациялъул бетIерги вачIунев вихьун, гьесда данде гьелги ун, живго хутIарав Султан валагьана хурул рагIалде. ХIалтIиги рехун тун, нухдеги бахун, тIаса гIодобе инеб букIана эскаватор. Хадурго къватIире рахунел рукIана машинабиги.

- Полицаялъулас гIин кьурилилан хIинкъун инел ратила тIурун, - илан, ракIхун гьезда хадуб квер хьвагIана Султаница.

- Дур гьав товарищас, ботIролъайищ гьав лъикI гьечIевали лъаларо, цо батIиял жал рицунел руго, - янги гьесда абулаго, цадахъ аскIоре рачIана нахъеги полициялъулал.

- Дирги бетIер сверизабуна гьес гьадинилан, додинилан.

- Дида жеги бичIчIичIо щиб гьасие къваригIун бугебали, - ян абуна полициялъулас.

- ТӀамачги ручкаги кьун, объяснительное хъвазе тӀаме гьев, - илан буюрана полициялъулас гьалмагъасда.

Гьезул машинаялъул капоталда тӀад тӀамачги рекъезабун Султаницаги хъвана. Хъван бахъарабго гьес босун ана тӀамач цогиясухъе. ЦӀалун гьебгун кӀиялго рачӀана гьасда аскӀоре.

- Дурго гьабулебги лъугӀизабе, - ян абуна полициялъуласа. – ТӀокӀал ниж гьанире рачӀине ккани, нижеца хабар батӀияб бицине буго, гьеб дудаги лъай!

Гьедин гьел ратӀалъана.

6.

Радалго хуривеги щун, гӀиси-бикъинал хӀалтӀабазда заман инабулев вукӀана Султан, гьабуна къотӀи цӀидахъе букӀараб хӀалалъго хӀалтӀи гьабизе техника бачӀинегӀан. ВачӀана цо лъаларев гӀолохъанчи.

- Ассаламу гӀалайкум!

- ВагӀалайкум салам!

- Дун вуго «ЗахӀматчи» газеталъул мухбир.

- Бицея, гьудулавчи, дурго мурад.

- Дур хӀалтӀулги гьелда сверухъ букӀараб дагӀба-рагӀиялъулги рагӀана дида. Газеталъе пайдаяб материал щвезе бегьулилан вачӀун вукӀана дургун гара-чӀвари гьабизе.

- Гьел дагӀбаялги лъугӀана хӀалтӀиги инеб буго. Гьелде вуссине дун теялдаса кӀудияб мурад дирги гьечӀо.

- Щай мун вачӀинахъего гьедин. Дица бицинчӀониги лъала дуда росулъ ругел гӀунгутӀабиги.

- Унго-унгоги дун нужее щайзе. Нужее репортаж гьабизе бокьани дагьал гьечӀо сверухъ чӀунтарал хурзалги. БитӀун бицани, дун вачӀун гьечӀо дирго гьитӀинаб хуралда сверун кӀудияб хабар гьабизеги. Газеталдасан гьадинилан додинилан ахӀи гьабизеяли щай дие бокьилеб, рагӀичӀо, бихьичӀоян вуцӀцӀухӀун ине бокьун буго. Дида лъала кин гьеб мухбираз хъвалебалиги…

- Щиб дуда гьениб бихьулеб бегьулареб?

- ЛъикӀ буго, гьаб хур гьанже чӀунтичӀо. Дун цо анцӀго соналъ цеве эхеде щвезе вачӀаравго, бекьичӀого рехун тун батана. Жеги церего рехун таралги руго. Ахирисеб лъеберго соналъ жаниб рак бачӀебги мегъ буго гьаниб. Къван кӀизеги тун. Нилъер умумузе бокьулаан хинкӀ жиндирабго кваназе. Гьеб лъикӀ буго Россиялда кӀудиял хурзал рукӀинги, гьениса бачӀинги гӀемераб букӀин, киназего пенсияги бахъун, гьадин регун-рахъун гӀадамал тун.

- ЛъикӀ буго, гьедин батила. Дур гьечӀебищ щибго абизе бокьараб.

- Буго. Амма гьеб газеталда хъвараб макъалаялъ рагьизе гьечӀо.

- Гьелда кӀолареб щиб букӀунеб, рагьун пикру загьир гьабизе толеб мехалда?

- Пикру гуро.

- Щибха?

- Рокьи. Дир хурудеги, дирго магӀишаталдеги, дирго йокьулелдеги, хъизан-агьлуялдеги, цадахъ хуриеги рахъунел, дида кваназаризеги кӀолел. ТӀубазе рес гьечӀеб букӀана дир гьеб анищ. Гьелъул бакӀалда кинабго кодосаги босун, дун, цин аниве хъамун, цин дове хъинтӀун, дир бугинги абулеб, тӀезе жо гьечӀеб магӀишат гьабулев вукӀана. Хъизан-агьлуялда аскӀов рокъов хутӀараб къоги къанагӀат букӀунаан.

- Нилъерго хурги бекьун, рега-рахъун рукIинчIого, улкаялъеги гьабизе кколелъулха.

- Гьеб пикру дицаги бикьула дургун, амма, лъица гьукъун бугеб гьанже?

- Гьеб гьукъунги гьечIо, гьелъие нухги гьечIо.

- Щибха нилъер кколеб бугеб? Сундасанха нилъеца гьаб макъала байбихьилеб?

- Гьебали хъвазеги бегьилаан, амма щиб гьелдаса ккелеб? Лъиcаниги цIалулареб, цIаланиги гIадахъ босулареб, лъиегIаги гьеб къваригIараб?

- Сундулго захIматаб заман букIуна…

- ЗахIматаб мехалъ яги гьереси бицунел, яги руцIцIухIун чIолел гурони дида ратичIо. ГIезегIанго сонаца цебего, гIемерай эбелги гьардон, тIадвуссун вукIана дун росулъе. ГьитIинал рукIана гьанир бачIинал картошкадул. Дида абуна звеноги гIуцIун гьеб гIезабизе тIаде босейилан, ахирисел соназул гьоркьохъеб бачIиналдаса тIаде щваралъул лъеберго процент нужее телилан. ХIалтIана рииялъ, бачIинабуна. Гьанже нижее ккараб босизейилан ниж лъугьаралго биччачIо. Хадусеб соналъ гьелъул лъабил бутIацин бачIинчIо картошкадул. Хьвадана дун ритIухълъи балагьун, бадиве валагьулев чиго ккечIо. Нахъисеб соналъ цIакъ тIаделъун, парторганизациялъ кIудияб кIварги кьун, бачIинабуна лъикIаб картошкадул бачIин. Нужер газеталъ хъвана кутакаб рецц-бакъалда цебесеб соналде данде ккун гьадигIан тIаде бачIин щванилан. Гьез цебесеб соналъ дица бачIинабун букIаралъулги хъвачIо, гьанже бачIараб диралда данде ккун кигIанасеб ккарабалиги хъвачIо. Гьедин гьабулеб букIана нилъеца магIишат, гьедин хъвалеб букIана гьелъулги.

- Гьанже гьедин гьечIелъулха.

- ГьечIилан гIадамалги божизаризе, гьезда кидалго садакъаялтIа кваналел рукIун бажаруларин бичIчIизабизе нужги а. Дунги вукIинаро гьанив анкьидасан, объяснительное хъвана лъугIарабго, дагIба гьечIого, хур жибго телин рагIи кьун.

ХIалтIаби байбихьизе рачIун рукIинги лъазабулаго сигнал гьабуна ахадасан машинаялъ. Султанги гьениве гIедегIана щиб-кинали лъазе.

7.

Ракьги бaччун бахъинабун, гьебги битIа-бищизабун, гIиси-бикъинал хIалтIаби гьарулев вукIана Султан. Гьесда бихьана росулъехун унеб васасул машина ва гьев тIадвуссун гьесда аскIове вачIана.

- Ассалам гIалайкум!

- ВагIалайкум салам!

- Дида бичIчIуларо, мун гьанив щиб гьабулев вугевали.

- Дица гьеб гIемеразда бичIчIизабизе ккана, дуда лъарабани, дида ракIгурхIиялъ, дуца гьекъечIого телаан.

- КIиго-лъабго къоялдаса вачIинилан ун вукIана мун, кинго вачIунарого эбелги зигардизе байбихьана…

- РакIалдаго букIинчIого гьаб хур къачIазе пикру ккана.

- Нилъей гьеб къачIан щай, эмен? Гьеб бекьизеги, бачIин бакIаризеги гьанире хьвадилелищ нилъ рукIинел?

- Бекьизе бокьаразе букIине…

- Гъадинаб жиндиргоцин ургъел гъабун бажаруляреб дунялалда, дитIе кколареб тIаде босизе щай дуе къваригIараб?

- Дида абуна гъединги гъаниб…

- Мина гъаниб базегIагицин гурищ дуда ракIалде ккарабилан вукIана дун. Гъебги гуреб…

- Суд къваригIун гъечIо дие, кумек къваригIун буго, дир вас, - илан ракьалда белги хIунчизабун, тIаде вахъана Султан. – Хур сверун къватIисеб рахъалдаса гвендалги гьарун, рохьоса гIинтIидул гъутIбиги рахъун, гьанир чIезе къваригIун руго, хIама-бечеги жанибе гъун, инжит гьабуларедухъ. Дица, хадув вачIаравго, босун ракги бала гьанибе, бекьизеги бекьила. Гьаниб лъилниги хутIун батичIо, гьикъидал, богIол хьон.

- Лъие букIине?

- Дица абуна гурищ дуда, гIелин гIакъубаби дие кьезе, - ян гьаракь борхун абуна Султаница.

- Дун итниялда хIалтIуда вукIине ккола.

- Цадахъ рилълъина, дица гьал хIалтIаби лъугIизаризе ккола. Директорасдаги абун, дица чIахIиял классазул цIалдохъабиги гьарила кумекалъе, цинги рахъун рохьосагун, цо къоялъ гъутIбиги чIун лъугIизарила. Кьибил биччазе гъварилъи бугеб гьаниб бокIнилъ цо махил гъветIги чIела, хьуриялъе гIинтIидулги.

- Хадуб бекьизеянги абила дуца…

- Абиларо. Бекьизе дунго ина хьоналги ралагьун.

- ГIадада къо ине биччачIого гьанжеги тIаделъизе рачIаха, дада, - ян разилъана Султанида вас, метер бакъанидагIаги эхере рахъине.

## 8.

Бицунеб халат гьабичIо. ЦIалдохъабиги рачIун, рохьореги ун, чIезе гIуралгIан гъутIбиги рахъун, тIад вуссана васги. Гьев вачIиналде хурибе ракги бан, гьениб гьебги щущазабун, хурив хIалтIулев Султанги вукIана.

Лъималаз кумек гьабуна гъутIби чIезе гвендал рухьизе. Амма гьел чIезе заман гIечIо, хIукму ккана радаллъизегIан гьел лъаралъ лъун тезе, радалго хурир чIезе.

Вас вахъинегIан чIечIого, рогьалил какги бан, гIедегIана Султан хуриве. Лъарахъа тIадеги раччун, байбихьана гIинтIидул гъутIби чIезе. ТIаде щвана васги. Жиндирго чахъабиги гIурдатIе рахъинарун, кIвараб гьабизе лъугьана НурмухIамадги. Гьедин жигаралда хIалтIана бригада.

- Дун регIизехъин гьечIо гьаб бегизегIанги лъалхъизе, - ян ругъел бикьана Султаница НурмухIамадидехун. – Дица дуда тIад къан толеб бугоха тIоцебе кутан къватIибе бахъарабго, гьаб бегизабизе. Дица гьелъухъ гIарацги кьела.

- Дица гьабила.

- Эбелги ялагьун чIун ятила, рилълъинищ, дада? – ян гьикъана васас.

- Сардил бадире ралагьун рилълъинаро, радакьго рахъун ина, - ян свакан

угьана гьес, амма, гIодов чIун яхI гьабизе кIвечIого, сверана хуралда сверухъ. Цинги, ургъел бикьулеб гIадин, васасдехун вуссана:

- Кинаб заман бачIаниги, дир вас, нилъ цере тIурал, цIа-каналде рахъарал…хурзалги рекьизе, боцIи-панзги хьихьизе кколеб батула. Хуриб бараб рахъалдаса байбихьулин абула кинабго. Умумузул ракьулги хурулги баракатги букIуна, гьел рехун тейги лъикI гьечIо…

7.

Росдал гIадамаца гьабуралъул бицун бахъиналде, хуриб хьазе бугIаги босун, Султан нахъойги росулъе щвана. ТIалъиялда бакI-бакIалда регулел ругоан гьанже хурзал. Бегун батана гьесда жиндирго хурги.

Вохана Султан хуриве щведал. РекIунел рукIана гьенир чIарал гъутIби, понцIолел рукIана гьезул букIдул. Цебесан хал гьабулаго, гьесда бихьичIо рекIинчIого хутIараб гъветIги. Нагагь гьединаб батани, цIидасанго бахъизеги бахъун, чIезе ракIалда букIана гьасда.

Къасиго росулъе щваравго, къотIиги гьабун, гъари бахъизе тракторалъе, радал вахъун, жинцаго квералъ хьонги хьан, мугь ракьулъе ккезабуна Султаница.

- Гьанже гIодове виччазе бегьила мун, - илан абуна аскIове вачIарав НурмухIамадица, - росулъ тIоцебе ракьулъе мугьги ккезабун.

- Гьеб битIун буго, - ян разилъана Султан, - амма цо жо камун буго гьаниб – мунагьал чураяв дир инсуца гьабун букIараб гIадинаб хьош.

- БукIана, ганчIил кIамуриги бугеб, гьанже нахъалъагIанги.

Машина ганчIилги цIун, хьош гьабулаго ана Султанил хадусел къоял, ва гьеб бан лъугIарабго, хIалухъинги цIиризе байбихьана.

- Гьанже заман щвана дие дирго дачаялда квалквадизеги, - ян ургъел бикьана гьес хуруда. – Мунги букIа дурго баракатаб, рахIматаб хIалтIуда. Мун лъилъулелги камиларел ратила гьанир, бекьулелги. Дунго вачIинеги бегьула росулъе, щиб лъалеб… Бесдалго мунги теларо.

## ПАЛУГЬАНЛЪИЯЛЪУЛ БАЛЪГОЛЪАБИ

РакIчIчIун, божун абизе кIола, унго-унгояб таваккалгун, рокьигун тIаделъун хадуб инсанасухъа бажаруларeб иш Аллагьас дунялалда бижун гьечIилан. Мисалалъе алпинистал. Кидаго гьел рукIуна жеги инсанас хIетIе чIечIел, гIумруялъе хIинкъи бугел бакIал ралагьулел. ТIад русинел, русинарел лъаларел борхалъабазде харулел. Гьедин букIуна кинабго махщел гьунаралъул. Гьезда гьоркьоб бищунго хIинкъи цIикIкIаразул цояблъун бугин палугьанлъиян абуни мекъи ккеларо. Гьеб гьунаралъухъ рокьи ккарал тавак-



**Москваялъул цIиркалда Рабадан Абакаровасул палугьаби**

калал гIолилазул, жалго лъугьун кваралги ран рахъана гIезегIанго машгьурал палугьаби. Мисалалъе, арал гIасрабаз Дагъистаналда киналго палугьаби рукIана росулъе вачIарав палугьанасул гьунаралъухъ рокьи ккун, яги росулъ цеве вахъарав палугьанасул ирс босарал гIолохъаби. Махщел камиллъарав палугьанас тIадагьго гьарулел гьунарал рихьараб мехалъ гьелъухъ рокьи ккарасда бигьаго дидаги кIвелин ругьунлъизе палугьанлъиялъеян ккола ракIалде. Амма ругьунлъизеяли киб гурин гьеб бигьаяб букIунеб, ругьунлъун хадубги кидагоги захIматаб пиша буго. Ругьунлъиялъулги ахир-лъугIел, тIасияб рахъ гьелъул букIунаро. ГIумруялъ ругьунлъулелго ругьунлъулел, тIаде цIи-цIиял гьунарал ургъулел рукIуна унго-унгоял палугьаби. Жеги лъицаниги гьабичIеб цIияб гьунарги гьабун халкъалда бихьизаби гурони батIияб ургъелги гьезие букIунаро.

Байбихьуда, кварида хIетIе лъуралдса жиндиего хIинкъи цIикIкIараб иш бугониги, хIинкъи палугьанасул гьалмагъ гуро. ТIоцебесеб захIмалъиги гьесда данде чIвала, кварида гали тIамулаго, метралъул гурони борхалъи гьечIониги махIаби сородула, рекIел хIал хисула, гIодоре рортула. Амма рекIелъ ракьа бугел лъимал гьелъие къуркьуларо. Роpтулаго кварида тункун лугби хъахIилъаниги ракIалъ таваккал лъураб къасд рагIалде бахъинабичIого чIоларо. Кварги гьалатIазда тIаса лъугьунаро. Аллагьас цIунаги тIамуралъул чIва гIадин дугъдан цIараб кваридаса бахъун кколеб хIатIихъа гьеб сородизе. Хъвараб щинаб бакIалдаса ретIел тIутIун бала гьелъ ва би речинабун



**Ярагъи ХIажикъурбановасул палугьабазул къукъа**

гьел бакIал билбагIар гьарула. Цо-цояз гьелдаса хадуб палугьанлъиялъугун къолъикI гьабула. Амма цо-цо гIисинал ясалцин рукIуна, гъуждулгин бохдул хъахIиллъун лъугьаниги рачIарабго къоялъ гIодилаго рахунги, кваридасан кумекги гьечIого жалго рилълъинчIого рокъоре унарелги. Гьениб бищун аслияб лъабго шартI буго. ТIоцебесеб - гъоркьа палугьанас гIерги ккун кваридасан ине кIвей. Гьеб мехалъ тIоцбесеб захIмалъи нахъа тола ва гъваридго цIан хIухьелги бичан жидерго бажариялдаса разилъула. КIиабилеб - кумек гьечIого живго ине кIвей. Гьеб мехалъ вукIинесев палугьан вохула ва жиндаго ракIчIей цIикIуна. Лъабабилеб - тIоцбесеб кинаб бугониги гьунар, борхун бетIерги ккун, кварихъги балагьичIого цIутIун керенгун цIудул гIадаб пахрулъиялда гьабизе кIвани, гьесул палугьанасул нух байбихьанилан абизе бегьула. ГIодовеги къулун кварида бералги лъун, бераз кваридаги вухьун хьвадулев палугьан рикIкIаде унаро, аниги халкъалъ эсул гьунаралъе кIудияб къиматги кьоларо. Ругьунлъулеб заманалда хIаракат бахъизе ккола черх битIун, бетIер борхун ккун хьвадизе. Гьединаб тимаралда куцани черх, кварида векерулев вукIа яги эхеде кIанцIун гьаваялда вукIа, бищунго борхалъуде воржун гIодове вуссунеб лахIзаталда добаго лъала кварида дур хIатIил кинаб тIанкI, кинаб миллиметр тункизе бугебали. Мисалалъе, нижер «ПАЛУГЬАН» къукъаялъул кIиго яс кварил кIиябго рахъалъалдасан хасгьарун гьеб ишалъе рукъарал къандалъабазда жаниреги лъугьун цоцазда данде уна. Гьезда щибгIаги я квар яги данде ячIуней жиндир гьалмагъ йихьуларо. Щибго къварилъи гьечIого эркенго галабиги рахъун цоцазде дандеги ун, кварил бакьулъ кIусун цоцазе саламги гьабун нахъе-нахъе уна. Гьезда гьаналъ бицун лъала кинан кварида хIетIе чIелеб, киб бакIалда данд чIвалел ва кинабго цогидабги. Цо ракIалда гьечIеб балагьалде сверизе бегьулеб лъугьа-бахъин кколеб бугони, бащадаб секунд гIанаб заманалда жаниб нусго батIияб пикру паркъула палугьанасул ботIролъ ва гьезул бищун лъикIаб тIаса бищула. Цо нухалъ нилъерго Авар театралда цере рахъунел рукIана. Нижер лъикIаб махщел бугев палугьан ХIасан ГьитIинамухIамадов, цIи ургъараб захIматаб гьунар гьабулаго, доба мокърокь прожекторалда гIерги тункун, цIакъ къагIида гьечIеб хIалалъ, бетIер бехе гьабун гIодове вортун унев вукIана. Лъабго метргун бащадаб борхалъиялъул мазилалда гьаваялдаги сверун, чIарбида хIатIал хъвалаго шпагатаде ине кIвана гьесда ва гIебеде кверал ги ритIун ралагьараздехун вуссун бетIер къулана. Цо бахъараб хъатил кутакаб хъуй, гIадамазда ургъунго гьабураб гьунарилан ккана гьеб.

Цо дирго лъугьарабги бицинин. Жеги гIолохъанаб, доб умумузул кварги босун, зурмихъан, къолохъан ва бацIитIагъурги цадахъ рачун, гьоркьо-гьоркьоб гIарац гьабизе рахъ-рахъалде хьвадулеб мех букIана гьеб. Гьединаб иргадулаб сапаралда цо магIарул росулъе, пулаго кьабулаго щвана ниж. Бакъанил гIужалъ ракIарулаан доб мехалъ палугьанасухъ ралагьизе гIадамал. Цере-цере зурмихъангун къолохъанги ана. Гьезул пуй-кьаби рагIарабго хадув кIанацIун кварида гъоркь гIадлу гьабизе гIанкIбацIги ана. Балагьана, хехал хьухьалги рачIун, «царай чIужу ячунеб» мехалъ гIадаб цIадал речIчIиялъ ракьул хъалги биччизабун, роцIун бугоан дунял. Гьединаб мехалъ ичигал риччичIого рукIине кидаго цадахъ рукIунел кIудиял галошалги тIад хун, дун кварида аскIове вилъана. Доле палугьан, доле палугьан вачIунев вугоян цоцазда вихьизавулев вукIана дун гIадамаз. Гьединаб сипат-суратальги жеги куркьбал гъола палугьанасда. Кварги биччизе гьабун, рортизе къачIан чIун ругоан цIадал къатIраби. Биччараб кварида хIетIе кьабуни, секундалда жаниб лъимги рахъ-рахъалде речIизабун квар бакъвала. Хехаб зурма-къолол бакъа-

налда данде кколедухъ векерун эхедераялъул бакьулъ мачIкьабиги гьабун тIаде вахарав дие гIадамаз хъат чIвана. Гьелъ доба тIад квар бакъвазабизеги кIочон тун, чIахIиял галабазда кIанцIулаго унев вукIарав дир хIетIе цебехун хъущтIун унаго кварица чехьатIаде вегарав гIадин эхеде рехана. Гьеб заманалъ ботIролъе кIанацIараб щинаб пикру. ГIерги нахъе рехун квар ккезейищ хIаракат бахъилеб, ялъуни гьеб гIодобги чIван кваридаги базабун гъоркье хъущтIизе кIоларишалийищ бихьилеб ва гIемерал цогидалги. Гьеб параялда гьоркьоб бетIерги борхун кварида бер речIизабизе рес щварав дида бичIчIана, витIун тIаде виччани дир мугъбакьулъ бакI кварида кьабизехъин букIин. Гьелъ кьотIана бищунго лъикIаб хIукмуги. Дагьабги бетIер эхеде борхун, бохдулги тIадегIан ракIарун, кIвараб къуваталъ виччана квариде. Гьелъги лъикI гьабун гIодобе цIанги ун эхеде воржинавурав дида кIвана гьаваялдаго тирун, витIун кваридe рещтIине. Вабабай халкъалъ хъатчIван тараб куц.

Гьоркьоса къотIичIого кIвахI тун жиндаго тIад хIалтIулев палугьанасул махщел цIубалебго цIубалеб букIуна. ХIатта гIергицин кидаго кодоб ругьунлъун букIин гурони, гьелде кIудияб хIажалъи кколареб заманцин букIуна. Квар борхалъанагIан берцинаб букIуна палугьанасул цеве вахъин. Амма гьелъиеги ругьунлъизе, борхалъиялдаса хIинкъиялда тIад бергьенлъи босизе лъазе ва хIалтIизе ккола. Метралъ борхатаб бугониги, нусго метралъ борхатаб бугониги кварил батIалъи гьечIо. БатIалъи бугеб жо буго эхедегIан ваханагIан гIадамасул рекIелъе рещтIунеб хIинкъи. Лъабго метралъул борхаиялде вахинегIан, палугьанасул божи ракьалде букIуна. Щайгурелъул, кинаб бугониги гъалатI ккани, квар ккун щиб, гIер гIодоб чIван щиб, зарал кколареб хIалалъ гъоркье кIанцIизе бегьулелъул. Жеги тIадегIан ани, гьеб божи кваридe буссуна. ЦохIо бетIералда гуребги щибаб лагаялда бичIчIула гьениса вортани хIасил лъикIаб кколареблъи. Борхалъудеги рахине ккола бащда-бащдаб метр ккун. АнцIго анцIила кIиго метралъул борхалъиялда хIалтIун ругьунлъарав палугьан, Саддам ХIусеница абухъего, хIинкъиялдаса эркенлъула. ХIусенил вукIун вуго гьитIинаб мехалдасаго хисичIев гьудул. Гьев борхалъиялдаса



*"Палугьан" студиялъул палугьаби:*
**Гьаваялда шпагат Ибрагьимхалил ХIасанов**

цIакъ хIинкъулев вукIун вуго. Живго ХIусен, лъимерлъиялдаго рекIелъ чаран бугев, сункьаго хIинкъуларев бахIарчияв вас вукIун вуго. Цо нухалъ бергьа гьудул, гьеб хIалихьатаб хIинкъиялдаса, цинги гьебги гьечIого эркенаб гIумруги гьабеян абун буго Саддамица гьудуласда. Гьеб эркенлъиялъ цIунула балагьаздаса гьаваялда палугьанги.

Цо нухалъ Лондоналда анцIго метралъул борхалъудасан цIараб карида эхеде кIанцIун гьаваялда мохIологудучI (сальто) балаго дунялалдаго машгьурав цовкраса палугьан, Рабадан Абакаровасулги ккана гьадинаб иш. Циркалъулаб искувсствоялъул тарихалда тIоцебе жинцаго ургъраб, хьинтIулареб (амартизация гьечIеб) кварида тIад рекъезабураб, эхеде рехизарулеб алаталде (трамплин) тIадеги канцIун циркалъул мокърокье воржун унев гьесул кодоб ккураб гIер бакьулъан бекун, гIодобе бортун ана. Гьеб лахIзаталъ ралагьарал цIорон, хаган хутIана. Гьезул бутIруз кинго къабул гьабулеб букIинчIо, гьорол хехлъиялда доб борхалъуда гьунарал гьарулев вугев дагъистанияв, гьеб параялъ гулла щвараб цIум гIадин гIодов речIун, хвезе бегьулин абураб пикру. Рабаданида кIвана, гIералдаса ватIалъаниги щибго хиси ккечIого гьаваялда сальтоги гьабун, гIебеде ритIун квералгун кваридеги рещтIун шпагаталде ине. Гьесдаса рохарал ва чIухIарал ралагьараз рахъун тIадегун щуго минутниги бан батила хъат чIвалеб. Гьеб бакIалда Р.Абакаров дагьавниги виххун вукIарав ани, нахъияб къоялъ Англиялъул киналниги газетаз Москваялдаса циркалъул палугьанасул хIикматаб гьунаралъул гуреб, гьев кваридаса гIодове вортун хвеялъул бицинаан. Гьеле гьеб букIана доб хIинкъиялдаса эркенлъиялъул хIасил.

Квар балеб, бахъулеб къагIидаялъулги руго кьуричIого тIубзабизе кколел хасал гIадатал. Гьеб кинабго лъазе ккола живго палугьанасда. Техникияб хIинкъи гьечIолъиялъул инженерги, квар бай-бахъиялъул хIалтIухъанги, кваритIа эквилибристги вукIине ккола живго палугьан. КIиябго рахъалда



ХIасан ГьитIинамухIамадов

кварал рухьунеб бакIалъул щулалъиялдаги, гьеб щула гьабизе лъаялдаги бараб бугилан абизе бегьула квариде вахунесул гIумру. Аллагьас хъван батугеги гьеб бухьараб бакIалдаса бахъунккезе. РакIалде щвезабилин гьелъ сунде рачине бегьулелалиги. Мунагьал чураяв Дакуца дун цо-цо концертазда палугьан хIисабалда гIахьалъизе ахIизе байбихьараб мех букIана. Гьес абуна, кватIичIого цо чанго концерталда цеве вахьине ккезе вугила, рилъайила Нажмудинил доре, гьал цо-цо дур гьунарал щвалде щвезаризеян. Нажмудинги ватичIо, кивеялиго цо гьудуласда цадахъ анилан. КъваригIани ретIине кидаго гъора рукIунел ичигалги ретIун дунги квариде вахана. Дихъа лъугьинего лъугьунареб гьунар букIана, мачI кьабун кварица эхеде рехараб лахIзаталъ гьаваялдаго хIатIалги кьурдизарун, хIатIал кварида хъвачIого жеги кварида речIун, зодов воржинавун гьабулеб гьунар. Цин Дакуца гIерги ккун хIалбихьидал гьеб бажарана. Хадуб кумек гьечIогоги бажаризе лъугьиндал вохарав дида чIезего лъалеб букIинчIо. Жеги эхе-эхеде рехизе къуват кьолеб букIана квариде. ЛъикIго манзилалъ тIадегIанги щун квариде вортарав дун, кваргун цадахъ чIарбида речIиги АсхIбгIалиян Дакуца виххараб гьаракь гьабиги цадахъ ккана. Хех гьабун тIаде ворхулев дида бихьана, квар тIурабго амартизаторалъ эхеде рехун араб кварил стойка, битIун палугьан гIодов чIолеб махул хъарщи ботIролъ щвеледухъ бортун бачIунеб. Цояб рахъалде кIанцIулев дир кIигъежалъул рагIалдасан гьитIинаб килищ бегизабун жаниб лъезе бегьулеб гIанасеб мухъ бахъун, бегун гьебги ана. Эдинги бихьулищ Нажмудиница ракьулъ тру баги лъун гьелда бухьун букIун буго чармил квар. (трос) Рагьлилаб ракьулъ заман анагIан кьавуялъ кванан турулеб букIараб гьелда ахирги тIаде ккараб бакIлъи хIехьезе кIун гьечIо. Гьединаб цIикIкIараб хIинкъи буго, щибаб шартIалъулъ мухIканлъи цIуничIони, палугьанлъиялда хурхараб кинабго иш.

Парижалда фестиваль-конкурсалда нилъер лъималазул «ПАЛУГЬАН» къукъа цебе бахъараб мехалъ, гьеб гIуцIарав профессор Фредерик Аудегон-




**Къасум Къасумов ва ХIасан ГьитIинамухIамадов**




**Хадижат Шагьрудинова, Ибрагимхалил ХIасанов
ва ХIасан ГьитIинамухIадов**

дица абуна, талихIаб хъалкъ буго нужер гьединал бахIарчиял лъимал гьарулеб ва бокьараб мехалъ гьеб хIикматаб гьунаралъухъ балагьизе рес бугебан. Араб гIасруялъул лъеберабилел соназ Цовкраса палугьаби рихьараб мехалъ турказул хъадарухъан Назим ХIикметица хъавалеб буго, Дагъистаналъул букIине кколин кидаго хIалтIулеб жидерго цирк, гьелда цебе лъикIаб букIинаанин тIолгосоюзалъул, тIубараб дунялалъулцин палугьабазул школа рагьизеян. Гьебго пикру загьир гьабуна хадуб дунялалдаго машгьурав илюзанист Эмил Киоцаги. Жакъаги тIубалареб анищлъун хутIун буго гьеб Дагъистаналъул халкъалъе.

20I4 соналъ Волгоградалде Дельфиялъул хIаязда гIахьаллъизе ун рукIана ниж. Цере рахъин букIана циркалъул кIалгIаялда. ХIайранго киса-кирего бералги щвезарун нилъер лъималаз абуна, пайда шибха гьадинал шартIалги ресалги рукIаралани жал квар гьечIониги гьаваялде роржинаанилан. КIудияб хьул буго нилъер, дагьдагькккун лъугIун унеб гьунаралде республикаялъул нухмалъулез бер тIамилилан. I977 соналъ Узбекистаналда Дагъистаналдаса кIикъогоялдаса цIикIкIун палугьан дандчIван вукIана нижеда. Гьанжеян абуни кIудияб дунялалдаго машгьурал палугьаби, Ярагъи ХIажикъурбановасул ва Рабадан Абакаровасул ватIаналда, Кули районалдацин кинаб бугониги палугьаби хIажатаб тадбир тIобитIулеб бугони, МахIачхъалаялдаса «ПАЛУГЬАН» къукъа ахIула. Гьезулги жанир хIалтIизе жидерго бакI гьечIолъиялъ беццизе гIадаб хIалго гьечIо. Гьеле гьедин буго дуниялалъул киб бакIалде щваниги, нилъерго гьаниб букIаниги ралагьарал хIикмалъизарулеб, халкъалъе хирияб палугьанлъиялъул иш.

*АсхIабгIали ХIАСАНОВ,*
*Дагъистаналъул*
*культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан,*
*«палугьан» циркалъулаб студиялъулнухмалъулев.*

**Манарша ГIИСАЕВА**

## ДИДА ГЪАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ БИЦЕН ГIЕМЕР РАГIАНА

*СуметIаса ГIабдулал МухIамадиде*



**Къадруялъул тIогьазда тIавагьунеб мугIрул цIум,**
**МагIарул миллаталъул магIна бугев бахIарчи.**
**Дур гурхIалил гIатIилъи, гIелмуялъул камиллъи,**
**Квер битIарав Къарал вас, къиматав нижер хирург.**

**Халкъалъул божи бугев, ракIбацIцIадав хIалтIухъан,**
**ХIасил дур гьунаразул Россиялда рагIана.**
**Росу-ракьги рехун тун, исиблъуде кканиги,**
**Инсанасул тIабигIат тIегьгIан берцин цIунарав.**

**ЦIар борхатав гIалимчи, гIумру хвасар гьабулев,**
**ГIадлу инсул босарав, гIадат росдал босарав.**
**Россиялъул мугIалим, магIарул вас МухIамад,**
**Дуца куцан гIуралги руго жакъа хирургал.**

**Дагъистаналъул тIогьиб тIад гвангъараб цоги цIва,**
**ЦIабуцIуна дирги ракI, мун гIадинал рагIидал.**
**РагIа-ракьан лъалареб лъикIлъиялъул цIурав чи,**
**Лъаялъул камиллъиялъ караматал тIатарав.**

**ТIасакъарал кьурабалъ кьурун куцараб барти,
Кинабго дур хасият хасаб росдал сси буго.
СунтIадерил парсазда тIавагьараб лочнол тIинчI,
ТIад борчараб борчалъе дур мутIигIаб ритIухълъи.**

**Рохеллъун ракьцоязе вижун ватарав инсан,
Унго, мун гIадал анищ киналго гьал тохтурал.
ТалихIай эбелалъул иман бугев МухIамад,
Эбел-инсуда сверухъ адаблъун ах чIарав.**

**ЧIухIаб доб Питералда, кIудияб больницалъул
КIудияв тохтурилан божун тарав мударис.
Божуда рекIкI гьабичIев, рахIат босун кьижичIев,
КьогIаб унтул къорикьа инсан хвасар гьавулев.**

**Хвалил лълъарги кодоб кьун, гьале дунги духъе щун,
Шагьиялде бухьараб гIасруялъул завалалъ.
Заман гIелищ, МухIамад, мискиналде къулизе,
Къабуллъилищ ракьцояв дунги хвасар гьайизе.**

**Гьасда ришват лъаларо, гьасул намус бечедаб,
Гьаялъе хилиплъичIев хирург вуго ритIухъав.
Россиялъ кIодо гьавун, тIадегIанаб цIар кьурав,
Кьуру гIадин ватула унтаразул къаданив.**

**Къаралав, магIарулав, жугьутIав, гIурусавин
ГIадан батIа гьавулеб пахрулъи чорхолъ гьечIо.
Гьасие нилъ унтарал, нилъее гьев тохтирха,
Гьедин къабул гьаюна ГIабдулагьил васас дун.**

**Дида гьасул хIакъалъулъ бицен гIемер рагIана,
РагIал гьечIеб махщелги дир беразе рагьана.
Регараца цIехолеб цохIо гьасул цIар буго,
ЦIияб рухI жидей кьурав МухIамадин абула.**

**ЦIоролеб ракI хинлъулев бакъ вугилан бицуна,
Больницалда нур барав моцI вугилан абула.
«МухIамад ватичIони гьанир регун пайда щиб», -
РухI дуца лъурал гIадин гIажаибго кIалъала.**

**КIудияб Россиялъул ракьалда цIар цIунарав,
ЦIвабзазул читIиралъулъ чилъиялъул нур тарав,
Чияравлъун вихьичIев, нилъерилан абулев,
Цоги васас, Дагъистан, дур цIар борхун ккун буго.**

**ГІумар АВАРСКИЙ**



*Аварский ГІумар гьавуна І957 соналъ Хьаргаби районалъул Могьохъ росулъ. ЦІалана Буйнакскиялъул педучилищеялда ва Дагъпединститутaлда. ХІалтІана учительлъун, колхозалда бригадирлъун, Хьаргаби жанисел ишазул отделалда, Хьаргаби районалъул «Церехун» газеталъул редакторлъун. Гьев ккола ДНЦялъул ИИАЭялъул аспирантги.*

*20І0 соналъ къватІибе биччана гІагараб росдал хІакъалъулъ «ЧІабтІи-Могьохъ» абураб тарихиябгун-этнографияб тІехь. ГІурус мацІалда басмаялда бахъизе хІадурун буго «І9-20 гІасрабазда Могьохъ росдал жамагІат» абураб тІехьги.*

*Гьев ккола Россиялъул Журналистазул союзалъул член. Вищун вукІана Хьаргаби райсобраниялъул депутатлъунги.*

## КЪЕБЕЛЪУХЪ

Цо акталъул пьеса

**Гьоркьор гІахьаллъула:**
**СалихІилав** – маххул къебед, 50 сон
**ГІабдулагь** – 25 сон, СалихІиласул вас
**НурмухІамад** – 23 сон, СалихІиласул вас
**ГІабдулкъадир** – 22 сон, СалихІиласул вас
**ХІажи** – 20 сон, СалихІиласул вас
**Муса** – І8 сон, СалихІиласул вас
**Дато** – І5 сон барав вас, ЦІоралдаса гуржияв, СалихІиласул кумекчи, магІарул мацІ лъалев
**Дарижа** – 35 сон, СалихІиласул чІужу, Датол эбел, магІарул мацІ лъалей *(тІоцеесей чІужу хун хадуса ячарай).*
**ГІусман, Малла, Ибрагьим, Юсуп, МухІамад** – вацал
**ГІали** – росдал бегавул
**ГІусман** – 30 сон, росдал гІел

Наиб, росдал жамагIатчагIи, хараби, лъимал.

Лъугьа-бахъин ккола ЧIабтIимогьохъ I828-I829 соназда.

## ТIОЦЕБЕСЕБ ЛЪУГЬА-БАХЪИН

Пардав рагьараб мехалъ бихьула галаналда жаниб бугеб маххул къебелъи, квартIица махх бухулев СалихIилав ва перело пулев Дато. РекIелгъеялъе рачIарал хараби ва гIисинлъимал. Риидалил мех. Къалъул гIуж.

**Дарижа**. СалихIилав! Ва СалихIилав, кваназе рачIа, къаде какги ахIанин.

**СалихIилав** *(надалдаса гIетI бацIцIунаго)*. Жакъа къоялъул багIари щиб? Рахъа, рахъа, къаде какалги разе, кваназеги рилълъа. (Лъадуде.) Кверал чуризе парчи босе.

**Хараби.** Валлагь бакъуца хIал гьабулеб буго, никIкIимоцIлъидалха.

**СалихIилав.** Дарижа, цин гьал харабазул кверазде тIе лъим.

**Хараби. Баркала**. Къаде какалги разе, ниж гьанже, бигьа гьабун, рокъоре рахъинин, гIайиб гьабуге.

**СалихIилав**. Дарижа, васал кире арал?

**Дарижа.** Радалго къватIире арал, жеги рачIинчIо.

Васал, чухъби ретIарал ва хунжрул рорчарал, цоцазда хадур гьарун, кавудухъа жанире рачIуна ва рагьде лъугьуна.

**Васал**. Ассаламу гIалайкум, дада!

СалихIилав. ВагIалайкум салам, дир лъимал! Киналго цадахъ кванараб гIадаб жо букIунарин, хехго гIодор чIезе рачIа.

Кванан хадуб, СалихIилас дугIа-алхIам гьабула ва къаде как бала. Инсуда хадубго какал разе лъималги журала.

**СалихIилав.** Дато, жакъа цIакъ багIарунги бугелъул, тIокIаб хIалтIи гьабиларин, бокьани тира-сверизе вахъа къватIиве. ГодекIаниве щва. Муса, мун чу гьекъезе ГIалил иццухъе а, хадуб хисун бухье.

**Дато.** ХIалтIул ретIелги хисун ина, дада.

СалихIилав рагъида бугеб тахида кьижун ккола. Васалин абуни, сиялъуре рахун, гьогьмада, хабар-кIалалда хъалиян цIалел рукIуна. Дато, ретIел-хьитги хисун, къватIиве уна. КъотIнор гьесда данде рачIуна щуго вац. Гьел дагьал кепалда ругоан.

**ГIусман.** Ле, вацал! Гьадав ЦIоралдаса Датол къачIа-кIатIайго щиб, берцинаб кьералъул чухъаги ретIун, СалихIилас гьабураб ханжарги борчун, къватIиве вачIунев?

КъотIноб нухги кьечIого, щуявго вацас, копоего вухула Дато. Гьесул чухъаги бихъ-бихъула. Гьев, рокъове тIадвуссунаго, азбар лъухьулей йикIарай эбелалда вихьула.

**Марижа** *(йиххун ва гIодулаго)*. СалихIилав! Ва СалихIилав!

Марижал гьаркьихъе кьижун вукIарав СалихIилав тIуркIун тIаде вахъуна ва Датода берчIвала.

**СалихIилав** *(ццидахун)*. Щиб ккараб? Лъица мун? Щиб лъугьараб?!

**Дато** *(хIинкъадго ва тIуртIулаго)*. Гъол тIасан ккарал щуго вацги тIаделъун вухана дун.

**ГIабдулагь** *(ццидахун)*. Нижеца бихьила гьезие гьабулеб жо, цIакъ тIасан ккун руго гьел. Рилълъая, вацал!

**Киналго.** Валлагь рилълъаха! Рахъа къватIире!

**Марижа** *(гIодулаго)*. Дун хIинкъун йиго, унге, дир лъимал!

**СалихIилав.** Нуж гIодоре риччай, кьал ахIуге. Гьеб ахIи-хIурги лъугIизе те, мадугьалзабазда щибилан ккелеб. Жанире рачIая киналго.

Киналго СалихIиласда хадур рокъоре уна, гIодорги чIун, инсухъ гIенеккула.

**СалихIилав**. ГIабдулкъадир, вахъа, сон дуцаго магIардаса бачараб куй хъве, гьан цIеде ккезабе. ХIажица нахъа рокъоб бугеб, кIал рагьараб гибиялъуса чагъир хIадуре. НурмухIамад, дуца нужерго вац кьабун инжит гьавурал, гъол тIасан ккаралилан абулел вацал маркIачIуде нилъехъего гьоболлъухъ ахIе. Квешлъи гьабурасе лъикIлъи гьабеян абунги бугелъул.

Бихьизабураб заманаялда щуявго вац СалихIиласул бакIалде рачIуна. ТIоцеве рокъове лъугьуна бищунго кIудияв ГIусман.

**ГIусман.** Ассаламу гIалайкум! Гьалбал рокьиларищ?

**СалихIилав**. ВагIалайкум салам! Гьалбал рокьулaрезул гурелъул, жанире рачIая.

Кверал росун, хъваш-башги гьабун, гьалбал гIодор чIезарула. Марижаца квен-тIех цебе босула.

**СалихIилав**. Балагьея, дир лъимал. Гьав нужеца, багьанаги гьечIого, вухун инжит гьавурав вас дица дирго анлъабилев васлъун, дир васаз жидерго вацлъун тарав чи вуго. Жакъа къоялдаса нахъе, нужеца Датода тIокIалъ каламцин гьабуге. Нуж киналго вацал гIадин рукIа, гьабсагIаталда, кверални росун, рекъелги гьабе.

ВагIза-насихаталдаса хадуб, СалихIилас гьалбал, рагьде вахъун, тIоритIула. ГIиял гьанада цадахъ чагъирги гьекъон, кепалда ругел гьел годекIанире щола. Гьенир гIодор чIун ратаразе саламги кьун, вацал, СалихIилав гIад-хочI гьавулеб гIадин, релъанхъулаго кIалъазе лъугьуна.

**Малла.** Лагъ вухидал, куйги хъун, квана-гьекъезарурал нилъ СалихIилас, гьев чIвани, оцги хъун ахIила рокъоре.

Нахъисеб къо. ГIалил иццухъ. Къалъудаса хадуб заман.

**Ибрагьим**. Юсуп, мун лъоб гохIде а, Дато чу гьекъезе вачIунев вугищали балагьизе. Ниж гьанир гъоркьчIел гьабун чIелин.

**Юсуп.** МухIамад, чодаги рекIун Дато вачIунев вуго, дица щиб гьабилеб?

**МухIамад.** Мунги нижеда аскIове вачIа гьаниве!

Чу гьекъезе Дато ГIалил иццде вачIингун, вацаз гьев ккола, гьениб аскIоб бугеб ахикьеги вачун, чIвала. Чуйин абуни гьез, ганчIаз чIвалаго, хъамун уна. Щуявго вац магъилъехун ралагьун лъутула.

**Дарижа.** СалихIилав, нилъер чу гьадаб кавудул кIалтIа чIун буго. Датоги кивниги вихьулев гьечIо.

**СалихIилав.** Васал рокъоре ахIизе годекIание а, яги лъимал ритIе гьезда хадур.

ГIемер заман иналде васал тIаде щола.

**ГIабдулагь.** Дада, щиб ккараб?

**СалихIилав.** Чу гьекъезе бачун арав Дато жеги вачIун гьечIо, чу жибго бачIана. Муса, мун ГIалил иццухъе а, ниж тIохил рагIалда духъ балагьун чIела.

Гьев векерун уна. Гьениб ккараб бичIчIидал, тIадвуссун гохIде щваравго ахIдола.

**Муса** *(гIодулаго)*. Дада! Ва дада! Дато чIван вуго.

Гьеб пашманаб хабар рагIидал, Дарижа чIчIичIчIидун ва гIассилъун ботIрол рас бетIизе лъугьуна. Гьелъул гьаркьихъе мадугьалзаби, гIагарлъи, росу гьенибе бакIарула. Росдал гIолохъабиги ун Датол жаназа босун бачIуна рокъобе. Гьевги вукъун заман индал, СалихIилас балъгояб данделъи ахIула рокъоб.

**СалихIилав** *(васаздехун)*. Нужеда гьоркьоса дие камуна бищунго гьитIинав вас. Гьел тIасан ккаразул инжитлъи, хIалихьалъи баччизе дида ракIалда гьечIо. Дир гIадамазулъе вахъине гьумер гьечIо. Лъица таниги, дица гьел толаро. Лъиданиги лъазеги течIого, доб цебего гIадин, квана-гьекъезе рокъоре ахIе. Оцги хъве, гъоз годекIаниб бицараб къагIидаялда. Нужеца гъозда цадахъ гIемераб жоги гьекъоге, гъол гьекъезаре. Дица гъанситоялъуб цIа багъаригун, нужер вацасе гьабураб гьабе гъозиеги. Хунжрулги нужеца чухъбузда гъоркь рорче, гъозда рихьиларедухъ.

Инсуца малъараб куцалъ, гьезул щуявго чIвала кванда нахъа гIодор чIаралъурго.

**СалихIилав** *(сородулаго)*. Рахъа, гьанже гьал къватIире рехе.

Гьаз дир вагIза-насихIат босичIин.

Васаз гьезул жаназаби галаналъуса къватIире рала. Нахъисеб къоялъ росулъ ахIи-хIур бахъуна. Бакъанил гIуж щвезегIан гьел рукъулел росдал жамагIатги хутIула. ГIадамазда кинабго бичIчIула.

**ГIали.** ГIусман, чуги рекIун Хунзахъе наибасухъе а. Гьевги вачун, хехлъи гьабун тIаде щва!..

**Наиб** *(чуги хадуб цIан, годекIаниве щвейгун).* Ассаламу гIалайкум, махъадерил жамагIат!

Хъваш-башги гъабун, гьес зигара бала. Гьелдаса хадуб бегавул ГӀалица, наиб ва гьесул чукъби – кумекчагӀи СалихӀиласул бакӀалде рачуна. СалихӀилас гьезда лъикӀаб дандчӀвай гьабула ва ккара-таралъул мухӀканго бицун хадуб, лъикӀаб квана-гьекъейги гьабула. ТӀадруссун унелъул, сайгъаталъе берцинго къачӀарал, жинцаго гьарурал хвалчабиги кьола щивасе. Пихъил хулжалги цӀезарула.

**Наиб** *(галаналда цере ракӀарарал гӀадамаздехун)*. Балагьея жамагӀат! СалихӀилав витӀарав вуго! Нужеда гьеб дидасаги лъикӀ лъалеб батила! Гьанже къо-мех лъикӀ нужее!

***Пардав къала.***

Гьаб пашманаб лъугьа-бахъиналдаса хадуб, шаригӀат байбихьараб заманалда, СалихӀиласул махщелги хӀисабалде босун, имам ГъазимухӀамадица гьев хъизан-къайигун, къебелъиги гьакида лъун, Генуве вачуна.

* * *

***Дуда берцинбихьанщинабги берцинаб букӀунаро.***

* * *

***Дуе квешлъи гьабурасе бецӀизе гӀедегӀуге. РецӀел гьесие гьадингоги кида-къадги щвечӀого хутӀуларо.***

* * *

***Дуего лъикӀлъиялъе цӀиял гьудулзаби ралагьизегӀан, ругел гьудулзабазе лъикӀлъи гьабиялъ бергьуна мун.***

* * *

***Гьудулас мун веццулелъулги божуге, тушманас мун какулелъулги божуге.***

**НасихIат**
**ГIАБДУРАШИДОВА**



*Лаваша районалъул Урмаса ГIабдурашидова НасихIатица кIиго соналъ цебе лъугIизабуна гIагараб росдал гьоркьохъеб школа. КучIдул хъвазе гьелъ байбихьаралдаса гIемер мех гьечIо. Дагьаб цебегIан Лаваша районалда байбихьулел авторазда гьоркьоб тIобитIараб конкурсалда НасихIатил «Дагъисан» абураб кечIалъе лъикIаб къимат кьуна ва гьей хIурматалъул грамотаялъе мустахIикълъана. Гьал кучIдулгун НасихIат тIоцебесеб нухалъ дандчIвалей йиго цIалдолелгун.*

## БАЦIЦIАДАБ БУГОНИ

**Дунял бихханиги**
**Биххун унареб,**
**Намус къваригIуна**
**Къадру цIунизе.**

**БацIцIадаб бугони,**
**РукIел ккун чIани,**
**Рокьиги бегьила**
**РакIгъун букIине.**

## ДИР ДУГIА

**Рогьалил какда хадуб,**
**Квералги цере ритIун,**
**Керенгун ракIги бухIун**
**ДугIа гьабула дица.**

**Балагьаздаса цIунун,**
**Дуца хьихьун йигелъул,**
**Квешайлъун гурей дуца,**
**ЛъикIайлъун йижаралъухъ.**

**Аллагь, дуе рецц бугин**
**Дур лагълъун дун йигелъул,**
**Дир эбелги йигелъул,**
**Гьелъул яс дун йигелъул.**

**Реццги дуе, БетIергьан,**
**Дий кьураб гIумруялъухъ,**
**ТIасаги лъугьа, Аллагь,**
**Ккарал мунагьаздаса.**

## КИВ МУН ВАТУЛЕВ?

**ХъахIилал зобазда**
**БагIар бакъ гIадин,**
**ГIумрудулъ вукIарав,**
**Киве мун арав?**

**Къаси сордоялда**
**ШагьримоцI гIадин,**
**ХьибилчIван вилълъарав,**
**Щайзе виларав?**

**Байдабазда тIегьгIан**
**АскIов рекъолев,**
**ГьечIого гIоларо**
**Дир къисматалъе.**

**Кие дун кIанцIилей,**
**Кив мун ватулев,**
**Бакъги, моцIги, тIегьги**
**ТIагIун бугин дир.**

## ДИР МУН ЦО ВУКIАНА

**Эмен, дир ургъалил**
**Гъамас цIун буго,**
**ТIасан чвахилалде**
**Лъиде чучилеб?**

**ГIемераб жо буго**
**Лъезе бакI гьечIеб,**
**Бабахъгойищ телеб,**
**Духъейищ кьелеб?**

**Хабалалъе щвани,**
**Мун ватуларо,**
**Хабал агьлуялъе**
**Дир къварилъи щай?**

**Къанихъе ячIани,**
**Занал гIемерал,**
**Дир ургъел бикьизе**
**РегIун гьечIо гьал.**

**Дир мун цо вукIана,**
**Хирияв дада,**
**Хвана мун гьитIинай**
**Лъимер дунги тун.**

**Дир хIеренаб ракIалъ**
**Къасиги къадги**
**«Дада!» - ян ахIана**
**ЯхI лъугIизегIан.**

**Къадар батарав чи**
**Анив толаро,**
**Дида гьеб бичIчIана**
**КIудияй гIедал.**

**Дур хIеренлъиялъухъ**
**Дун чIалгIун йиго,**
**ЧIалгIен буссинчIей дун**
**Кинан йикIиней?**

**Дир гIадинав дада**
**Лъилго вукIинчIо,**
**РекIел тIолго хинлъи**
**Дие бикьарав.**

**Дир гIадинав дада**
**Цойги вихьичIо,**
**Дунялалъул талихI**
Дилъан бихьулев.

* * *

***БетIергьанас бечедал гIадамазе боцIи-рикъзи миски-назеги гIахьал гьабизе кьун буго.***

* * *

***Гьудулзаби лъикIлъи гьабиялде кантIизариги гьудул-лъиялъе ритIухълъи буго.***

* * *

***ДагIбадулав, кигIан витIарав вугониги, кидаго гуро бергьунев.***

* * *

***Бищун лъикIаб бечелъи буго нахъе толеб лъикIаб цIар.***

## ГІАКЪЛУЯЛЪ КЪОТІИЗАБУРАБ РАГЪ

ЦІакъго цебегІан заманалда мадугьалихъ бугеб кІиго ханлъиялъул, гІорхъода ругел ракьазда тІасан лъугІулареб дагІба-рагІи букІанила. Цин доз азухъа бахъун, цинги аз дозухъа бахъун, гьеб ракьалъе гІоло рагъун кІиябго ханлъиялъул гІемерал гІадамалги гъурулел рукІанила. Бергьунареб, къолареб гьеб къеркьей халкъалдаги чІалгІун букІанила. Ахир-къадги кІиябго улка-ракьалъул ханзабаз хІукму гьабунила бизарлъараб гьеб масъала ракълидалъун тІубазабиялъе нухал ралагьизе.

Цояб вилаяталъул ханас дандиясда абунила, дица дуе кьела анлъго суал. Гьезие дуца ритІарал жавабал кьуни, гьадаб ракь дур букІине бугин. Гурони, дагІба бугел бакІал дир рукІине ругилан. Разилъанила гьав цояв ханги гьеб къотІиялда. Байбихьанила суалал кьезе:

- МугІруздасаги бакІаб жо щиб?
- Гьереси.
- ЦІаялдасаги гьелегьараб жо щиб букІунеб?
- Инсанасул ццин.
- Хечалдасаги бегІераб жо щиб букІунеб?
- Ццидалай чІужугІаданалъул кІалдиб бугеб мацІ.
- ГьацІудасаги гьуинаб щиб букІунеб?
- ГьитІинаб лъимералъе эбелалъул каранзул рахь.
- Мохмохалдасаги беэнаб жо щиб?
- Хъулухъ гьабун къачІараб, бекьулеб ракь.
- ГІадамасда хисизабизе кІолареб жо щиб?
- Жиндего хвел рещтІунеб лахІзат.

Суалал кьолев ханасул ракІчІун букІанила, дандияв ханасда гьезие жаваб кьезеги кІеларин, гьадаб ракьги жиндие щвелин. Гьесул хьул хІорлъанила, хІалал гьабун ракьги мадугьаласе танила. Гьелда дагІба-рагІи къотІизе тезе хІукмуги гьабун, кІиябго улка-ракьалъул хважаиналги, кьабун кверalги росун, жиде-жидер бакІалде нахъруссанила.

Бокьараб рагъ, ракълидалъун лъугІулин абухъе, гьеб дагІба-рагІиялъе, рагъ-кьалалъеги ахир гьединаб гІакъилаб нухалдалъун батанила мадугьалзабаз.

ГӀабдула
МУХIАМАДГIАЛИЕВ

* * *

РекIел чирахъалъул чалу лъугIундай,
Чара бугин холеб къаркъалаялъул.
РикIкIун кьурал къоял тIагIун унелдай,
Берзул канлъиялъул кунчIи бугин сун.
Унго, инадайха гьаб рекIкIаб гIоралъ,
ГIорлъун магIу тIолей рагIалда мун тун.
Дур магIил гаразда дун барахщулин,
ГIодуге, хирияй, хвел бигьаяб жо.
Угьдуге, берзул нур, гьел дур беразулъ
Бихьараб гурони букIинчIин гIумру.
Хирияй, кье жаваб, абе вокьулин,
Дур каламалъ бугин керен асирлъун.

* * *

Ургъелги унтиги рекIелъги бахчун,
Гирун унеб буго гIумрудул гьоко.
Дие кумекалъе, дида квер чIвазе,
КечIги мунги гурел хутIичIо щибго.
РекIкI гьечIеб гьимигун, бацIцIадаб ракIгун,
Дир рекIел анищал бечед гьарурай,
Дир божилъиялъул кавуги рагьун,
Дир хьулазул гьундул гвангъизарурай.
Къоял лъугIани щиб, къадар щвани щиб,
Щукругун рецц буго БетIергьанасе;
Гьаб дир гIумруялъул хутIарал къояз,
Гамие маяклъун, мун дие кьурав.

* * *

Цоцазулъ багъулеб хвелги гIумруги,
КIияздаго гьоркьой мун хъаравуллъун.
ХъахIаб халгIат ретIун, квердаххелал хун,
Хвелгун къеркьолареб лахIзат гьечIо дур.
Гьале дур унтаралъ рагьана берал,
Баркала дарманин, духьги балагьун.
Дунги дур унтарав – гьабе дий дару,
Данде рокьи гуреб, кьезе жо гьечIев.

* * *

Дур бацIцIадаб рокьул ралъдалъ чвердезе
Анищ дир каранда буго тIегьалеб.
Гьаб тIекълъигун мекълъи бихьараб мехалъ,
Дур гIищкъул хIоринив гъанкъун хвейго лъикI.
ТIекълъи, мекълъиялъни хIинкъуларо дун,
Лъала гьаб дуниял лахIзат бугеблъи.
Салул авлахъалда ицц гIадай дуе,
Ккелин заралилан供 сородула ракI.

*Унсоколо район, ХъахIабросу.*

**Рукъигат РАСУЛОВА**



## ВАСАСУЛ ЭБЕЛ

*(хабар)*

Лъимал гьарулеб рукъалъул кІиабилеб тІалаялъул гордухъа къватІиеги ялагьун, лъабго къоялъ цеве сапаралъ арав росасул пикрабазда йикІарай ХІалиматида рикІкІадегІан вукІаго вихьула АхІмад. Гьелъул ракІ букІкІун уна ва хІалуцун кьабизе лъугьуна. Рохелги пашманлъиги жубараб асаралъ кверде йосула гьей.

- Гьаюнаха, АхІмад, яс! – ан къвараб гьаракьалъ ахІула гьелъ.

Гьанжесалаги яс гьайизе йигилан абулеб букІаниги, вас гьавилародаян хьулазда вукІарав АхІмадица, кигІан гьеб хабар рекІее гІечІониги, хІал лъазе биччачІо.

- Аллагьасе бокьаралда разилъизе ккола, дир хирияй, - ан абуна гьес. – Дирго эбелалъул цІар кьезе ясго лъикІ, гьанже чІаго ругезулги гурищ цІарал лъолел ругел…

Лъабго ясалда тІаде вас щвелародаян вукІаниги, гьитІинай Асият батІаго цІакъ хиралъана АхІмадие.

ТалихІаб, гІорцІараб, цоцалъ рекъараб хъизаналъул кІудияб рохеллъун лъугьана цІикІкІарай ясалъе вас гьави.

- Гьабгощинаб магІишат кквезе васги щвечІого кин вукІунев? – ан, кидаго лъугІулареб накъит букІунаан эмен МухІамадил АхІмадие. – Цоги чІужу ячине ккола вас гьавизе, гьанже ункъо ячине изну кьун буго. Хвелалде цебе дур ирсилав вихьизе бокьун буго дие, мунин абуни дурцабазе магІишат гьабулев вуго.

- Васазухъ кьолел ясал гьечІо дир, - ан хабар къокъ гьабулаан АхІмадица.

Гьедин унеб букІана заман.

Амма лъадал къатІра цого бакІалде тІинкІани, ганчІидаги каратІ бахъулин абухъего, АхІмадилги гІамал къо бахъанагІан хисизе лъугьана. Гьевги рукъалдасаги рухІгІан хириял лъималаздасаги хІалимай лъадудасаги дагь-дагьккун рикІкІалъулев вукІана. ДахІададалъунги вахъун, ясалъул васасе бикьулеб бугеб рокьиги къо бахъанагІан мигьлъулеб букІана. Цо нухалдаги лъадуца, гьале нилъер васин лъадуца гьитІинав Салман кодове кьолелъул, дие дирго

вукIине бокьун буго вас, Салманил жиндирго вуго эменилан абидал, ХIалиматида ккана жинда цеве эхетун дов цеве вукIарав, кидаго рукъ-бакIалъул, магIишат-яшавалъул ургъел кIудияв, хъизан-лъималги хирияв гурев, жинда лъазего лъаларев, чияр чи вугилан. Дагь-дагьккун лъедерлъизе лъугьана АхIмадил рокъове вачIинги, хъизаналде бугеб ракIжубайги, недегьлъиги, хIеренлъиги. Росасул хиса-басиги, гьев жиндаса рикIкIалъулев вукIинги кигIанго рекIее захIмалъаниги, ХIалиматица, лъидаго хIаллъазе течIого, баччулеб букIана.

Цо къоялъ, шагьаралда ралел бакIазде щвезе арав АхIмадил машинаялъул сасги рагIун, кавудул кIалтIе яхъарай ХIалиматида халлъана машинаялъуй, АхIмадида аскIой, цо щибалиго гьесие бицуней, кIудияб талихIалъ къвал жемараб гIадаб разилъиялъул чIужугIадан. АхIмадица, гьалеха, ХIалимат, дуда гьавизе кIвечIев вас дие Пазилатица гьавизе вугоян, машинаялъул нуцIаги рагьун, лъадуда йихьизаюна гьоркьохъел соназул, сихIирал беразул, тIаде лъаледухъ лъимаде йикIин бихьулей чIужугIадан.

Абизе рагIи бачIунарого, черхалда сири бана ХIалматил. Кин щвараяли лъачIого щун ятана богорокъое. СтолалтIа росасеги гьесул цIияй бахIаралъеги квенги лъун, ХIалимат тIасияб тIалаялде яхана. Махсаро-хочIалда кваналел ругел АхIмадилги бахIаралъулги гогьаб накъиталъ гьелъул рекIее бакIаб асар гьабулеб букIана. БотIролъ свердулеб букIана цого-цо пикру: «Щиб дица гьабилеб? ГIурал лъималги, захIмат-гIакъуба бихьун бараб минаги рехун тун, кин нахъе иней?» абун.

Къо бахъанагIан, рукъалъул хан гIадин, ясазеги ХIалиматиеги буюрухъал кьезе, гьел хIакъир гьаризе  лъугьана Пазилат. Гьелъ абу-абуралда тIадги рекъон, вукIинесев васасдасаги чIухIун, лъаларедухъ хисана АхIмад.

Вас гьавидал, тIуянго меседалъулъ ччуна АхIмадица Пазилат. Данделъараб къоялдаса нахъе ХIалиматил божилъиялда букIараб хъизаналъул нахърателалъул кIулги АхIмадица жиндихъего босана. Пазилатица байбихьана ХIалиматида бичIчIизабизе тIолабго магIишат, шагьаралда бугеб кIитIалаяб мина, квартира, заправка, банкетал гьарулеб зал, хIатта ХIалиматицаги лъималазги гIумру гьабун бугеб минагицин васасул букIин.

Ахираб заманалда мех гьоркьоб ккун магIишаталъул буголъиялдаса цIикIкIараб къадар гIарцул камизе байбихьана. АхIмад ургъалилъе ккана: «ВахI, дун мекъи ккезе рес гьечIо, сейфалъул кIулги дихъ буго, тIагIунеб гIарацги буго… ГьадигIан дун хирияй Пазилатицаги дие рекIкI гьабизе рес гьечIо. Гьай рокъой цIогьор гуро. Дун гьалда божула» - ян жиндиего ракI-макI гьабизе лъугьана гьев.

Цо сордоялъ цудунго кьижизе бусаде вахарав АхIмад, кигIан хIаракат бахъаниги, макьуги бачIунарого вукIана. Циндаго гьасда халлъана, лъади жиндир костюмалъул чантиние яккулеб гIадаб хваши. ХIатIил сас бахъинаредухъ лъади араб рокъове лъугьарав АхIмадида ракIалде ккана жиндир беразда бихьулеб жо макъу батилилан. Рагьун сейфгун, жаниса босун гIарцул кверги цIун, гьеб рахазе квалквадулел ругоан. АхIмадица рарал меседил баргъичазул цIурал Пазилатил кверал…

***Хунзахъ район,***
***ЧIондокь росу.***

## ЖАНА - ПАТIИМАТ

Бицун щиб, тун щиб, лъугьун буго гьадинаб иш. ВукIанила цо бечедав Къурбан абун цIар бугев чи. Гьесул букIун буго лъикIаб пихъил ах. Гьениб бижулареб пихъго букIун гьечIо: гени, гIеч, цIулакьо, жага ва цогидабги. Къурбанил йикIун йиго гьурмада меседил кьер бугей Жана-ПатIиматин цIар бугей, цIакъго берцинай яс. Гьелъ ретIунеб букIун буго миккидул меседил хъал. Гьелъул тIалаб гьабулей кумекчIужуги йикIун йиго рокъой.

Къурбан щибаб къоялъ унев вукIун вуго чанаве. Цо къоялъ чанаве арав гьев тIадвуссун гьечIо. Ун руго гьедин къоял, моцIал. Ахирги эмен рокъове вуссинчIелъул, гьесда хадур рахъун руго Жана-ПатIиматги, гьелъул кумекчIужуги. Нухда унаго, гьел щун руго цо борхатаб магIарде. Гьениб гьезда батун буго гьитIинаб рукъги жанив цо херав чиги. Херасда гьез цIехон буго: гьаниса гIебеде цо чи вихьичIищан, гъажалда туманкIги бан унев. Херас абула: вихьизени вихьичIин, амма дица абураб нухалъ ани, нужеда гьев я хварав я чIагояв ватизе вугилан. Гьаб нухккун битIун унаго, кIийиде нух бикьулеб бакIалда, нуж айин гъоркьияб нухдасан. Гьенисан унаго нуж щвезе ругин цо кIудияб майданалде. Майданалъул рагIалда батизе бугин кIудияб мина. Минаялъул бищун гъоркьехун бокIнилъ бугеб рокъов нужеда ватизе вугин цо гIолохъанчи. Я хварав, я чIагояв гьес гьев чи щвезавизе вугилан. Доре щваралго, нуж цIакъ цIодорго рукIайин, гьев къватIиве араб мехалъ, добе щвезе буго аздагьо. Гьеб рокъобе баккарабго нужеца ГIали вачIунев вугилан – гьев гIолохъанав чиясда Жунтул-ГIали цIар бугилан.

Ун руго гьенисан Жана-ПатIиматги кумекчIужуги херав чияс малъухъе Жунтул-ГIалихъе. Гьев рагьда ватун вуго, щунусго пудгIанасеб гамачI эхеде рехун, кодобги ккун. ТIаде рачIунел руччабиги рихьун, гIодоб гамачIги лъун, рокъоре рачун руго. Гьоболлъиги гьабун, гьезда цIехон буго: «Нуж кирехун унел ругел? Щиб нужее хIажатаб жо? Щибизе нуж дихъе гьанире рачIарал?»

Жана-ПатIиматица абун буго: «Дир эмен чанаве аралъуса нахъвуссинчIо, лъагIел ана гьелдаса нахъе. Нижги гьесда хадур рахъун гьале моцI гIолеб буго. КигIана валагьаниги ватулев гьечIо». «Гьеб бигьаяб иш. Нуж гьаниса къватIире рахъунге» - ян гьаздаги абун, чуги кьолон, гьаваялде гIадин ун вуго Жунтул-ГIали Жана-ПатIиматил эмен валагьизе. Лъабго къо арабго баккун буго задагьо гьал ругеб рокъобе. Гьелъ нуцIа рагьулеб мехалъ Жана-ПатIиматица ахIун буго Жунтул-ГIали вачIунев вугилан. Аздагьо гьури гIадин лъутун анила къватIибе. Гьелда хадуб ун буго моцI. Цо къоялъ къватIие яккарай Жана-ПатIимат, кIалтIа чIун батараб аздагьоялъ хъамун ун йиго.

КумекчIужу гIемер гIодиялъ канлъиги тIагIун бусада ккун йикIун йиго. КватIичIого щун руго Жунтул-ГIалиги Жана-ПатIиматил эменги чуяздаги рекIун. Жунтул-ГIалица кумекчIужу унтун ятидал абун буго: «Щай гьадаб хъутугъалъуса дару босун гьекъечIеб?» - абун. Босун гьес дару гьекъезабураб мехалъ, гьей сахлъун йиго, беразулъе канлъиги бачIун буго. ЦIехон буго гьес

кие Жана-ПатIимат арайилан. Бицун буго кумекчIужуялъ: цо анкьалъ цее, гьей къватIие яхъарайго, аздагьоялъ хъамун анилан. Жунтул-ГIали, босун хвалченгун, чодаги рекIун, вахъун вуго къватIиве Жана-ПатIиматида хадув. Гьений яс ятичIелъул, Къурбанги, кутакалда пашманлъиялъ, бусаде ккун вуго.

Щун вуго Жунтул-ГIали кIудияб майданалде. Гьениб аздагьоялъул лъалкIги ясалъул магIил хIорги батун буго. Гьес ясалъул магIуялъ гьумер чурун буго. Жунтул-ГIалил гьурмада меседил кьер рещтIун буго. Бералги лъугьун руго анкьго мегIер бахун доб рахъалдаги бугеб жо бихьулел гIадал. Аздагьоялъул лъалкIда хадув арав гьав щун вуго гьелъул рукъалде аскIове. Гьеб къоялъ Жана-ПатIимат йиччан йикIун йиго аздагьоялъ иццухъе. Иццухъе гьай щолеб мехалъ, гьалда вихьун вуго жиндирго гIадаб гьурмал кьер бугев гIолохъанав вас вачIунев. Жана-ПатIиматица абун буго: «ГьедигIан узданав мун киса гьаниве вачIарав? Кин бугониги нахъе а гьаниса! Аздагьоялда вихьани, гьелъ мун чIвазе вуго» - илан. ГIолохъанчиясги абун буго: «Мун кин гьаниве ккарай? Дун дуда хадув вачIарав вуго». Гьеб мехалъ Жана-ПатIиматица гьикъун буго: «Мун Жунтул-ГIалийин гурищ кколев?» - абун. «У» - йилан жаваб кьола гьес. «Кинха дур меседил кьералъул гьумер лъугьараб? ГIадан валагьизе хIинкъараб гьумер букIана гури дур?» - илан цIехон буго Жана-ПатIиматица. «Дица дур магIуялъулъ чурана гьумер, гьелъ меседил кьер рехизабуна дир гьурмаде» - илан жаваб кьун буго Жунтул-ГIалица. «Кин бугониги нахъе а гьаниса, гурони аздагьоялъ чIвазе вуго мун» - илан гьардон йиго гьей гьесда. «Дун дуда хадув вачIун вуго. Мунги гьаний тун, хун гурони гьаниса нахъе инеги гьечIо», - ян жаваб кьун буго гьесги. ГIодорги чIун хабар-кIалалда гьел ругеб мехалъ бачIунеб бихьун буго аздагьо. Гьелъул букIуна анцIила микьго бетIер. Жунтул-ГIалиги Жана-ПатIиматги рихьаралго, кIалдисан цIаги парулаго, гьазде аскIобе гIагарлъулеб букIуна гьеб. Аздагьоялде данде уна Жунтул-ГIали. Гьев гIолохъанчи Жунтул-ГIали вугеб лъараб мехалъ, хIинкъиялъул кутакалъ, анцIила анкьго кIалдисан цIа пирхун буго, цо кIалдисан дагьа-дагьаб кунчIи бачIунеб букIун буго.

ХIинкъулареб ххвелги гьабун, аздагьоялъ абун буго: «Мун гьелъул вац ватани, дица дуда цебе лъезе буго лъабго масъала. Дуца гьезие жаваб кьуни, дуе дурго яц щвезе йиго». Жунтул-ГIали гьелда разилъун гьечIо. Гьес абун буго: «Дие дур масъалаби хIажат гьечIо, дуца кьолей ятани кье дир йокьулей. КьечIони дица хIалица яхъила гьей». «Гьедин батани нилъ гугаризе руго», - ян абун буго аздагьоялъ. «Гьеле гьеб буго диесеб масъала», - ян разилъун вуго Жунтул-ГIали. Иццухъа Жана-ПатIиматги ячун лъабалго ун руго маххул гьоцIире. Гьенире щвараб мехалъ аздагьоялъ абун буго гьанже нилъ гугаризе ругилан. Гугарулеб мехалъ кIиязго дунял багъаризабулеб букIун буго. Жунтул-ГIалица аздагьо рачлихъе щвезегIан ракьулъ къазабун буго. Гьенисаги борчIун аздагьоялъ гьев накалде щвезегIан  къазавун вуго ракьулъ. Хадуб Жунтул-ГIалица аздагьо къазабуна ракьулъ щокъробе щвезегIан. Цинги гьес кьаб-кьабураб хвалчаца аздагьоялъул киналго бутIрул къотIула. Чода тIад, цере-нахъаги рекIун, гьел кIиялго рокъоре тIадруссуна. Рокъор ратула кумекчIужуги Къурбанги. Эмен ясалда берчIварабго кутакалда вохула.Ункъалго щола анкьго мегIерги бахун доб рахъалда бугеб Къурбанил азбаркъоноялде. Азбаралда батула лъабго борохь. Ахикь батун гьечIо щибниги пихъ. Жунтул-ГIалица борхьазда абун буго: «Нуж лъица гьанире ритIарал?» - абун. «Гьаб рукъ нужее бугилан меседил гьумер бугей ясалъ кьуна нижее», - ян абун кIу-

дияб борхьица. Гьав уна борхьазде тIаде. Лъабабго борохь лъутун борчIула. Лъабго къоялдаса Жунтул-ГIалиги Къурбанги уна чанаре. Гьел тIадруссиналде борхьаз хъамун ун ятула Жана-ПатIимат.

Жунтул-ГIалица абула Къурбанида: «Мун гьанив чIа, дун Жана-ПатIиматги ячун, хехго тIадвуссина», - ян. Уна гьев мегIер тун, ралъад тун, майдан тун, щола цо борхатаб гохIде. Гьасда вихьула лъабго чи вачIунев. Жунтул-ГIалида гьез гьикъула, мун кин гьаниве щваравин, гьанибе жеги боржунеб хIинчIцин щун букIинчIин. Гьасги абула: «Дир абурай яс борхьаз хъамун ун йигилан, гьелда хадув живги вахъун вугин. Нужеда гьей йихьичIищин. Гьез абула, гьаб мегIерги тун доб рахъалда ралъдал рагIалда бугин борхьазул мина. Воре цIакъ цIодорго вукIайин, нижги хIалица лъутун рорчIанин дораса.

Жунтул-ГIали уна нухлулаз бихьизабураб бакIалде. Йихьула борхьазда гьоркьой Жана-ПатIимат. Жунтул-ГIали бахъун хвалченгун тIаде уна. Бищун кIудияб борохьалъ абула, мун киса гьаниве щваравин, гьанже гьаниса нахъе дур рухI гьечIилан. ТIадеги кIанцIун, гьес кIудияб борхьил бетIер къотIула. Цинги хутIараб кIиябго борохь бортула гьасде. Жунтул-ГIалица кьабураб хвалчаца кIиябго борохьги чIвала.

Жунтул-ГIалиги Жана-ПатIиматги нахъруссунеб мехалда ратулаё нухда Жунтул-ГIалида дандчIварал лъабавго нухлулав. Чодасаги рещтIун Жунтул-ГIалица гьезда къвалги бан абула: «Нужеца дие гьай ятизе кумек гьабуна, нуж дир берталъе рачIинчIого рес гьечIо», - ян.

Росулъе гьел щвараб мехалъ эменги кутакалда вохун вуго. Гьабун кIудияб бертингун Жана-ПатIиматги кьун йиго Жунтул-ГIалие.

***Бицана ЦIунтIа районалъул Мокъокъ росулъа***
***ГIиса ГIабдулаеваc.***



**ГӀарип РАСУЛОВ**

## «МУГО ВЕЦЦИЗЕ БОКЬАНИ...»

ЦӀадулав инсанилан, жигарав хӀалхьи лъаларев гӀаданилан абулаан магӀарулазул пагьму-гьунар тӀокӀав хъвадарухъан МухӀамад Сулимановасде.Ункъо соналъул ВатӀанияб рагъул боркьиги кьогӀлъиги нахъа таниги гӀемерал гӀолилалцин рухӀдаллъун рукӀунаан МухӀамадил хӀаракаталда.

Цо нухалъ гьес копоего гӀадин бицана:

- Гьал къватӀул гьекъолдухъабаца чамго нухалъ дир дачаялъул нуцӀа бекун батана. Щай? Гьекъолеб жо балагьизе. ХӀалкъарав дица, дир нуцӀиданиги гурхӀилилан, гӀаркъил шишаги ччугӀил кескалги холодильникалъур лъуна ва тӀомгӀанасеб кагътида хъвана: «Ле, нуж рохун таял гьалбал, кӀалтӀа тӀамураб хӀатӀалрацӀцӀалда гъоркь лъун буго кӀулги, жаниб гъалмагъар гьабичӀого, унелъул, батараб къагӀидаялъ рахан те нуцӀа».

Чамго къоялдасан дун дачаялде щвана. Столалда тӀад бугоан чӀахӀа хатӀалъ хъвараб тӀамач. Гьелда хъван бугоан: «Мун гӀумруялдаса вохун таяв хъвадарухъан, нижеда лъала мун сахаватав, рес бугев чи вукӀин. Амма вихьула мун къарумлъун вукӀин. Кибе араб доб цӀваби гӀемераб коньякги багӀараб ччугӀил чӀегӀерхоноги? РакӀалде ккола хадусеб нижер сапаралда гьез дандчӀвай гьабилилан».

## ТОХТУРАСУЛ МАЛЪИ

Аваразул машгьурав шагӀир ХӀажи Гъазимирзоевас рицунел харбаз лазат кьолаан гӀенеккаразе. Живго Расул ХӀамзатовасцин бицине тӀамулаан гьев гӀумруялда ккарал лъугьа-бахъиназул хӀакъалъулъ.

Таманаб заман гьоркьоб ун ХӀажида гьикъардана дун. Сундасаго цебе гьев зигардана ахираб заманаялъ жив цӀакъго виццалъулев вугилан.

- Дур гІемерал лъалел тохтурзаби гьечІищха, ХІажи, - илан дица гьитІинабго малъа-хъвай гьабуна гьесие. – Гьезда дандбайха: щиб кин гьабилебали.

Гьелдаса хадубги моцІгІанасеб заман ана. Гьесие рецептал кьурав тохтур СагІитица бицана:

- Дица ХІажида абун букІана гІемер хьвадейин, цо-цо шиша бетараб рахьдалги гьекъейин абун. Гьес щиб гьабулеб батараб? Радал гІорцІизегІан гьангун хинкІалги кванан, тІаде бетараб рахьдал шишаги гьекъон, машинаялда рекІун сваказегІан сверулев вукІун вуго. Гьедин гІадан хІалакълъилищха? Гьабизе кколеб къагІида дица бичІчІизабидал, ХІажица дун квер хьвагІун тана.

## ГІАДАНЛЪУН РИКІКІАНА

Лъабкъоабилел соназул ахиралда гІемерлъун рукІана Болгариялъул Родоп округалъул делегациябиги нилъер вакилзабиги цоцахъа гьоболлъухъ хьвади. ГІемерал соназ журналистлъун хІалтІарав ГІабдулаги, къватІисеб улкаялдаса гьалбалгун цадахъ, Дагъистаналъул районал сверизе ун вукІана. Гьес, цоцазул хІурматалъе нугІлъун букІине, родопалъуласулгун тІагъур хисун букІана.

Цо пуланаб росулъе рачІунелъул ГІабдула делегациялда цевецеве унев вукІана. Районалъул майданалда, бухулеб къалигун къвакъвадулеб зурмагун дандчІвай гьабулеб букІана гьезда. ТІоцебе, къвалги бан, районалъул хІакимас, гьаракь борхун, ахІана: «Добре дошли, другари!» - йилан. Гьайгьай, журналист анкьзобалазде вахун вукІана, ракІалдаго гьечІого гьесие гьабураб хІурматалъ. Районалъул хІакимасда ккун буго ГІабдула вугин бетІерав гьоболин. Вохиялъги чІухІиялъги гІорцІарав журналистасул гьаракь борхун буго гьениб.

## МАЛЪАРУХЪАН

Кутакаб драма хъван бугин жинцайилан театралде вачІанщинахъе пударулев вукІунаан Ибрагьим. Гьесул ракІчІей чІалгІарав бетІерав режиссерас гьев ахІана жиндирго «гІакъилаб пьеса» коллективалъе цІализе. Гьаракь битІиялъе лъимги гьекъон, Ибрагьимица пьеса цІализе байбихьана ва щибаб лъугьа-бахьин артистазе баян гьабизе жувалаан.

- Гьаб бакІалда балагьараз кутакаб хъатчІвай гьабизе ккола, - ян гІенеккаразе баян кьолаан пьесаялъул мухъал цІалулаго гьес. – Гьаб бакІалда роржун рачІине ккола сценаялде самолетал. Доба нахъасан бачІуна лъабго яги ункъо танк. Гьаб бакІалда ралагьарал гьештІезе ккола. Гьанир киналго релъанхъула…

Гъасул чIорогоял баянал чIалгIарал артистал рази гьечIого хъудана. Вахъун вачIана цо херав актер:

- Ле, Ибрагьим, гьаб бакIалда дуца гьеб дурго гIахьучIги лъугIизе тола ва берцинго галабиги росулаго театралдаса нахъе инеги ккола.

## МУСТАХIИКЪАБ ЖАВАБ

Нилъеда лъалаха, Хрущев бетIерлъуда вугеб мехалъ кваназе гIорцIизегIан я чедцин щолеб букIинчIеблъи.

Цо къоялъ бакъанида дихъ рещтIана росулъа вачIарав кIиго гьобол. Рокъой хъизанги гьечIого, дунго лъугьана гьезие чайниги хIадуризе. Лъадиялъ гьеб лъураб бакIги лъаларого, таманабго заман ана гьеб балагьулаго. Гьоркьосанго гьезул шуршудиялъулъ дида рагIана: «Гъаз чай чакар жанибе бандай гьекъола?» – ян цояс цоясдехун абулеб. Дицаги гьезда абуна:

- Нижер гьаниб чакарги ракIалда чIезабун гьекъола чай.

## РАКIАЛДЕ ККУН

Хъвадарухъан ва журналист Дмитрий Трунов вукIана махсарахочIалъул чи.

Цо нухалъ нижер лъабго-ункъояв щвана къаде кваназе ресторуналде. Гьенив, живго цохIо янгъизго, столалда нахъа гIодов чIун вугоан Трунов. Гьеб букIана лъабкъоабилел соназул хаслихълъиялъул къо. Труновас нижееги гIураб квана-гьекъолеб жо бачIинабуна. Цо заманалдасан Дмитрий Иванович гIодизе лъугьана ва щурун абуна: «Хъурумсахъаз Лулумба чIван рагIула».

- Дуе гьелъул бугеб ургъел щиб, Дмитрий Иванович? – ан гьикъана дица. – Дуе гIагарав, гIунтIарав гьечIелъул гьев.

- Дидасаги гьитIинав вукIун вуго гьев, - абун бералги рацIцIунаго, жаваб гьабуна гьес. Цинги, къокъабго лъалхъиялдаса хадуб, рукIалидеги вачIун, гьес тIадеги жубана: - Досулни дие ургъел гьечIоан, додинаб ахираталъул къо дидеги бачIинин ракIалде ккун къварилъана дун.

## АРБА НИЛЪЕЕ ЩАЙ?

Дол церегIан соназда Дагъистаналъул радиоялъул бетIерлъун хIалтIулев вукIана халкъияв шагIир Анвар Аджиев. Завхозлъи гьабулеб букIана ригьалдаса арав, лъай дагьав СалихIица.

Цо нухалъ кагътalги рега-ритIулаго, гьезда хъваралъул тIубараб магIнаги бичIчIуларого, коридоралдасан ккун унев СалихI лъалхъизавуна радиоялъул музыкаялъул бетIерав редактор, кIудияв махсарачи Владимир Сперанскияс.

- СалихI, ургъел чIварав гIадин вихьула гури мун, щиб ккун бу-геб?

- Валлагь, Володя, дида ккинго бичIчIуларо, щай Москваялъ нилъее арба (гьоко) битIун бачIарабали. Багьаги буго гьелъул зодихъе бахараб.

- БитIараб буго, нилъее хIажат гьечIо гьеб арба, - абун, сихIирго гьимана Сперанский.

- Гьедин дица бетIерасдаги абила, - ян СалихI таваккалго цевехун ана.

Аджиевасде тIаде унаго, гьас рахIатхун, абуна:

-  Гьаб арба нилъее щай? – абун.

- Кинаб арба? Нилъее хIажатаб жо гуро гьеб.

Гьеб параялъго тIаде вачIана Сперанский.

- Гьал документалги гьеб арбаги нахъбуссинабизе а-я, СалихI.

- ЧIа, чIа, чIа, Анвар ГIабдурашидович, - ан гьазул харбилъ жувана бетIерав редактор ва жиндиего хасиятаб гьимигун гьев столалде цевегIан къана. – Дица СалихIие махсара гьабун букIана. Гьеб арба гуро, Анвар, гьеб арфа буго, музыкаялъул гьаракь берцинаб алат. Щуго соналъ нилъеца Москваялда гьарараб ва гьанже оркестралъе бачIараб арфа буго гьеб.

## ГЬУНАР ТIОКIАЛ

Мунагьал чураяв Тажудин Таймасхановги, Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамадги, дунги Москваялъул Литературияб институталда цIалулеб мех букIана. Гьенир ниж цадахъ гIодорги чIун, профессор Ереминил Пушкинил хIакъалъулъ бугеб хасаб дарсихъ гIенеккун рукIана. Гьебги лъугIун, профессорас суалазе заман кьуна. Къокъаб лагаялъул Тажудиница гьикъана:

- ХIурматияв профессор, дида рагIана Пушкинил лагаялъул халалъи метрги бащдаб гурони букIинчIилан. БитIараб бугищ гьеб?

- Суал кьолеб мехалъ, бетIерхъахIав гIолилав, тIаде вахъине ккола.

Гьеб параялъго, тIадеги вахъун, ГIабасил МахIамадица абуна:

- Гьав эхетун вуго, профессор, - абун.

- Дуеги квеш букIинароан тIаде вахъани.

Гьаниб бачIараб суал якъинаб жавабалде сверизабизе дицаги ахIизехъин букIана, амма профессорас гьебго жо дидаги абизе гурилан, рекIеда ватун, гIенеккун чIана.

- ГIурусазул адабияталъул бакъ А.С.Пушкин нужедаса къокъав вукIанин абула… Аби буго некIсиял греказул гIакъилзаби Пифагор, Сократ, Аристотель, цIияб тарихалда Наполеон, Ленин ва гь.ц. лагаялъ къокъал  рукIанилан…

Дица Тажудинидехун шурана:

- Поофессорас дур цIарги рехсана, - ян.

- Дунги Наполеон вугелъулха, - абун гьуинго каранда кверги бахъун, гьимулаго гIодов чIана Тажу.

## КIОТИНАЛДАСА ВИГЪА

ГIадамаз абулеб букIана: Рашидил гIадал щвалде щварал, релъаби рекъон ккарал суратал рукIинчIин магIарухъ тIалъиялда. ХIакъикъаталдаги гьесул суратал рекIелъе бортулеб хаслъиялъул асарал рукIана.

Махщел цIикIкIанагIан, устарлъи камиллъанагIан суратчиясухъе хьвадулелги гIемерлъана. Гьезда гьоркьоса гIемерисез гьасул мастерскоялде цадахъ гьекъезе жо босун бачIунаан. Дагь-дагьккун лъикIав художникасул пагьму-гьунар загIиплъизе лъугьана. Рашидги гьекъолдиялде тIубанго ругьунлъана. ЦIикIкIараз бадирчIваял гьарулаан, гIисиназ махсароде кколаан. Гьасул къадру-къимат хIатIикье рехараб туртил багьаялде ккана. Гьеб кинабго чIалгIарав гьасул имгIалас гIагарлъиги данде гьабун, гьев гьедизавуна, гьекъолеб жо тезе. Киналго разилъун гьелда ишги лъугIана.

Чанго къоялдасан гIолохъабаз туртидаги лъун, восун вачIана мехтарав художник рокъове.

Радал гьасда тIадеги къулун гIодулей эбелалъул магIу, гьурмаде тIинкIун, гьав ворчIана.

- Я дир васха, дур гьа кибе араб? Кьураб рагIигийищ кIочон тараб? – абун, эбелалъ кIазил рагIалалъ магIу бацIцIунеб букIана.

- Эбел, дуде ургъел ккоге, гьаб дир гьекъел гуро, гIурусаз абухъе похмел буго.

- Воре, воре, дир вас, гьекъолеб мехалъ мунго вачIунаан рокъове. Гьеб дур похмелалъ восун вачIунев вуго мун.

## ЧУРПАДУЛ ЦОЙГИ ГЕЛ

Болгариялде щведал нижеда бицунеб рагIана: киналъего цIуна-къай бугел махсарачагIазул тахшагьар бугин Габрово. Гьенире щведал нижеегоги якъинлъана гьеб бицен. ХIата, хасало рокъоса гIемераб хинлъи къватIибе инчIого букIине кутузул рачIалцин къотIун ругоан гьез, щай гурелъул, кето къватIибе унелъул гIемераб мехалъ нуцIа рагьун течIого букIине.

Радалалдаса нахъе шагьаралдаги сверухълъиялдаги тирун, къаде кваназе ресторанparam руссана ниж. Гьаниб щибаб столалъул рагIалда лъун бугоан чурпадул хьаг. Амма жидецаго тIечIого букIине гел лъун гьечIоан. Заманалдасан, гIедерго галабиги росулаго, нижер столалда аскIове вачIана официант, гьесул хьатиниб кьурдулеб бугоан гугьар рехараб гелги. Гьес, жиндирго гIадаталда, цо гьадринибе цо гел цIураб

гурони чурпа тIолеб гьечIоан. Циндаго дир рекIелъе кIанцIун бачIана магIарулазул аби: «БетIергьан сихIирлъун - хинкIал гIисинал гьарун, гьобол сихIирлъун – кIи-кIи кIалдибе рехун».

АскIове щведал, гьес чурпа тIелалде дица къунтI цIамул дирго гъадринибе ккезабуна.

- Дуца гьабулеб щиб другар? Чурпаялда гIураб цIам буго, - ян хIикмалъун, гьаракь кIанцIана гьесул.

- Чурпаялда гIураб цIам букIаниги щиб, дуца гьеб гIезегIан тIолеб гьечIелъул. Гьадин цIам цIикIкIун бугони, дие ччузениги гIела гьаб…

Официантасда бичIчIана кинабго ва кIиго гел цIураб чурпа тIуна дир гъадринибе.

## РЕЛЪАНХЪИЯЛЪУЛ КЪУВАТ

Болгариялъул релъанхъиялъул тахин тараб Габровалда буго кIудияб мина. Гьеб минаялъе ва гьенир лъугьунел ишазе нухмалъи гьабулев НикIалай Стояновас хIурматалда къабул гьабуна нилъер делегация. Гьес бицана щибаб соналъ гьаб минаялъуб тIобитIулин халкъазда гьоркьосеб махсарабазул къец.

- Я вацха НикIалай, гьадинаб хIурматияб, цIар араб минаялъе ремонт щайха гьабулареб? Къадал руго кьватI-кьватIун, гIенкелебги рагIула гьаб, - абун гьикъана дица.

- Дагьаб цебегIан гьаниб букIана иргадулаб къец. ГIахьалчагIазул релъанхъиялъ гьабун буго гьеб гьедин, - абун гIодовиччан жаваб кьуна гьес. – Нижги хадур гIунтIулел гьечIо щибаб нухалда релъанхъиялъул данделъиялдаса хадуб мина къачIазе… Гьадинги лъалеб гьечIищха кинаб мина гьаб бугебали.

Гьанире щваразул гьурмазде гьимиялъул гIаламат рехула жибго гьаб мина бихьидал.

**ЖУЖАХIАЛЪУЛ ЦIАДАСА ЧИ**

Дарман тIагIарав гьардухъан бечедал чагIазул кавудахъа щибго кьечIого нахъе къотIула. Нахъе унелъул гьес гIодоса босула тIаса кванан къотIнобе рехараб хъарпузалъул хъал. Гьелда хутIараб гьитIинабго багIарлъи кваназехъин вукIарав гьардухъан гордухъе яккарай рукъалъул бетIергьанчIужуялда вихьула. «Ле, мун киса?» - ян ахIдола гьей. «ЖужахIалъул цIадаса вуго!» - ян данде жаваб гьабула ццидалъ вугев гьардухъанас. «Дир эмен вугищ гъова?» - ян гьикъула гьелъ. «Вуго», - ян абула гьес. «КингIаги гьев вугев?» - ян гьикъула нахъеги «жужахIалъул цIадав эмен вугей» ясалъ. «Я ретIине ретIел-хьит, яги квен-тIех гьечIого кигIанги квеш вуго», - ян жаваб кьола гьардухъанасги. Рокъове жанивеги ахIун, гьардухъан хулжал цIураб хьит-партал, квен-тIех, гIарац-меседги кьун, нухда лъола гьей гIаданалъ, жиндир инсуе кьеянги абун. Гьев ун хадув рокъове щварав рос, ккараб-тараб лъараб мехалда, кьолон чугун гьардухъанасда хадув вортула. Гьев вачIуневги вихьун, дов гъотIоде вахуна. ГъотIода гъоркь чодасаги рещтIун, гьав досда хадув гъотIоде харулеб мехалъ, чол кьолониveги кIанцIун, гьардухъанас бихьулеб ракь тола. ГIундул рухараб гъвала гIадин, рокъове вуссарав росасде данде йортун, чIужуялъ гьикъула: «Дур барти кибе араб, хирияв?» - абун. «Дур эмен жужахIалъув лъелго хьвадулев вукIинги лъан, гьев рекIине битIана», - ян абула гьес.



**“МагIаруллъи”** Ибрагьим ГIабдулаевасул сурат

Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*Бац1ц1адаб маг1арул мац1,*
*Маг1наяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе «Гьудуллъи».*

*Нилъерго г1адат, г1амал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун ккве «Гьудуллъи».*

